O`ZBEKISTAN RESPUBLİKASI JOQARI HA`M ORTA ARNAWLI BİLİMLENDİRİW MİNİSTRLİGİ

A`JİNİYaZ ATINDAG`I NO`KİS MA`MLEKETLİK PEDAGOGİKALIQ İNTSİTUTI

Qol jazba huqıqında
UDK

**XUDAYBERGANOV RASUL ROMANBERGANOVICH**

# «Professor Xamid Ziyaevtin` O`zbekistan ha`m Orta Aziya tariyxin u`yreniwdegi u`lesi»

5A110601 - Tariyxtı woqıtıw metodikası

**MAGİSTR**

akademiyalıq da`rejesin alıw ushın jazılg`an dissertatsiya

İlimiy basshı:
t.i.k., prof. M.Tleumuratov

No`kis-2014

**Professor Xamid Ziyaevtin` O`zbekistan ha`m Orta Aziya tariyxin u`yreniwdegi u`lesi**


| | | |
|---|---|---|
| | **Kirisiw** | **3-7** |
| **I bap** | **Professor Xamid Ziyaevtin` O`zbekistan ha`m Orta Aziya tariyxin u`yreniwdegi u`lesi ha`m ilimpazlıq jolının` baslanıwı** | **8-25** |
| 1.1 | X.Ziyaevtin` o`mir jolı ha`m ilimiy xızmetleri | 8-16 |
| 1.2 | X.Ziyaevtin` O`zbekistan ha`m Orta Aziya tariyxin u`yreniwdegi u`lesi | 17-25 |
| **II bap** | **Sovet da`wirde X.Ziyaevtın` ilimiy xızmetleri ha`m miynetleri** | **26-72** |
| 2.1 | X.Ziyaev miynetlerinde A`yyemgi ha`m orta a`sir da`wirindegi Turkistan xali'qlari' g`a`rezsizlik tariyxi'ni'n` izertleniwi. | 26-51 |
| 2.2 | X.Ziyaev miynetlerinde Tu`rkistan jerlerinin` Rossiya tarepinen basi'p ali'ni'w tariyxi'ni'n` sa`wleleniwi | 51-72 |
| **III bap** | **G`a`rezsizlik da`wirinde X.Ziyaevtin` ilimiy xızmetleri ha`m miynetleri** | **73-83** |
| | **Juwmaqlaw** | **84-86** |
| | **Paydalanılg`an a`debiyatlar** | **87-88** |

## KIRISIW

**Temanın` aktuallıg`ı:** G`a`rezsizlikke eriskennen son` xalqımızdın` o`z eli, tili, ma`deniyatı, qa`diriyatların, tariyxın biliwge, o`zligin an`lawg`a qızıg`ıwshılıg`ı artıp barmaqta. Bul ta`biyiy jag`day. Adamzat payda bolg`annan baslap ata-babalarının` kimligin, na`sil-tiykarın, kelip shıg`ıwın, o`zi tuwılıp o`sken awıl, qala, qullası Watanının` tariyxın biliwdi qa`leydi.

Ha`zir O`zbekistan dep atalıwshı territoriya, yag`nıy bizin` Watanımız tek g`ana Shıg`ıs emes, al jer ju`zilik tsivilizatsiya oshaqlarının` biri bolg`anın du`n`ya moyınlamaqta. Bul a`yyemgi muqa`ddes topıraqtan ullı allomalar, alımlar, ulamalar, siyasatshılar, sa`rkardalar jetilisip shıqqan. Diniy ha`m du`n`yalıq ilimlerdin` tiykarları usı ortalıqta payda bolg`an. Miyrimsiz da`wir sınawlarınan aman qalg`an, en` a`yyemgi tas jazıwlardan baslap, kitapxanalarımızda saqlanıp atırg`an 20 mın`nan artıq qol jazba, olarda ja`mlesken tariyx, a`debiyat, ko`rkem-o`ner, siyasat, a`dep-ikramlıq, filosofiya, meditsina, matematika, fizika, ximiya, astronomiya, arxitektura, diyxanshılıqqa tiyisli on mın`lag`an shıg`armalar tawsılmas ruwxıy baylıg`ımız, maqtanıshımız. «Miymandoslıq, ken`peyillik, jaqsılıq ha`miyshe o`zbek xalqına ta`n pazıylet bolıp keldi. Xalqımız hesh qashan basqa xalıqlarg`a dushpanlıq keypiyatta bolmag`an. Bul a`yyemgi ha`m ha`zirgi tariyxımızdan alıng`an ko`p g`ana mısallar menen da`lillengen»[1].

Ata-babalarımızdın` a`sirler dawamında toplag`an turmıslıq ta`jiriybeleri, diniy, a`dep-ikramlıq, ilimiy ko`z-qarasların o`zinde ja`mlegen bul qol jazbalardı juwapkershilik penen teren` u`yrenetug`ın da`wir keldi.

O`zbekistan Respublikasi’ g`arezsizlikke eriskennen keyin o`tkendegi tariyxi’y protsestegi teren` izertlew tariyxti’ tarbiya isinin` belgili qurali’ si’pati’nda paydalani’wg`a u`lken itibar bermekte. Tariyx ha`m tariyxi’mi’zdi’ u`yreniw ma`mleketlik siyasat darejesine ko`terildi. Sovet dawirinde tariyxti’ izertlew islerinde ko`plegen islerdin a`melge asi’ri’li’wi’na qaramastan o`tmishke bolg`an ko`z-qaras burmalani’p, tariyxi’mi’zdi’n` ko`p maseleleri soni’n` ishinde Turkistan xali’qlari’ni’n` asirler boyi’ si’rt el basi’p ali’wshi’lari’na qarsi’

---

[1] Каримов И.А. Ўзбекистон мустақилликка эришиш остонасида. Т., 2001, 52-бет

jurgizgen azatli’q guresi burmalani’p ko`rsetilip kelindi. 1998-ji’li’ boli’p o`tken tariyxshi’lardi’n ji’ynali’si’nda Prezidentimizdin` shi’g`i’p so`ylegen so`zinde ha`mde oni’n «Tarixi’y xotirasiz kelajak yo`q» ilimiy miynetinde G`arezsizlik ushi’n ju`rgizgen azatli’q gu`reslerin tariyxi’y jaqtan duri’s ko`rsetiw ma`seleleri birinshi nawbette izertleniw kerek bolg`an ma`seleler qatari’na kiritildi. Bul masele, yagni’y g`a`rezsizlik ushi’n gu`res tariyxi’ orta ha`m joqari’ oqi’w ori’nlari’ni’n` O`zbekistan tariyxi’ sabag`i’nda en` a`hmiyetli tiykarg`i’ temalardi’n birine aynaldi’. Ha`r ji’li’ oqi’w ori’nlarda g`a`rezsizlik sabaqlari’ degen at penen sabaqlar o`tkeriw keyingi ji’llarda da`stu`rge aynaldi’[1].

**İzertlew ob`ekti ha`m predmeti:** O`zbekistan tariyxshi’ları o`zlerinin` jazg`an kitaplari’nda maqalalari’nda, kandidatli’q, doktorli’q dissertatsiyalari’nda azatli’q ideyalari’na, azatli’q gu`res tariyxi’na u`lken itibar berip, ko`plegen tariyxi’y shi’g`armalar do`retti.

**İzertlewdin` tiykarg`ı ma`seleleri:** Bul tariyxi’y shi’g`armalar O`zbekistan xali’qlari’ni’n` g`a`rezsizlik ushi’n ali’p barg`an ko`p a`sirlik tariyxi’ ko`rsetilip berildi. Bul ma`selerdi izertlewge O`zbekistan tariyxshi’lari’ni’n` bir qanshalari’ ko`p ji’llardan berli ko`plegen miynetler etip, bir qansha maqalalar ha`m kitaplar jazi’p kelmekte. Sovet dawirinde de bul ma`seleler, yagni’y si’rt el basi’p ali’wshi’lari’na qarsi’ gu`res tariyxi’ anaw yaki mi’naw darejede u`yrenilip ko`plegen kitaplar ha`m maqalalar jazi’ldi’. Ilimiy konferentsiyalar o`tkerlildi. Biraqta bul mashqalalar ani’q faktlerge tiykarlani’p jazi’lmadi’. Tariyxi’y protsessler burmalani’p ko`rsetildi. Rossiyani’n basi’p ali’wshi’li’q qa`siyeti ken` ma`nide ko`rsetilmedi. Sol da`wirdegi kommunistlik ideologiya shen`berinde turi’p tariyxshi’lari’mi’z O`zbekistan xali’qlari’ni’n` tariyxi’ boyi’nsha ko`plegen ilimiy izertlew jumi’slari’n ju`rgizdi. Usi’nday tariyxshi’lardi’n` qatari’na O`zbekistan Respublikasi’ tariyx instituti’ni’n` professori’ O`zbekistanda xi’zmet ko`rsetken pa`n arbabi’, professor, Orayli’q Aziya tariyxi’ boyi’nsha u`lken qa`niyge X.Ziyaev boli’p esaplanadi’. Ol 1946-ji’ldan baslap usi’ ku`nge shekem O`zbekistan Ilimler Akademiyasi’ tariyx instituti’nda u`zliksiz islep kiyati’rg`an

[1] Каримов И.А. Тарихий хотирасиз келажак йўқ. Тошкент 1998., 12-бет

belgili tariyxshi’lari’mi’zdan boli’p esaplanadi’. Ol o`zininin` da`slepki ilimiy jumi’slari’n Tu`rkistan xali’qlari’ni’n` milliy azatli’q gu`resleri tariyxi’n izertlewge bag`i’shladi’. 1950-1954 ji’llarda usi’ institutti’n` ilimiy xi’zmetkeri boli’p isledi. 1953-ji’li’ SSSR Ilimler Akademiyasi’ shi’g`i’stani’w instituti’nda «Shi’gi’s Tu`rkistanda 1826-ji’lgi’ «Xali’q qozg`alan`i’» degen temada dissertatsiya jaqladi’. 1964-ji’li’ XVI-XIX a`sirlerde Orta Aziya Sibir ilimiy shi’g`armasi’ boyi’nsha doktorli’q dissertatsiyasi’n jaqladi’. Ol o`zinin` ko`p ji’lli’q xi’zmetlerinde Orayli’q Aziya xali’qlari’ni’n` XVI-XX a`sir tariyxi’n u`yreniwge u`lken itibar berdi. Ko`p sanli’ shi’garmalari’nda usi’ dawirdin` tariyxi’n izertlew ushi’n ko`plegen arxivlarda ha`m kitapxanalarda jumi’s islep tariyxi’mi’z ushi’n buri’n belgisiz bolg`an ju`da ko`plegen tariyxi’y derekler tapti’ ha`m ilimiy aylani’sqa engizdi. Solardi’n` arasi’nan O`zbekistan Respublikasi’ni’n` Orayli’q Ma`mleketlik arxivi oni’n` shi’g`armalari’ni’n` negizin quradi’. Sonday-aq ol Rossiya Federativ Respublikasi’ni’n` ko`plegen arxivlari’nda boli’p, solardi’n arasi’nan Rossiya a`yyemgi hu`jjetler orayli’q ma`mleketlik arxivinan Moskva qalasi’nda, sonday-aq Sankt-Peterburg, Ufa, Kazan, Orenburg, Ervit, Podolskaya, Omsk, Tomsk, Perm`, Nijniy Novgorod, Astraxan qalalari’ndagi’ arxivlari’nda oti’ri’p, Orayli’q Aziya xali’qlari’ni’n` tariyxi’ boyi’nsha u`lken jan`ali’qlar ashqan ali’m boli’p esaplanadi’. Usi’ negizde ju`da` ko`plegen ilimiy jumi’slar, maqalalar jazdi’. O`zbekistanni’n` g`a`rezsizlik ji’llari’nda tabi’slari’na quwani’p, radio, televidenie arqali’, gazeta ha`m jurnallarda, kitaplari’nda azatli’q ideyalari’n tariyxi’mi’zdan izlep g`a`rezsizlik tariyxi’ boyi’nsha ju`da ko`p shi’g`armalar do`retpekte.

**Jumıstın` maqseti ha`m wazıypaları:** Biz bul jumi’si’mi’zdı jazarda O`zbekistan tariyxi’ boyi’nsha jazi’lg`an ko`plegen miynetlerden paydalana oti’ri’p, a`sirese professor X.Ziyaevti’n` jazg`an miynetinde Orayli’q Aziya xali’qlari’ni’n` ko`p a`sirler dawami’nda g`a`rezsizlik ushi’n ali’p barg`an gu`resler tariyxi’n ko`rsetiwdi o`z aldi’mi’zg`a maqset etip qoydi’q.

O`tmish bay ta`jiriybe deregi, adamlar onnan u`yrenedi, ta`jiriybege iye boladı ha`m onnan ilham aladı. Ha`zirgi ku`nde tariyxtı biliw ku`ndelik teoriyalıq ha`m a`meliy wazıypalardın` sheshimin tabıwda za`ru`rli qural esaplanadı.

**İzertlew na`tiyjelerinin` teoriyalıq ha`m metodologiyalıq a`hmiyeti:** Prezident İslam Karimovtın` miynetleri ha`m hu`kimetimizdin` qararları bolıp tabıladı. Bu`gingi ku`nde derektanıw ha`m tariyxtanıw dereklerin u`yreniw Qaraqalpaqstan tariyxı ushın u`lken a`hmiyetke iye bolıp esaplanadı.

**İzertlewdin` ilimiy jan`alıg`ı:** Magistrlik dissertatsiyanın` temasına muwapıq ha`m qoyılg`an aktual ma`selelerden shıg`a otırıp jumıstın` maqseti izertlewdin` metodologiyalıq ha`m teoriyalıq tiykarı ja`miyetlik turmıstın` qubılıslarına, milliy g`a`rezsizlik kontseptsiyasına ha`m onın` gumanistlik qa`driyatlarına, sonday-aq O`zbekstan Respublikası Prezidenti I.A.Karimovtın` miynetlerinde atap ko`rsetilgenindey aldımızg`a to`mendegi wazıypalardı qoydıq:

- Professor Xamid Ziyaevtin` O`zbekistan ha`m Orta Azıya tariyxin u`yreniwdegi u`lesi ha`m ilimpazlıq jolın izertlew;

- elimizdin` rawajlanıwında, jas awladtı elge, ilimge sadıqlıq, patriotlıq ruwxında ta`rbiyalawda, elimizdin` ruwxıylıq, ag`artıwshılıqtı bunnan bılayda teren`lestiriwde belgili ilim g`ayratkeri professor Xamid Ziyaev miynetleri u`lgisinde ko`rsetiw wazıypasın qoydıq.

**Dissertatsiya du`zilisinin` qısqasha xarakteristikası:** Magistrlik dissertatsiya kirisiw, 3 bo`lim, juwmaklaw ha`m paydalang`an a`debiyatlar diziminen ibarat.

Magistrlik dissertatsiya jumısı kirisiwden baslanıp, birinshi bo`liminde X.Ziyaevtin` o`miri ha`m onın` ilimiy xızmetleri haqqında so`z etiledi.

Magistrlik dissertatsiya jumısının` tiykarg`ı bo`liminde Xamid Ziyavtin` 2001 jılı «O`zbekstan g`a`rezsizligi ushın gu`reslerdin` tariyxı (bizin` eramızdan aldıng`ı a`sirlerden 1991 jıl 31 avgustına shekem)» degen miynetinen qısqasha u`zindiler keltirilgen. Bunnan basqa X.Ziyaevtin` o`zi do`retken ilimiy miynetleri dizimi keltirilgen.

Birinshi bap: Professor Xamid Ziyaevtin` O`zbekistan ha`m Orta Aziya tariyxin u`yreniwdegi u`lesi ha`m ilimpazlıq jolının` baslanıwı dep atalıp, onda 1.1.

X.Ziyaevtin` o`mir jolı ha`m ilimiy xızmetleri; 1.2. X.Ziyaevtin` O`zbekistan ha`m Orta Aziya tariyxin u`yreniwdegi u`lesi tuwralı bayan etilgen.

Ekinshi bap: Sovet da`wirde X.Ziyaevtın` ilimiy xızmetleri ha`m miynetleri dep atalıp, onda 2.1. X.Ziyaev miynetlerinde A`yyemgi ha`m orta a`sir da`wirindegi Turkistan xali’qlari’ g`a`rezsizlik tariyxi’ni’n` izertleniwi; 2.2. X.Ziyaev miynetlerinde Tu`rkistan jerlerinin` Rossiya tarepinen basi’p ali’ni’w tariyxi’ni’n` sa`wleleniwi ma`seleleri ko`rip shıg`ılg`an

U`shinshishi bap: G`a`rezsizlik da`wirinde X.Ziyaevtin` ilimiy xızmetleri ha`m miynetleri sa`wlelengen. Bul mag`lıwmatlardı ha`zirgi jan`a derekler tiykarında u`yreniw tiykarg`ı wazıypa bolıp esaplanadı.

Juwmaqlawda izertlengen tema boyınsha juwmaq islenip, pikir ha`m usınıslar berilgen.

Jumıstın` son`ında paydalang`an a`debiyatlardın` dizimi beriledi.

# I BAP. PROFESSOR XAMID ZIYAEVTIN` O`ZBEKISTAN HA`M ORTA AZIYA TARIYXIN U`YRENIWDEGI U`LESI HA`M ILIMPAZLIQ JOLININ` BASLANIWI

## 1.1 X.Ziyaevtin` o`mir jolı ha`m ilimiy xızmetleri

G`a`rezsizlik a`zelden insaniyattın` arzıw-u`mitleri, a`rmanların bildirgen. Insan ta`biyattın` bir bo`legi sıpatında xa`mme waqıt azatlıq ha`m erkinlikke umtılıp jasaydı. Sonın` ushın da insaniyat tariyxı tu`rli da`wirlerde jer sharının` barlıq aymaqlarında azatlıq ushın gu`res ha`diyselerin ko`p ko`rgen.

G`a`rezsizlikke erisiw ideyası xalqımızg`a a`zelden miyras, usı ma`qset xalqımızg`a a`wladlar arqalı mın` jıllıqlar boyı bizge jetip kelgen. Prezidentimiz I.A.Karimov «Ullı keleshegimizdin` huquqıy kepilligi» degen miynetinde o`zbek milleti a`zelden o`z pikir-zikri o`z keleshegi ushın gu`resip jasag`an. Milletimiz tariyxı haqqındag`ı haqıyqat, jurtımızdın` pidayı, o`z jolınan, so`zinen qaytpaytug`ın perzentlerine ashılıwı lazım. Biliwimiz sha`rt bolg`an tariyx betlerin qunt benen oqıw ha`mmemiz ushın ha`m qarız, ha`m parız degende biz o`zbek ha`m qaraqalpaq xalqın ko`zde tutamız.[1]

Turkistan o`zinin` keyingi bir yarım mın` jıllıq tariyxında barı jog`ı 376 jıl g`a`rezsiz jasag`an eken. Basqa payıtları basqınshılar zulımlıg`ı astında ku`n keshirgen. Usınnan ko`rinip turıptı, Turkistan tariyxıy rawajlanıwdın` ha`mme basqıshlarında ha`r tu`rli bo`liniwlerge, onın` xalqı o`zgeler ta`repinen kemsitiwliklerge duwshar bolg`an. Xalqımızdın` iran axemeniylerine, grek-makedoniyalılar zulımlıg`ına, arablar eziwine, mong`ol-tatar basqınshılıg`ına, tsarizm koloniyasına qarsı alıp barg`an milliy-azatlıq gu`resleri tariyx betlerinde o`z izin qaldırg`an. Jaqın tariyxımızda sovet ha`kimiyatı jıllarında O`zbekistannın` orayg`a qarsı milliy g`a`rezsizlikke erisiw ushın ga` ashıq tu`rde, ga` jasırın tu`rde gu`resler alıp bardı. Bir so`z benen aytqanda xalqımız a`zelden g`a`rezsiz, azat, erkin jasaw ushın tınımsız umtılg`an.

O`zbekistan tariyxshi'ları o`zlerinin` jazg`an miynetlerinde azatli'q ideyalari'na, azatli'q gu`res tariyxi'na u`lken itibar berip, ko`plegen tariyxi'y

[1] Каримов И.А. Уллы келешегимиздиң ҳуқықый кепиллиг. Т., 1995, 24-бет

shi’g`armalar do`retti. Bul tariyxi’y shi’g`armalarda O`zbekistan xali’qlari’ni’n` g`a`rezsizlik ushi’n ali’p barg`an ko`p a`sirlik tariyxi’ ko`rsetilip berildi. Bul ma`selerdi izertlewge O`zbekistan tariyxshi’lari’ni’n` bir qanshalari’ ko`p ji’llardan berli ko`plegen miynetler etip, bir qansha maqalalar ha`m kitaplar jazi’p kelmekte. Usi’nday tariyxshi’lardi’n` qatari’na O`zbekistan Respublikasi’ tariyx instituti’ni’n` professori’ O`zbekistanda xi’zmet ko`rsetken pa`n arbabi’, professor, Orayli’q Aziya tariyxi’ boyi’nsha u`lken qa`niyge X.Ziyaev boli’p esaplanadi’.

O`zbekistan Respublikasinda tariyx pa`ninin` rawajlanıwına, tariyxshı kadrlardı tayarlawda O`zbekstan Respublikasına xızmet ko`rsetken ilim g`ayratkeri, professor Xamid Ziyaevtin` miynetleri u`lken a`hmiyetke iye. G`a`rezsizlik jıllarında o`zbek xalqı tariyxının` ashılmag`an, elege shekem ilimge belgisiz betlerin ashıwg`a, u`lken monografiyalar jazıp, basıp shıg`arıwg`a u`lken u`lesler qostı. Ol 1923 jılı Tashkentte molla Ziyo shan`arag`ında tuwılıp, jaslıg`ınan tariyx pa`nine qızıg`ıp, mektepti pitirgennen son` Nizamiy atındag`ı pedagogika institutın pitkerip, o`z o`mirin tariyx pa`nin rawajlandırıwg`a bag`darladı.

X.Ziyaev 1946-ji’ldan baslap usi’ ku`nge shekem O`zbekistan Ilimler Akademiyasi’ tariyx instituti’nda u`zliksiz islep kiyati’rg`an belgili tariyxshi’lari’mi’zdan boli’p esaplanadi’. Ol o`zininin` da`slepki ilimiy jumi’slari’n Tu`rkistan xali’qlari’ni’n` milliy azatli’q gu`resleri tariyxi’n izertlewge bag`i’shladi’. 1950-1954 ji’llarda usi’ institutti’n` ilimiy xi’zmetkeri boli’p isledi. 1953-ji’li’ SSSR Ilimler Akademiyasi’ shi’g`i’stani’w instituti’nda «Shi’gi’s Tu`rkistanda 1826-ji’lgi’ «Xali’q qozg`alan`i’» degen temada dissertatsiya jaqladi’. 1964-ji’li’ XVI-XIX a`sirlerde Orta Aziya Sibir ilimiy shi’g`armasi’ boyi’nsha doktorli’q dissertatsiyasi’n jaqladi’. Ol o`zinin` ko`p ji’lli’q xi’zmetlerinde Orayli’q Aziya xali’qlari’ni’n` XVI-XX a`sir tariyxi’n u`yreniwge u`lken itibar berdi. Ko`p sanli’ shi’garmalari’nda usi’ dawirdin` tariyxi’n izertlew ushi’n ko`plegen arxivlarda ha`m kitapxanalarda jumi’s islep tariyxi’mi’z ushi’n buri’n belgisiz bolg`an ju`da ko`plegen tariyxi’y derekler tapti’ ha`m ilimiy aylani’sqa engizdi. Solardi’n` arasi’nan O`zbekistan

Respublikasi’ni’n` Orayli’q Ma`mleketlik arxivi oni’n` shi’g`armalari’ni’n` negizin quradi’. Sonday-aq ol Rossiya  Federativ Respublikasi’ni’n` ko`plegen arxivlari’nda boli’p, solardi’n arasi’nan Rossiya a`yyemgi hu`jjetler orayli’q ma`mleketlik arxivinan Moskva qalasi’nda, sonday-aq Sankt-Peterburg, Ufa, Kazan, Orenburg, Ervit, Podolskaya, Omsk, Tomsk, Perm`, Nijniy Novgorod, Astraxan qalalari’ndagi’ to`mendegi 25 arxiv ha`m muzeylerde oti’ri’p, Orayli’q Aziya xali’qlari’ni’n` tariyxi’ boyi’nsha u`lken jan`ali’qlar ashqan ali’m boli’p esaplanadi’:

1. A`yyemgi hu`jjetler Oraylıq ma`mleketlik arxivi (Moskva)

2. Tariyx muzeyinin` arxivi (Moskva)

3. Rossiya a`skeriy Oraylıq ma`mleketlik arxivi (Moskva)

4. Rossiya Sırtqı isler wa`zirliginin` arxivi (Sankt Peterburg)

5. Oraylıq ma`mleketlik tariyx arxivi (Sankt Peterburg)

6. Rossiya İlimler akademiyası arxivi (Sankt Peterburg)

7. Rossiya İlimler akademiyası Tariyx institutı Sankt Peterburg filialının` arxivi (Sankt Peterburg)

8. Saltikov Shedrin atındag`ı kitapxanasının` qol jazbaları fondı (Sankt Peterburg)

9. O`zbekstan Respublikası Oraylıq ma`mleketlik arxivi (Tashkent)

10. Qazaqstan Respublikası Oraylıq ma`mleketlik arxivi (Almatı)

11. Orenburg wa`layatı ma`mleketlik arxivi (Orenburg)

12. Tatarstan Respublikası Oraylıq ma`mleketlik arxivi (Qazan)

13. Qazan ma`mleketlik universitetinin` qol jazbalar bo`limi (Qazan)

14. Bashqurstan Respublikası Oraylıq ma`mleketlik arxivi (Ufa)

15. Ekaterenburg ma`mleketlik arxivi (Ekaterenburg)

16. İrbit ma`mleketlik arxivi (İrbit)

17. Tyumen` ma`mleketlik arxivi (Tyumen`)

18. Tobol`sk ma`mleketlik arxivi (Tobol`sk)

19. Tobol`sk u`lketanıw muzeyinin` qoljazbalar bo`limi (Tobol`sk)

20. Omsk wa`layatı ma`mleketlik arxivi (Omsk)

21. Tomsk wa`layatı ma`mleketlik arxivi (Tomsk)

22. Tomsk ma`mleketlik universitetinin` qol jazbalar bo`limi (Tomsk)

23. Per`m wa`layatı ma`mleketlik arxivi (Perm`)

24. Nijniy Novgorod wa`layatı ma`mleketlik arxivi (Noijniy Novgorod)

25. Astraxan` wa`layatı ma`mleketlik arxivi (Astraxan`)[1]

Usi' negizde ju`da` ko`plegen ilimiy jumi'slar, maqalalar jazdi'. O`zbekistanni'n` g`a`rezsizlik ji'llari'nda tabi'slari'na quwani'p, radio, televidenie arqali', gazeta ha`m jurnallarda, kitaplari'nda azatli'q ideyalari'n tariyxi'mi'zdan izlep g`a`rezsizlik tariyxi' boyi'nsha ju`da ko`p shi'g`armalar do`retpekte.

Xamid Ziyaev ju`da` ko`p tariyxshı kadrlardı jetisitirip beriwde o`zinin` u`lken u`lesin qosqan alımlardın` biri bolıp, ol 50 den ziyat ilim kandidatları ha`m doktorlıq dissertatsiyaların qorg`awg`a o`basshılıq qıldı.

**Sovet da`wirinde (1962-1990 jj) baspadan shıqqan miynetleri:**

1. O`rta Osiyo va Sibir` (XVI-XIX asrlar). Toshkent, 1962, 22 b.t.
2. O`rta Osiyo va Volga buylari (XVI asrning ikkinchi yarmi XIX asr). Toshkent, 1965, 15 b.t.
3. XVIII asrda O`rta Osiyo va Ural buylari. Toshkent, 1973, 7 b.g.
4. Sibirlik o`zbeklar (XVI-XX asrning boshlari). Toshkent, 1958, 3 b.t.
5. Volga va Ural buylaridagi o`zbeklar (XVII-XIX asrning birinchi yarmi). Toshkent, 1963, 2 b.t.
6. Srednyaya Aziya i Sibir` (vtoraya polovina XVI-X1Xv.). Tashkent, 1964, 6 p.l.
7. Toshkentning Rossiyaga qo`shib olinishi. Toshkent, 1967, 3 b.t.
8. Uzbeki v Sibiri. (XVII-XIX vv). Tashkent, 1968, 4 p.l.
9. O`zbekistonda 1916 yilgi xalq qo`zg`olonining katnashchilari. Toshkent, 1976, 4 b. g.
10. Turkistonda ozodlik harakatlari tarixidan. Toshkent, 1977, 4 b.t.
11. O`zbekiston paxtachiligi tarixidan. Toshkent, 1980, 3 b.t.

[1] Зиёев Х. Тарихнинг очилмаган саҳифалари. Тошкент «Меҳнат» 2003, 222-бет

12. Ekonomicheskie svyazi Sredney Azii s Sibir`yu v XVI-XIX vv. Tashkent, 1983, 9 pl.
13. O`zbekistonning xorijiy mamlakatlar bilan iqtisodiy va madaniy aloqalari (1960-1980 yillar). Toshkent, 1986, 3 b.t.
14. Baxt kaliti. Toshkent, 1990, 3 b.t.

**G`a`rezsizlik jıllarında baspadan shıqqan miynetler:**

1. Turkistonda Rossiya tajovuzi va hukmronligiga qarshi kurash (XVIII-XX asrning boshlari). Toshkent, 1998, 25 b.t.
2. Istiqlol - ma`naviyat negizi. Toshkent, 1999, 10 b.t.
3. Tarix o`tmish va kelajak ko`zgusi (tarixning dolzarb masalalari). Toshkent, 2000, 16 b.t.
4. O`zbekiston mustaqilligi uchun kurashlar tarixi (miloddan avvalgi asrlardan to 1991 yil 31 avgustgacha). Toshkent, 2001, 24 b.t.
5. O`zbek xonliklari chorizm asoratida (XIX asrning 50-70 yillari). Toshkent, 1943, b.t.
6. Baxt kaliti (ibratli hikoyalar). Toshkent, 1995, 5 b.t.
7. Ozodlik uchun to`kilgan qonlar. Toshkent, 1997, 4 b.t.
8. Baxtli bulay desangiz (uyg`ur tilida). Urumchi, 1999, 5 b.t.
9. O`zbekistonda paxta yakkaxokimligi uchun kurash va uning oqibatlari (XIX asr oxiri - XX asr boshlari). Toshkent, 1999, 11 b.t.
10. Baxtli bulay desangiz. Toshkent, 2001, 8 b.t.
11. Sibir`, Volga va Ural buylaridagi o`zbeklar (XVI-XX asrning boshlari). Toshkent, 2002, 15 b.t.
12. Tarixning ochilmagan sahifalari. Toshkent, 2003, 14,5 b.t.
13. Farzandlaringiz aqlli va chiroyli bo`lsin desangiz. Toshkent, 2003, 6 b.t.
14. Tarix instituti 60 yoshda. Toshkent, 2003, 2 b.t.
15. O`zbekiston mustamlaka va zulm iskanjasida. (XIX asrning ikkinchi yarmi – XX asr boshlari). Toshkent, 2006. 18 b.t.
16. Amir Temur saltanati va taqdiri. Toshkent, 2008. 10 b.t.
17. Ona shahrim Toshkent va hayot yo`lim. Toshkent, 2008. 22 b.t.

18. Yoqubjonxoji va Mahkamboylarning faoliyati va taqdiri. (Baxtiyor Mahkamov bilan hamkorlikda). Toshkent, 2008. 4.b.t.
19. Amir Temur tomonidan Qur`oni Karimning asl nusxasining keltirilishi. O`zbekiston madrasalar vatani. Toshkent, Islom universiteti nashriyoti. 2010. 4 b.t.
20. O`zbekiston birinchi va ikkinchi jahon urushi davrida. Toshkent. 2011. 6 b.t.
21. Farzandlarning aqlli, sog`lom va oqibatli bo`lsin desangiz. (tarbiyaviy va hayotiy saboqlar). Toshkent, “Sharq” nashriyoti. 2011. 15 b.t.
22. Rossiyaning Qozon, Astraxan, Sibir, Qrim, Kavkaz va Turkistonga tajovuzi va hukmronligiga qarshi kurashlar tarixi. Toshkent, 2012. 40 b.t.

Barlıg`ı bolıp sovet da`wirinde 22 kitap ha`m 172 maqala, g`a`rezsizlik jıllarında 14 kitap, 186 maqala basılıp shıqtı[1].

Tariyx pa`nin rawajlandırıwda joqarı da`rejeli ilimiy xızmetkerlerdi tayarlaw u`lken a`hmiyetke iye bolıwı sebepli bul ma`selege juwapkerli itibar beriwge ha`reket etedi. Onın` sha`kirtlerinen 40 tan aslamı ilim kandidatları ha`m doktorları atag`ına miyasar boldı.

**Sovet da`wirinde Xamid Ziyaev basshılıg`ında qorg`alg`an kandidatlıq dissertatsiyaları (1967 -1990)**

1. Valiev F, «XIX asr ikkinchi yarmi XX asr boshlarida Sibirdagi buxoroliklar (tarixiy etnografik tafsilot)». Toshkent, 1965.
2. Ginzburg A.I. «Turkistonda ko`chirish siyosati (XIX asrning ikkinchi yarmi - XX asr boshlari)». Toshkent, 1966.
3. Pulatov Yu. «XVII asr oxiri XVIII asrning birinchi choragida Rossiya - O`rta Osiyo aloqalari». Toshkent, 1968.
4. G`afforov F. «XIX asrning birinchi yarmida Rossiyaning Qo`qon xonligi bilan iktisodiy va siyosiy aloqalari». Toshkent. 1970.
5. Ametov A. «XIX asrning birinchi yarmida Rus Xiva aloqalari». Toshkent, 1970.

---
[1] Зиёев Х. Тарихнинг очилмаган саҳифалари. Тошкент «Меҳнат» 2003, 224-бет

6. Alimov A. «Turkistonda savdo aloqalarining rivojlanishi (XIX asr ikkinchi yarmi - XX asr boshlari)». Toshkent, 1971.
7. Tulaganova M. «Fargona viloyatining Rossiya va O`rta Osiyo o`rtasidagi savdo alokalarida to`tgan o`rni». Toshkent, 1972.
8. Ismatov E. «Nijniy Novgorod yarmarkasining O`rta Osiyo va Eron bilan savdo aloqalarida tutgan o`rni». Toshkent, 1973.
9. Egamberdiev X. «O`zbekistonda dehqonchilikning ishlab chiqarish va moddiy darajasining usishi (1946-1955 yillarda Kashqadaryo viloyati misolida)». Toshkent, 1973.
10. Akramov V. «Quqon shahfining ijtimoiy-iqtisodiy va madaniy xayoti». Toshkent, 1973.
11. Sodikov X. «Turkiston general-gubernatorligining siyosiy- ma`muriy tuzilishi (1867-1917)». Toshkent, 1973.
12. Bekmatov E. «O`zbekistonda kolxoz kadrlarini tayyorlash (1959-1970 yillarda Xorazm viloyati misolida)». Toshkent, 1975.
13. Sa`dullaev S. «O`zbekiston mehnatkashlarining paxtachilikni rivojlantirib borish yulidagi kurashi (1959-1970 yillarda Sur- xondaryo viloyati buyicha)». Toshkent, 1975.
14. Fayziev 3. «XIX asr ikkinchi yarmi-XX asr boshlarida Turkistonda hunarmandchilik». Toshkent, 1979.
15. Normurodov X. «XIX asr ikkinchi yarmi-XX asr boshlarida O`zbekistonda dekhonlarning ijtimoiy-iqtisodiy ahvoli va sinfiy kurash (Samarkand viloyati misolida)». Toshkent, 1980.
16. Maduanov S. «XIX-XX asr boshlarida qozoq-uzbek aloqalarining tarixi». Olmaota. 1980.
17. Sharofuddinov A. «XIX asr ikkinchi yarmi-XX asr boshlarida Andijon shaxrining ijtimoiy-iqtisodiy va madaniy hayoti». Toshkent, 1980.
19. Dehkononv A. «Farg`ona fabrika-zavod sanoati va ishchilar sinfining tarixi (XIX asr oxiri-XX asr boshlari)». Toshkent, 1981.

20. Ismoilov III. «Turkistonda xalq maorifi (XIX asr ikkinchi yarmi XX asr boshlari)». Toshkent, 1982.

21. Toshpulatov G. «XIX asr oxiri-XX asr boshlarida Farg`ona shahriiing paydo bulishi va rivojlanshni». Toshkent, 1983.

22. Usmonov I. «Farg`ona vodiysi qishloq xo`jaligida kapitalistik aloqalarining paydo bulishi». Toshkent, 1983.

23. G`ulomov X. «XVIII asrda Rossiya va Buxoro xonligi o`rtasidagi diplomatik munosabatlar». Toshkent, 1984.

24. Umarov A.I. «XIX asrning ikkinchi yarmi-XX asr boshlarida Farg`ona vodiysida madaniy hayot». Toshkent, 1985.

25. Shalekenov M.U. «XIX asrning ikkinchi yarmi - XX asr boshlarida Janubiy Qozog`istonning ijtimoiy-iqtisodiy va madaniy hayoti». Toshkent, 1987.

26. Abdurasulov A. «XIX asr oxiri - XX asr boshlarida Xiva shahrining ijtimoiy-iqtisodiy va madaniy hayoti». Toshkent, 1988.

27. Mahkamov A. «XIX - XX asr boshlarida Quqonning O`rta Osiyo va Rossiya bilan iqtisodiy aloqalari». Toshkent , 1988.

28. 0takuzieva S. «XIX asrning ikkinchi yarmi - XX asr boshlarida Turkistonda ipakchilikning rivojlanish tarixi». Toshkent, 1988.

29. Shapovalenko O. «XX asr boshlarida Turkistonda yoshlarning revolyutsion xarakatlarda qatnashishi». Toshkent, 1990[1]

## G`a`rezsizlik jıllarında Xamid ziyaev basshılıg`ında qorg`alg`an dissertatsiyalar (1994-2005)

### Ilim doktorları

1. Sodikov X. «Turkistonda chorizmning mustamlakachilik siyosati va istiqlol uchun kurash (XX asr boshlarida)». Toshkent, 1994.

2. Abdurahmonova N. «XIX asr ikkinchi yarmi - XX asr boshlarida Turkistonda mustamlakachilik tizimi». Toshkent, 1994.

[1] Зиёев Х. Тарихнинг очилмаган саҳифалари. Тошкент «Меҳнат» 2003, 225-бет

3. Maduanov S. «XVIII-XIX asr boshlarida qozoqlarning Turkiston qushni xalqlari bilan uzaro aloqalari». Olma ota, 1997.
4. Musaev N. «XIX asr oxiri - XX asr boshlarida Turkistonda sanoatning paydo bulishi va rivojlanishi». Toshkent, 1999.
5. Choriev 3. «XX asr boshlarida Turkiston o`lkasida mustamlakachilik siyosati va milliy zulmning kuchayishi hamda oqibatlari (mar- dikorlikka safarbarlik misolida)». Toshkent. 1999.

**Ilim kandidatları**

1. Yuldoshev P. «Turkistonda milliy burjuaziyaning shakllanishi». Toshkent, 1994.
2. Mo`ldoqosimov K. «XIX asr ikkinchi yarmi - XX asr boshlarida uzbek-qirg`iz aloqalari». Bishkek, 1994.
3. Farmonova B. «Farg`ona vodiysida hunarmandchilik sanoati (XIX asr ikkinchi yarmi - XX asr boshlari)». Toshkent, 1995.
4. Yunusova X. «Toshkentdagi 1892 yil qo`zg`oloni». Toshkent, 1995.
5. Xudoyqulov D. «Turkistonda jadidchilarning ma`rifatparvarlik faoliyati». Toshkent, 1995.
6. Suyunova O. «Turkistonda 1916 yil qo`zg`oloni (Sirdaryo viloyati misolida)». Toshkent, 1997.
7. Kilichev R. «Buxoroda hunarmandchilik». Toshkent, 1997.
8. Kurahmedov A. «Samarkand viloyatining iqtisodiy va madaniy hayoti (XIX asr ikkinchi yarmi - XX asr boshlari)». Toshkent , 2001.

Ko`rinip turg`anınday, X.Ziyaevtın` iskerligi eki bo`limnen ibarat bolıp, birinshisi sovet da`wirinde keshken. Ekinshisi bolsa, g`a`rezsizlik ha`m azatlıq jıllarında gu`llep jasnag`an. Ha`zirgi waqıtta ol erkin ha`m azat shaxs sıpatında tariyxtı durıs izertlew ha`m bahalawg`a bar ku`shin ha`m bilimin ayamay sarıplap atırg`an ilimpazlardın` biri bolıp xızmet etpekte.

## 1.2 X.Ziyaevtin` O`zbekistan ha`m Orta Aziya tariyxin u`yreniwdegi u`lesi

O`zbekstan Respublikası g`a`rezsizlikke eriskennen keyin o`tkendegi tariyxıy protsessi teren` izertlew, tariyxtı tarbiya isinin` belgili quralı sıpatında paydalanıwg`a u`lken itibar bermekte. Tariyx ha`m tariyxımızdı uyreniw ma`mleketlik siyasat da`rejesine ko`terildi. Sovet dawirinde tariyxtı izertlew islerinde ko`plegen islerin a`melge asırılıwına qaramastan, o`tmishke bolg`an ko`z-qaras burmalanıp, tariyxımızdın` ko`p maseleleri, sonın` ishinde Tu`rkistan xalıklarının` a`sirler boyı Sırt el basıp alıwshılarına qarsı ju`rgizgen azatlıq guresi burmalanıp ko`rsetilip kelindi.[1] 1998-jılı bolıp o`tken tariyxshılardın` jıynalısında Prezidentimizdin` shıg`ıp so`ylegen so`zinde ha`m de onın` «Tarixiy xotirasiz kelajak ywq» ilimiy miynetinde g`a`rezsizlik ushın ju`rgizgen azatlık gureslerin tariyxıy jaqtan durıs ko`rsetiw ma`seleleri birinshi na`wbette izertleniw kerek bolg`an ma`seleler qatarına kiritildi. Bul ma`sele yag`nıy g`a`rezsizlik ushın gures tariyxı orta ha`m joqarı oqıw orınlarının` O`zbekstan tariyxı sabag`ında en` a`hmiyetli tiykarg`ı temalardın` birine aynaldı.[2]

Usınday en` a`hmiyetli ma`selelerdi izerlewge kirisken ha`m o`z aldına maqset etip qoyg`an alımlarımızdın` biri X.Ziyaev bolıp, ol o`zinin` ko`p jıllık ilimiy izertlew jumıslarında a`yyemgi da`wir, orta ha`m jan`a da`wir tariyxına itibar berdi. Ko`plegen miynetler do`retip, olardı dag`azaladı. Solardın` arasınan u`sh tomlık «O`zbekstan tariyxı» kitabında milliy azatlık gu`resleri tariyxına baylanıslı ma`selelerdi ko`rsetip berdi. X.Ziyaev ta`repinen Tashkent tariyxı kitabı tayarlanıp, en` a`yyemgi da`wirden baslap XX a`sir tariyxı boyınsha mag`lıwmatlar berildi[3].

X.Ziyaev orta a`sirler da`wir tariyxı mashqalaları boyınsha o`zinin` pikirlerin ortag`a saldı ha`m ja`miyetlik tarawdag`ı ilimpazlar qatnasıwında o`tkerilgen A`mir Temur xızmetlerin baklawda aktiv tu`rde qatnasıp, A`mir Temurdın` Oraylıq Aziyada tutqan roline joqarı baha berdi. Bul ma`selede ol sol

---

[1] Каримов И.А. Империя даврида бизни иккинчи даражали деб ҳисоблащар эди. Т., 2005, 26-бет
[2] Каримов И.А. Тарихий хотирасиз келажак йўқ. Т.. 1998, 12-бет
[3] Зияев Х. Тошкентнинг Россияга қўшиб олиниши. Т., 1967, 268-бет

waqıttag`ı ullı ilimpazlar bolg`an İ.Muminovtın` A`mir Temurdın` roline bergen bahaların qollap kuwatladı ha`m bul tuwralı shıg`ıp so`ylewlerinde ha`m jazg`an maqalalarında A`mir Temurdın` rolin ashıqtan ashıq ko`rsetip berdi.

X.Ziyaev islam dininin` tariyxı boyınsha ko`plegen maqalalar jazıp baspa so`z betlerinde dag`azaladı. Ol Quran ka`rimnin` tariyxı boyınsha arnawlı maqala jazg`an ha`m onın` Rossiya imperiyasının` paytaxtına barıp qalıwı tuwralı mag`lıwmatlar keltirilgen.

X.Ziyaev o`zinin` izertlewlerinde Qazaqstan ha`m Orta Aziya jerlerin Rossiya imperiyası ta`repinen basıp alıwın arxivlik materiallar negizinde ko`rsetip bergen ilimpaz[1]. Tu`rkistan ha`m Rossiya ma`selesi boyınsha ol bir neshe monografiyalar do`retti. Yag`nıy «Wrta Osiyo va Sibir», «Wrta Osie va Ural buylari», «Wrta Osie va Volga bwylari», «Uzbeki v Sibiri», «Ekonomicheskie svyazi Sredney Azii s Sibir`yu» atamadag`ı maqalaları jarıq ko`rdi.

Ko`rnekli ilimpaz tariyxıy materiallar ha`m bar bolg`an a`debiyatlar negizinde birinshi na`wbette rus tilindegi tariyxıy derekler arxiv hu`jjetlerine negizlenip, Rossiya ta`repinen qon`sı ma`mleketlerdin` basıp alınıwı tarıyxına u`lken itibar berdi. Rossiya XVI a`sirge kelip ekonomikalıq ha`m siyasiy jaqtan bir qansha rawajlanıw mu`mkinshiliklerine iye bolıp, kon`sı mamleketlerdi basıp alıw siyasatın aktivlik penen ju`rgize baslaydı. Rossiya en` da`slep Volga boyların, Ural dar`yasının` jag`aların, onnan keyin Sibir territoriyasının` jerlerin o`zine qaratıudı maqset etip qoyg`anlıg`ın, bul jerlerdi a`skeriy ha`reketler menen o`zine boysındırg`anlıg`ı ha`mmege ma`lim. Bul jag`daylardın` a`melge asırılıwında Altın Orda ma`mleketinin` ku`l talqan bolıp pa`rshelenip ketiwinde tiykarg`ı sebeplerdin` birinen bolg`anlıg`ı ma`lim. Altın Orda ma`mleketinin` bo`lekleniwi ha`m de Sheybaniy o`zbeklerinin` Orta Aziyag`a keliwleri Qazan xanlıg`ı, Astraxan xanlıg`ının` basıp alıwı Orta Aziya ha`m Qazaqstan jerlerine qaray ruslardın` kiriwine ken` mu`mkinshilikler ashıp bergenlikleri tuwralı professor Xamid Ziyaevtın` miynetlerinde ju`da` ko`plegen mag`ıwmatlar keltirilgen.

---

[1] Зияев Х. XVIII-XIX асрларда Ўрта Осие ва Сибир. Т., 1962, 249-бет

Tariyxtan ma`lim bolıwınsha XVIII a`sirdin` otızınshı jıllarınan baslap Rossiya imperiyası Qazaqstan dalalarının` bir qansha jerlerin iyelegen. Onın` aldında Jayıq boyların iyelep qalalar  salg`an, ma`selen, XVII a`sirde Ural`sk qalasının` salınıwı bunın` ayqın mısalı boladı. Sol da`wirlerden baslap Kazaqstan jerlerinde qalalar, awıllar, qorg`anlar salıp, keleshekte Orta Aziyadag`ı o`zbek xanlıqların basıp alıw maqsetinde ko`plegen izertlewler, ekspeditsiyalar, elshixanalar ha`m basqa da usınday ila`jlardı a`melge asırg`an. Tariyxtan ma`lim bolg`anınday Rossiya imperiyası o`zbek xanlıqların a`skeriy ku`sh penen  basıp aldı. Tariyxshı X. Ziyaev o`zinin` izertlewlerin O`zbekistan jerlerinin` Rossiya imperiyası ta`repinen a`skeriy atlanıslar arqalı, urıslar menen basıp alınıw tarıyxın izertlewge bag`ıshladı ha`m bul tarawda ju`da` ko`plegen tabıslı islerdi a`melge asırdı.[1]

X.Ziyaevtin` en` tiykarg`i’ izertlewi «O`zbekistan g`a`rezsizligi ushi’n gu`reslerinin` tariyxi’» dep atali’p, ol O`zbekistan mustaqillig`i’ni’i’n` 10 ji’lli’g`i’na bag`i’shlani’p, Tashkentten «Sharq» baspaxanasi’nan shi’qqan[2]. Bul kitap kitapta erami’zdan aldi’ng`i’ a`sirlerden baslap O`zbekistan Respublikasi’ni’n` 1991-ji’l 31-avgusti’na shekemgi da`wirleri arali’g`i’nda o`zbek xalqi’ni’n` azatli’q ushi’n ali’p barg`an gu`resleri ha`m bu`gingi ku`ndegi g`a`rezsizlik bul tosattan qolg`a kirigizilgen na`rse emes, al ko`p a`sirlerden beri xalqi’mi’zdi’n` arzi’w-a`rmanlari’ ha`m og`an jetisiw joli’nda qanshelli qan to`gispelerdin` bolg`anli’g`i’n jergilikli ha`m Rossiya arxivlari’nan, rus g`alaba xabar qurallari’ ha`m a`debiyatlari’nan ali’ng`an tu`rli mag`li’wmatlardi’ sali’sti’ri’w ha`m uli’wmalasti’ri’w tiykari’nda jazg`an. Bul kitap kirisiw, XI bap ha`m juwmaqlaw bo`limlerinen turadi’.

Kirisiw bo`liminde izertlewdin` bu`gingi ku`ndegi a`hmiyeti, paydalani’lg`an derekler, izertleniw tariyxi’ haqqi’nda ayti’li’p o`tiledi.

Birinshi babi’ «Erami’zdan aldi’ng`i’ a`sirlerde g`a`rezsizlik ha`m azatli’q ushi’n ali’p bari’lg`an gu`resler» dep atali’p, ol eki kishkene temalardan turadi’.

[1] Зияев Х. Ўзбек хонликлари Чоризм асоратида (XIX асрнинг 50-70-йиллари). Т.,1994, 246-бет
[2] Х.Зияев. Ўзбекистон мустақиллиги учун курашларнинг тарихи. ( милоддан олдинги асрлардан то 1991 йил 31 августигача). Тошкент, «Шарқ» 2001 йил.

Birinshi tema: «Ahamaniyler ma`mleketinin` basqi’nshi’li’g`i’na qarsi’ gu`res» dep atali’p, onda Xorezm territoriyasi’nda jasag`an xali’qti’ tiykari’nan sak atamasi’ menen atag`ani’n ha`m ol xali’qti’n` ju`da` jawi’nger bati’r xali’q bolg`anli’g`i’n ayta ketip, a`yyemgi grek tariyxshi’si’ Klavdiy Elanni’n` mi’naday mag`li’wmati’n keltirip o`tedi: «Egerde, saklarda kimdur u`ylenbekshi bolsa, qi’z benen gu`reske tu`siwi sha`rt bolg`an. Nabada bul gu`reste qi’z jen`iske erisse, ol waqi’tta jigit oni’n` tutqi’ni’ esaplang`an. Eger jigit u`stem kelse, qi’zg`a u`yleniw huqi’qi’n alg`an».[1] Bunday ta`rtiptin` biykarg`a qollani’lmag`anli’g`i’n, sol da`wirlerde ishki o`z-ara gu`resler ha`m shet el basqi’nshi’lari’ni’n` hu`jimleri tez-tez boli’p turatug`i’n waqi’ya ekenligine ayri’qsha toqtap o`tedi. Sol sebepli tek g`ana erkekler emes, al hayal-qi’zlardi’n`da sawashlardi’ qatnasi’wi’ muqaddes wazi’ypasi’ ekenligi atap o`tiledi. Haqi’yqati’ndada g`a`rezsizlik ushi’n watan topi’rag`i’n qorg`awshi’lar qatari’nda ko`p sanli’ bati’r qi’zlari’mi’zda ko`p bolg`an.

G`a`rezsizlik jıllarında ilimpazdın` otızdan ko`birek maqalaları ha`m de ko`p sanlı ko`rkem a`debiy shıg`armaları baspadan shıg`ıp ken` tarıyxshılar ja`miyetshiligine ma`lim boldı. Bul monografiya ha`m kitaplardı oqıw arqalı oqıwshılarda ulıwma ja`miyetshiligimizde tariyxımızdın` burınları u`yrenilmegen ha`m jaratılmag`an betleri ken` tu`rde ko`rsetilip berildi. Olardın` arasınan «İstiqlol - ma`naviyat asosi», «Tariyx wtmish va kelajak asosi», «Wzbekistonda paxta yakka ustamligi va kelajak kwzgusi», «Sibir ha`m Volga buylaridagi wzbekler», «Tarixning ochilmagan sahifalari» ha`m basqada miynetleri u`lken a`hmiyetke iye.

X. Ziyaev o`zinin` barlıq jazg`an miynetlerinde O`zbekstan xalıqların`, sonday-aq, pu`tkil Oraylık Aziya xalıklarının tariyxı menen teren` tu`rde shug`ıllandı. Onın` ilimiy qızıg`ıwshılıg`ı ko`p da`wirlerdi ha`m ko`p a`sirlerdi o`z ishine alıp, a`yyemgi da`wirdegi ata-babalarımızdın` azatlıq jolındag`ı gu`reslerin ko`rsetiwge ha`reket etti.

Xamid Ziyaevtın` qa`lemine tiyisli 1974-jılı jarıq ko`rgen O`zbekistan tariyxında kolonializm da`wirinin` siyasiy, ekonomikalıq ha`m azatlıq ha`reketleri

[1] Древние авторы о Средней Азии. Ташкент, 1940, 23 с.

tariyxı boyınsha baplarda O`zbekistannın` tariyxının` kolonializm da`wiri tariyxı tuwralı ju`da ko`plegen mag`lıwmatlar keltirilgen. Bul ma`selelerdi jazıwda ha`m baspag`a tayarlawda Xamid Ziyaevtın` xızmetleri og`ada u`lken boldı.

Kolonializm da`wiri boyınsha usı da`wirlerde payda bolg`an iri ilimiy miynetlerdin`, toplamlardın` payla bolıwında X.Ziyaevtın` xızmetleri bar. Usı da`wirde payda bolg`an miynetlerinen «Sotsial`no-ekonomicheskie otnosheniya i klassovaya bor`ba v dorevolyutsionnom Uzbekistane», «Istoriya i istoriografiya natsional`no osvovoditel`nogo dvijeniya v Sredney Azii i Kazaxstane» ha`m basqa da miynetlerinin` payda bolıwında onın` basshılıq roli joqarı da`rejede bolg`an.

Kolonializm da`wiri O`zbekistan xalıqlarının` turmısında ko`plegen jan`alıklardı engizgen. Bul o`zgerisler siyasiy, ha`kimshilik, xojalıq ha`m ma`deniy, ruwxıy tarawlarda ko`p bolg`an. Xamid Ziyaevtın` basshılıg`ında bul o`zgerisler tariyxıy derekler negizinde teren` izertlew ob`ektine ne bolg`an. Solardın` arasında awıl-xojalıq ha`m diyxanshılıq tarawındag`ı, sonın` ishinde paxtashılıq tarawındag`ı o`zgerisler temaları boyınsha da jan`a materiallar jıynalıp, maqala ha`m izertlewler payda bola basladı. Paxtashılıq Orta Aziya territoriyasında a`yyemnen egilip kiyatırg`an egin ekenligi tariyxshılarımızdın`, a`sirese Orta Aziya tariyxın teren` izertlegen ilimpaz Bartol`dtın` miynetleri ha`m maqalalarında anıq ko`rsetilip berilgen.

Xamid Ziyaev Tu`rkistanda paxtashılıq tariyxı ma`selelerin u`yreniwde u`lken jumıslar atqardı. Bul taraw tariyxın O`zbekistan tariyxshıları arasında birinshilerden bolıp u`yrenip ko`plegen maqala ha`m miynetler jazgan avtorlardın` birinen esaplandı. Xamid Ziyaevtın` izeritlewlerinde Tu`rkistan u`lkesin Patsha Rossiyasının` basıp alıwı menen Tu`rkistan general-gubernatorlıg`ının` du`ziliwi menen paxtashılıqtın` ken` tu`rde rawajlanıwına mu`mkinshilikler ashılg`anlıg`ı, Sırda`r`ya, Ferg`ana ha`m basqa da wa`layatlarda paxtashılıqtın` ken` tu`rde en` jayg`anlıg`ın o`zi izlep tapqan arxivlik mag`lıwmatlarg`a su`yenip, ko`plegen izertlewler ju`rgizdi. Onın` bul izertlewleri ha`zirgi waqıtta da a`hmiyetin joyıtqan emes. Qaraqalpaqstan tariyxshıları da A`miwda`r`ya bo`liminde, yag`nıy Qaraqalpaqstan jag`dayında da kolonializm

da`wirindegi paxtashılıq tariyxına bag`ıshlang`an kandidatlıq dissertatsiyalar tayarladı ha`m ha`zirgi waqıtta da usı tematikada izertlewler alıp barılmaqta. Xamid Ziyaevtın` paxtashılıq tariyxına bag`ıshlang`an miynetlerinde rus kapitalistlerinin` Tu`rkistan jerlerinde paxtashılıktın` jan`a sortların o`siriwge islegen ha`reketleri, paxtanın` jan`a sortların engiziwge bolg`an ha`reketleri, jergilikli sortlardın` ornına Amerikadan alıp kelingen paxta sortların alıp kelip egilgenligi ha`m paxtashılıq u`lkesine aynalıp Tu`rkistan u`lkesinin` shiyki zat bazasına aynalıp barg`anlıg`ı tuwralı ju`da ko`p sanlı faktler keltirilgen maqalalar ha`m miynetler do`retti.

Ilimpaz o`ziniin` miynetlerinde Tu`rkistan u`lkesinde azatlıq gu`resi tariyxı boyınsha da ko`plegen jumıslardı a`melge asırdı. Ol o`zinin` da`slepki ilimiy jumıslarında-aq Tu`rkistan milliy azatlıq gu`resi tariyxı boyınsha izertlew jumısları baslag`anlıg`ı belgili. Ol «Shıg`ıs Tu`rkistanda 1826-jılı xalıq qozg`alan`ı» shıg`armasında uyg`ır ha`m o`zbek xalıqlarının` Qashqarda Sin imperiyasının` u`stemligine qarsı ha`reketleri ko`rsetilgen edi. Bul qozg`alan` azatlıq ushın alıp barılg`an gu`restin` ayqın ko`rinislerinen biri ekenligi bahalangan edi.

X.Ziyaev 1960-jılı Moskvada basıp shıg`arılg`an «Orta Aziya ha`m Qazaqstanda 1916-jılg`ı kozg`alan`ı hu`jjetler toplamı» shıg`armasının` avtorlarının` biri bolg`an.[1]

1956-jılı Ferg`ana oypatlıg`ındag`ı 1916-jılg`ı qozg`alan`shılar menen ushırasıp, qozg`alan` sebebleri, rawajlanıwı ha`m bastırılıwına baylanısı qımbatlı mag`lıwmatlardı o`zinde sa`wlelengen yadqa tu`siriwler ha`m su`wretler topladı ha`m olarg`a su`yenip, 1977-jılı «1916-jılg`ı qozg`alan` qatnasıwshıları» atı menen ritsola bastırıp shıg`ardı.

1977-jılı bolsa, onın` ja`ne bir «Tu`rkistanda azatlıq ha`reketleri» degen shıg`arması dag`azalandı. Onda O`zbekistan xalıqlarının` en` a`yyemgi da`wirlerden baslap 1917-jılg`a shekemgi shet eller basıp alıwshılarg`a qarsı gu`resleri bayan etilgen bolıp, Spitamen, Maxmud Turabiy, sarvadarlar, 1892-1998 ha`m 1816 jıllardag`ı qozg`alan`lar ken` tu`rde jaratılıp berildi. Ayırım tariyxshılar

[1] Зияев X. Orta Aziya ha`m Qazaqstanda 1916-jılg`ı kozg`alan`ı hu`jjetler toplamı. M., 1960

1980-jılları milliy azatlıq gu`resleri tariyxına baylanıslı olardı qaralag`an makalaları «Pravda Vostoka» gazetası betlerinde Andijan qozg`alan`ın qaralag`an M.T.Baxabov maqalası dag`azaladı. X.Ziyaev «Pravda Vostoka» gazetasına bul maqalag`a qarsı maqala jawladı. Biraqta onın` bul maqalası gazeta betlerinde dag`azalanbadı. Onnan keyin X.Ziyaev 1898-jılg`ı Andijan ko`terisi tuwralı Tashkentte ilimiy anjuman sho`lkemlestirip, og`an Qazaqstan ha`m Qırg`ızstan wa`killeri qatnastı ha`m X.Ziyaevtın` «XIX a`sirdin` 80-90 jıllarda milliy azatlıq ha`reketleri» teması boyınsha islegen teması alımlar ta`repinen qollap-quwatlandı. Anjuman qatnasıwshılarının` bayanatları 1989-jılı X.Ziyaev avtorlıg`ında «XIX a`sirdin` ekinshi yarımı XX a`sir baslarında Orta Aziya ha`m Qazaqstanda milliy azatlıq ha`reketleri tariyxı ha`m tariyxnaması» atı menen basıp shıg`arıldı ha`m og`an bul ko`teriliske unamlı baha berildi.

Sovet da`wirindegi tariyxıy shıg`armalarında X.Ziyaev ta sol da`wirdegi basqa tariyxshılarg`a uqsap azatlıq ha`reketleri tariyxın klasslıq gu`res ko`z-qarasınan ta`riyplegeni belgili. Sonday-aq qozg`alan`larg`a qosılg`an ayırım jergilikli joqarı qatlam wa`killerinin` xızmetleri qaralanıp, bir ta`repleme bahalanıp xalıq qozg`alan`ı ulıwma Rossiya revolyutsiyalıq is-ha`reketleri ajıralmas bo`legi sıpatında patshalıqqa qarsı qaratılg`anlıg`ı haqqındag`ı ideya aldın`g`ı qatarg`a shıqtı. Sol da`wirde bul ma`seleleni Rossiyadan ajıralıp, g`a`rezsizlikke ha`m azatlıqqa shıg`ıw ushın alıp barılg`an gu`resler sıpatında ko`rsetiw mu`mkin emes edi. Haqıyqatında da qozg`alan`lardın` tiykarg`ı mazmunı a`ne usı bag`darg`a iye edi.

G`a`rezsizlik jıllarında X.Ziyaev sovetler da`wirinde jol qoyg`an qa`telerin duzetiwge eristi. «G`alayon» (O’zbekiston adabiyoti va san`ti» gazetasi. 1991 yil 6 sentyabr`), «1916 yilgi milliy-ozodlik harakati» («Wzbekston ijtimoiy fanlari» jurnali. 1991 yil 7 son), «Quzg`olon» («Sharq yulduzi» jurnali. 1992 yil 3-son), «Ozodlik uchun twkilgan qonlar» (Toshkent 2007 yil) ha`m basqa da kitaplarında Tu`rkistanda milliy azatlıq gu`res tariyxına baha berildi. 1996-jılda Tu`rkistandag`ı milliy azatlıq gu`resinin` seksen jıllıg`ı Xamid Ziyaevtın` usınısı boyınsha belgilew a`melge asırıldı. Usıg`an baylanıslı ilimiy ilajlar o`tkerilip ilimiy maqalalar basıp

shıg`arıldı, ilimiy anjumanlar, konferentsiya ha`m seminarlar o`tkerildi. Onın` basshılıg`ında 1916-jılg`ı ko`terilis tuwralı tariyxshı O.Suyunovanın` atqarıwında kandidatlıq dissertatsiya tayarlandı. O.Suyunova «Sırda`r`ya wa`layatında 1916-jılg`ı qozg`alan`» degen temada kandidatlıq dissertatsiya jaqlap shıqtı. Sonın` menen birge onın` basshılıg`ında A.Xudayqulov «Jadidlerdin` bilimlendiriw tarawındag`ı xızmetler haqqında» kandidatlıq dissertatsiya jaqladı.

G`a`rezsizlikke eriskennen keyin X.Ziyaev o`zinin` ilimiy izertlew ha`m tariyx ilimin ken` tarqatıw tarawındag`ı u`lken ku`sh penen, g`ayrat penen g`a`rezsizlik, erkinlik ha`m ku`sh-quwat penen tariyx ilimin rawajlandırıwg`a u`lken u`les qostı. Ol g`a`rezsizlikti ha`m g`a`rezsizlik jılların o`zinin` baxıtlı jılları dep esaplap, O`zbekistannın` o`tmish tariyxı ha`m ha`zirgi zamanının` a`hmiyetli ma`seleleri boyınsha qımbatlı ha`m teren` miynetler jazdı. «O’zbekiston adabiyoti va san`ati» gazetasında 1991-jılı 22-noyabr`, 5-dekabr` sanlarında «Istiqlol uchun kurash» degen maqalası jariyalandı. Bul maqalalarda Oktyabr` revolyutsiyası negizinde ma`mleket awdarıspag`ı bolg`anlıg`ı, bol`shevikler jawızlıg`ı ha`m talan-tarajları, baspashılıq ha`reketi negizinde milliy azatlıq gu`resi ekenligine baylanıslı teren` pikirlerdi bayan etti. Sonday-aq maqalada sovet ma`mleketinin` ko`p jıllar boyı xalıqtın` mal-mu`lkin talap wayrangershilik etkenligi, qısım ha`m qatag`anlar arasında mın`lap adamlardın` jastıg`ı qurg`anlıg`ı, sovet du`zimi ju`rgizgen kolloniyalıq ha`m ullı milletshilik siyasatının` jawızlıqları tiykarlap berildi.[1]

Usi’ negizde ju`da` ko`plegen ilimiy jumi’slar, maqalalar jazdi’. O`zbekistanni’n` g`a`rezsizlik ji’llari’nda tabi’slari’na quwani’p, radio, televidenie arqali’, gazeta ha`m jurnallarda, kitaplari’nda azatli’q ideyalari’n tariyxi’mi’zdan izlep g`a`rezsizlik tariyxi’ boyi’nsha ju`da ko`p shi’g`armalar do`retpekte.

Xamid Ziyaev ju`da` ko`p tariyxshı kadrlardı jetisitirip beriwde o`zinin` u`lken u`lesin qosqan alımlardın` biri bolıp, ol 50 den ziyat ilim kandidatları ha`m doktorlıq dissertatsiyaların qorg`awg`a o`basshılıq qıldı.

[1] «Istiqlol uchun kurash»// «O’zbekiston adabiyoti va san`ati» gazetasında 1991-jılı 22-noyabr`, 5-dekabr` №45 (12546)

Xamid Ziyaev miynetlerinen Qaraqalaqstan xalıqlarının` Xiywa xanlıg`ının` tarıyxı boyınsha, olardın` azatlıq ha`m g`a`rezsizlik ushın a`sirler dawamında alıp bargan guresleri tuwralı da ko`plegen tariyxıy mag`lıwmatlar, arnawlı maqalalar, a`sirese Xiywa xanlıg`ının` tariyxı, azatlıq ushın gu`res tariyxı, Rossiyanın` bul jerde ju`rgizgen gu`res tariyxı boyınsha da ko`plegen mag`lıwmatlar tabıwg`a boladı.

# II BAP. SOVET DA`WIRDE X.ZIYAEVTIN` ILIMIY XIZMETLERI HA`M MIYNETLERI

## 2.1. X.Ziyaev miynetlerinde A`yyemgi ha`m orta a`sir da`wirindegi Turkistan xali’qlari’ g`a`rezsizlik tariyxi’ni’n` izertleniwi.

X.Ziyaev o`zinin` ko`p ji’lli’q ilimiy izertlew jumi’slari’nda a`yyemgi dawir, orta ha`m jan`a dawir tariyxi’na itibar berdi. Ko`plegen miynetler do`retip olardi’ dagazaladi’. Solardi’n` arasi’nan bir tomli’q «O`zbekistan tariyxi’ kitabi’»nda milliy azatli’q gu`resleri tariyxi’na baylani’sli’ ma`selelerdi ko`rsetip berdi. Solardan varvadorlar qozg`alan`i’ ha`m A`mir Temur ma`mleketi, Buxara, Xiywa ha`m Qoqand xanli’qları tariyxi’, Tu`rkistan menen Rossiya ortasi’nda qari’m-qatnasi’qlar tariyxi’ X.Ziyaev ta`repinen jazi’ldi’, sonday-aq Tashkent tariyxi’ kitabi’ tayarlani’p, en` a`yyemgi dawirden baslap XX asirge shekemgi tariyxi’ boyi’nsha mag`li’wmatlar berildi. Bul kitap X.Ziyaevti’n` basshi’li’g`i’ asti’nda jazi’ldi’ ha`m basi’p shi’g`ari’ldi’. Sovet dawirinde o`zbek xalqi’ni’n` kelip shi’gi’w tariyxi’ ma`selesine bag`i’shlap, Tashkentte shi’g`atug`i’n gazeta ha`m jurnallarda, solardan «Guliston», «O’zbekiston ovozi» degen jurnallarda o`zbek xalqi’ni’n` kelip shi’gi’w ma`selesi boyınsha o`zinin` jan`a pikirlerin berdi. Bul pikirler ha`m taza mag`li’wmatlar ilimiy jurtshi’li’qti’n` na`zerin o`zine qaratti’.[1]

Oraylıq Aziya territoriyasındag`ı en` a`yyemgi ma`mleketler tariyxın u`yreniwde bizge arxeologiyag`a tiyisli qazılmalar na`tiyjeleri, jergilikli jazba a`debiyatlar, ma`selen «Avesto», Beruniydin` «Osorul-bokiya» (A`yyemgi xalıqlardan qalg`an esteoikler) sıyaqlı shıg`armaları, eski iran jazıwları, grek, qıtay avtorları jazıp qaldırg`an jazba derekler ja`rdem beredi.

O`tmishten ma`lim, en` a`yyemgi ma`mleketshilik b.e.sh. IV-III mın` jıllıqta payda bolg`an Mesopotamiya ha`m Egipet esaplanıp, qalg`an territoriyalarda keyinirek, yag`nıy VIII-VII a`sirlerde payda bolg`an ha`m rawajlang`an.

---

[1] «Istiqlol uchun kurash»// «O’zbekiston adabiyoti va san`ati» gazetasında 1991-jılı 22-noyabr`, 5-dekabr` №45 (12546)

B. e. sh. 1 mın` jıllıqtın` baslarında Orta Aziyanın` salıstırmalı rawajlang`an walayatlarında ertedegi ma`mleket birlespeleri payda bola baslaydı. Son`g`ı qola da`wirinde miynettin` da`slepki iri bo`liniwi ju`z beredi. Sharwashılıq diyxanshılıqtan ajıralıp shıg`adı. Ekonomikalıq turmıstag`ı ilgerilewler na`tiyjesinde artıqsha o`nim payda boladı. Ja`miyet turmısındag`ı ha`r qıylı sotsial-ekonomikalıq o`zgerisler O`zbekstan territoriyalarında da`slepki qalalardın` payda bolıwına alıp keldi. Ko`plegen arxeologiyalıq tabılmalardın` da`liyl beriwinshe, bul qalalardın` ayırımlarının` jası 2700 jıldan kem emes. Olarg`a Afrasiab (Samarqand), Qızılto`be (Surxan alabı), Uzunqır, Erqorg`an (Qashqada`r`ya alabı) ha`m basqalar kiredi.

U`lkemiz territoriyalarında a`yyemgi qalalar ma`deniyatının` qa`liplesiwi ha`m rawajlanıwında to`mendegi faktorlar u`lken a`hmiyetke iye boladı:

- xalıqtın` otırıqshı diyxanshılıqqa o`tiwi ha`m ken` territoriyalarg`a tarqalıwı;

- o`nermentshiliktin` rawajlanıwı na`tiyjesinde ekonomikalıq, sonday-aq ma`deniy baylanıslar ha`m sawda-satıqtın` rawajlanıwı;

- ta`biyg`ıy-geografiyalıq ha`m de a`skeriy strategiyalıq sharayatlar.

Qala ma`deniyatı da`slep O`zbekistannın` Surxan alabı (Arqa Baqtriya), Sogd (Qashqada`r`ya, Samarqand, Buxara), Xorezm ha`m Ferg`ana territoriyalarına tarqaldı.

Orta Aziyada axameniylerge shekemgi da`wirde to`mendegi birlespeler o`mir su`rgen:

1. Areshayena - Orta Aziyadag`ı a`yyemgi walayatlardın` «dahiesasti» birlespesi.

2. Arenam Vayjo - bul da Areshayenaday, yag`nıy onın` orayı Ariya ha`m Margianada bolg`an «U`lken Xorezm» yamasa A`miwda`r`yanın` to`mengi ag`ısındag`ı Xorezm ma`mleketi.

3. A`yyemgi Baqtriya ma`mleketi.

«Avesto»da da «U`lken Xorezm»ge qaraslı wa`layatlar birme-bir sanap o`tiledi. Bul boyınsha Oraylıq Aziyanın` derlik u`lken bo`legi U`lken Xorezm

territoriyasına tiyisli ekenligi sıpatlanadı. Bul pikirdi grek avtorları da tastıyıqlaydı. Ma`selen Gerodot «U`lken Xorezm» ma`mleketinin` egislik maydanların suwg`arıw ushın Oks da`r`yasına bo`get (plotina) qurılg`anlıg`ı haqqında xabar beredi. Ol ha`zirgi Hirat ha`m Marı wa`layatları U`lken Xorezm jerleri bolg`an degen ideyanı beredi. B.e.sh.VIII-VII a`sirlerde Oks-Tajan alabı, yag`nıy ha`zirgi Turkmenstan territoriyaları, Charjawdan baslap Xorezmge shekemgi jerler «U`lken Xorezm»ge tiyisli bolg`an. A`psanalarda Xorezmnin` en` a`yyemgi dinastiyaları sıpatında Siyavushlar tilge alınadı. B.e.sh. IV a`sirge kelip «U`lken Xorezm»nin` A`miwda`r`yanın` to`mengi ta`repindegi territoriyası «A`yyemgi Xorezm» ma`mleketine birlesedi. Usı da`wirde Farasman isimli patsha bolg`anlıg`ı jazba dereklerde ko`rsetiledi.

Prezident I.Karimov «Tarixiy xotirasiz kelajak yo’q» miynetinde «Xorezm ma`mleketi tariyxın biz 2700 jıllıq tariyx dep bilemiz. Lekin Rossiyanın` o`tmishtegi, bu`gingi ku`ndegi tariyxshısınan sorap ko`rin`, usını ta`n alar ma eken? Ta`n almaydı, bilmeydi, biliwdi de qa`lemeydi. O`jetliktin` sebebi bir na`rsede, egerde ta`n alg`anday bolsa, tariyxıy juwmaqları jalg`ang`a shıg`adı, ilimde jalg`an jol menen barg`anları a`shkara boladı. A`yyemgi qol jazbamız Avestonın` jaratılg`anına 3000 jıl bolmaqshı. Bul bahalı kitap bunnan XXX a`sir burın eki da`r`ya aralıg`ında, yag`nıy usı topıraqta ata-babalarımızdın` biz a`wladlarg`a qaldırg`an ma`naviy ha`m tariyxıy miyrası bolıp esaplanadı»[1]-, deydi.

Oraylıq Aziyanı Axameniyler imperiyası basıp alg`ang`a shekem (b.e.sh.VI-IV a`sirler) bul jerde eki ma`mleket bolg`an. Bul ma`mleketler u`lken Xorezm ha`m a`yyemgi Baqtriya territoriyası ha`zirgi Surxandar`ya walayatı, qubla Tajikstan, arqa shıg`ıs Afganistan.

Oraylıq Aziyanın` en` a`yyemgi u`lkelerinen biri Sogdiana bolıp esaplanadı. Bul u`lke ha`zirgi Samarkand, Qashqadar`ya, Nawayı ha`m Buxara wa`layatlarının` territoriyasında qa`liplesken.

Tariyxıy da`stu`rlerge baylanıslı olardın` xalqı ha`r bir diyxanshılıq alabının` atı menen yag`nıy Sogdlar, Xorezmiyler, Baktiriyalılar dep ju`ritiledi.

---

[1] Каримов И.А. Тарихий хотирасиз келажак йўқ. Т., 1998, 21-бет

Orta Aziyanın` ko`shpeli sharwa xalıqları arasında en` irileri saklar ha`m massagetler bolg`an. Massagetler A`muda`r`ya jag`alarınan baslap tap Sırda`r`yag`a shekem sozılıp jatırg`an sho`llerde jasag`an. Al saklar bolsa Sırda`r`yanın` shıg`ıs ha`m arqa shıg`ıs ta`replerinde ha`zirgi Tashkent wa`layatının` jerlerinde tirishilik etken. Grek dereklerinde saklar, skifler dep keltirilgen. Dala xalqı negizinen sharwashılıq penen shug`ıllang`an.

B.e.sh. VI a`sirde Iranda axameniyler ma`mleketi payda boldı. Bul ma`mleket eki a`sir dawamında o`mir su`rgen. Onın` territoriyaları Egipetten arqa-batıs Hindistang`a shekem sozılg`an edi. Axameniyler ma`mleketinin` paytaxtı Persopol` qalası bolg`an. Iranda axameniyler dinastiyası b.e.sh. 558-329 jılları u`stemlik etti. Kir II tusında Midiya, Elam, Vaviloniya patshalıqları boysındırılıp dun`yada birinshi imperiyag`a tiykar saldı.

Bixustun jazıwlarına qarag`anda parsılarg`a bag`ının`qı bolg`an xalıqlar ha`m eller diziminde Orta Aziyanın` bir qatar wa`layatları Margiana, Baktriya, Xorezm ha`m saklardın` jerleri bar. B.e.sh. 530 jılı Kir massagetler eline kiredi. Kir ta`repinen Orta Aziyanın` basıp alıwı protsessin u`sh basqıshqa bo`liw mu`mkin:

1. Parfiya ha`m Kaspiy boyı saklarına atlanıs;

2. Baktriya ha`m Amyurgiya saklarına atlanıs;

3. Xorezm ha`m massagetlerge atlanıs. Gerodottın` «Tariyx» kitabında jazıwına qarag`anda Kir II a`skerleri massagetler patshası Tumaris penen bolg`an sawashta u`lken jen`iliske ushıraydı ha`m patshanın` o`zi o`ltiriledi. Gerodottın` jazıwınsha, a`yyemgi turanlıqlar, sonın` ishinde massagetler Quyashqa, Jerge sıyıng`an. Olar watanların quyash sıyaqlı muqaddes dep bilgen, erkinlikti ba`rinen joqarı qoyg`an. Kirdin` o`limi Oraylıq Aziyanı Iran axfmeniylerine g`a`rezli bolıwdan qutqara almadı. 522 jılı 29 sentyabr`de Axameniyler taxtına otırg`an Dariy I Margianada Frada basshılıg`ında bolg`an ko`terilisti bastırdı. Dariy I (b.e.sh. 522-486 jj.) Kirdin` basqınshılıq siyasatın dawam ettirdi. B.e.sh. 520-518 jılları saklarda Shirak haqqında, onın` kaxarmanlıg`ın ko`rsetetug`ın a`psanalar ken` tarqaldı.

Dariy I o`z imperiyasın ayrıqsha wa`layatlarg`a, satraplıqlarg`a bo`lip basqarg`an. Orta Aziya aymag`ı axameniyler ta`repinen u`sh satraplıqqa bo`lip basqarılg`an. Orta Aziyanın` u`lken bo`legi (Ferg`ana oypatı menen Tashkent oazisinen tısqarı) b.e.sh. VI-IV a`sirlerde Iran axameniyleri qol astında boldı. Orta Aziya xalıqları 200 jıl dawamında derlik Iran basqınshılarına qarsı ma`rtlik gu`res alıp bardı. B.e.sh. IV a`sirde Xorezm biyg`a`rez ishki ha`m sırtqı siyasat ju`rgize basladı.[1]

B.e.sh. 329 jılı Iskender Zulqarnayın (Aleksandr Makedonskiy) basshılıg`ında grek-makedon a`skerleri Orta Aziya jerlerine basıp kirdi. Iskender (b.e.sh. 356-323 jj.) a`yyemgi dun`yanın` iri a`skerbasıları ha`m ma`mleketlik iskerlerinin` biri. Usı payıtta Baktriya hu`kimdarı axameniyler ruwınan bolg`an Bess edi. Ol Dariy III ti za`ha`rlep o`ltiriwde qatnasqan ha`m o`zin Artakserks atı menen patsha dep dag`azalag`an. Da`slep Baktriyalı Oksiart, Sogdlı Spitamen Besstin` niyetin an`lap jetpey, onın` menen birge boladı. Ol o`zin olardan joqarı qoyadı. Shaxlarday qatnasta bolıwg`a umtılıp atırg`anın sezgen Spitamen, Oksiart Bessti kisenlep Iskenderge tapsıradı. Spitamen ha`m onın` awqamlasları Bessti Iskenderge tapsırıw arqalı dushpanlarının` jawlap alıwshılıg`ın toqtatpaqshı boldı.

Iskender Orta Aziyag`a atlanısları gezinde birinshi ma`rtebe Ustrushanada Samarkand penen Xojand aralıg`ında tawlılardın` ku`shli qarsılıg`ına ushıraydı. Ariannın` jazıwına qarag`anda, ol 30 mın` jergilikli xalıqtan 22 mın`ın qırıp taslaydı. Qolg`a tu`siwdi qa`lemegen tawlılardın` qalg`anları o`zlerin jar taslardan taslap o`ledi. Bul qorqınıshlı waqıya Spitamennin` «ko`zin ashtı». Ol Iskenderdin` niyetlerinin` to`rkinin tolıq tu`sinip jetti ha`m og`an qarsı qatan` gu`reske atlandı. Spitamennin` basshılıg`ında basqınshılarg`a qarsı xalıq ha`reketi baslanıp ketti. Diadordın` xabarına qarag`anda ko`terilistin` birinshi basqıshında «Iskender ko`terilis jasag`an sogdılardı jen`ip, 120 mın` xalıqtı qırıp tasladı, onın` ekinshi basqıshında «ol baktriyalılardı jazalap, sogdılardı qaytadan o`zine bag`ındırdı ha`m orınlarda qorg`anlar saldı», ko`terilistin` 3-basqıshında «ko`terilis jasag`an sogdılardın` tawlarg`a qashıp jasırıng`anların tutqıng`a aladı». Saklardın`

[1] Х.Зияев. Ўзбекистон мустақиллиги учун курашларнинг тарихи. ( милоддан олдинги асрлардан то 1991 йил 31 августигача). Тошкент, «Шарқ» 2001 йил., 17-бет

qarsılıg`ın qaytarıp turıw maqsetinde Sırdar`ya boyında 17 ku`n ishinde bekkem qorg`anıw diywalı menen qorshalg`an qorg`an saldırdı. Qorg`ang`a «Alıstag`ı Aleksandriya» dep at qoydı.

B.e.sh. 328 jılı qıs aylarında Baktriyada Iskenderge Xorezm patshası Farasmannan elshiler keledi. Bunda ol Qara ten`iz boyındag`ı skiflerge qarsı a`skeriy atlanıslarda ja`rdem beriwge tayar ekenligin bildirdi.

B.e.sh. 328 jılı Iskender sogd jerlerine qaytadan atlanısın baslaydı. Spitamen massagetler eline jaqın jaylasqan Bagi qorg`anında bolg`an sawashta jen`iledi ha`m 800 atlı a`skerinen ayırıladı. Grek tariyxshılarının` mag`lıwmatına qarag`anda ko`shpeli qa`wimler sawashtan keyin Spitamennin` gellesin Iskenderge jibergen. Bul haqqında basqa da pikirler bar.

Sogd xalqının` azatlıq gu`resinin` 3-basqıshı basqa xarakterge iye boldı. Endi sogd diyxanları dushpang`a qarsı aktiv ha`reket etpedi. Iskender jergilikli xalıqqa jaqınlasıw onın` menen til tabısıw jolına o`te basladı. B.e.sh. 327 jılı sogd xalqının` qarsılıg`ın jen`ip, Iskender Hindstang`a atlanısın basladı. Ol Hindistan jerlerin jawlap alıp, eki da`r`ya aralıg`ına qaytıp keledi. B.e.sh. 323 jılı Iskender o`liminen son` Iskender imperiyası u`shke bo`linip ketti. Orta Aziya wa`layatları b.e.sh. 312 jıldan baslap Selevka ma`mleketine g`a`rezli boldı. B.e.sh. III a`sirdin` ortalarında Parfiya ha`m Baktriya Selevkiyler g`a`rezliginen ajıralıp shıqtı. Bul waqıtta Baktriya satrapı Diodot edi. Baktriya Diodot I da`wirinde qudiretli ma`mleketke aylandı. Onın` quramına Eftidem basqarg`an da`wirlerden (b.e.sh. 212 j) Baktriya, Sogd, Areya ha`m Margiana kiretug`ın edi. B.e.sh. 141 ha`m 128 jıllar arasında Grek-Baktriya yue-chji qa`wimleri ta`repinen basıp alındı. Grek-Baktriya shıg`ıstın` iri ma`mleketi sıpatında 120 jıldan aslam waqıt jasadı.

Usı da`wirdegi biyg`a`rez siyasat ju`rgizgen ma`mleketlerdin` biri A`yyemgi Xorezm boldı. B.e.sh. IV-b.e.sh. I a`sirlerdegi A`yyemgi Xorezmnin` iri esteliklerinin` biri Qoyqırılg`an qala bolıp tabıladı. Qoyqırılg`an qalada 1951-1957-jılları axeologiyalıq jumıslar alıp bardı. Qorg`annın` oraylıq imaratı o`z da`wirinde observatoriya rolin atqarg`an degen pikirler bar. Qoyqırılg`an qalanın` to`mengi qatlamınan b.e.sh. III a`sirge tiyisli jazıw u`lgileri tabıldı. Jazıw Aramey

alfaviti tiykarında Shıg`ıs Iran tilleri dialektinde jazılg`an. S.P.Tolstov olardı A`yyemgi Xorezm jazıwı dep ataydı. B.e.sh.III-I a`sirlerde A`yyemgi Xorezmde qala turmısı, ekonomika, ma`deniyat joqarı da`rejede rawajlang`an. Bul da`wirde Qang ma`mleketinin` ten`geleri gezlesedi. Sonın` ushın S.P.Tolstov bul da`wir Xorezm tariyxın Qang ma`mleketi quramında ko`redi.

Sırda`r`yanın` orta ag`ıslarında, ha`zirgi Tashkent ha`m Sırdar`ya wa`layatları, sonday-aq qubla Qazaqstan jerlerinde jasaytug`ın a`yyemgi Sak qa`wimlerinin` makedoniyalı Iskenderge ha`m Selevkiylerge qarsı gu`reslerinin` barısında b.e.sh. III a`sirde yarım otırıqshı Qang` ma`mleketi du`ziledi. B.e.sh. II-I a`sirlerde Sırdar`yanın` orta ag`ısı rayonlarında tu`rkiy tilde so`yleytug`ın jan`a etnos ju`zege kele baslaydı. B.e.baslarında bul jan`a etnos san jag`ınan ko`beyip, qang`ar elatı bolıp qa`liplesedi. Qang` ma`mleketi jeti a`sir o`mir su`rdi. Bul ma`mleket V a`sir ortalarında qıyraydı. Qang` ma`mleketine qaraslı jerler bir neshe wa`layatlarg`a bo`lingen. Olardı basqaratug`ın baslıqlar jabg`u yamasa ebg`ular dep atalg`an. Qang` ma`mleketinin` eki orayı bolg`an: turaqlı rezidentsiyası Sırda`r`yag`a jaqın jerde Qanqa (Qang`diz), jazg`ı rezidentsiyası Otırar (Tarband) qalaları bolg`an. Qang`uy ma`mleketi b.e.sh. II a`sirdin` aqırı ha`m I a`sirdin` basında ullı ma`mleket bolıp biyg`a`rez siyasat alıp barg`an.[1]

I a`sirde qang`arlar Buxara menen Xorezmdi iyeleydi. Bul wa`layatlar tez arada Qang` ma`mleketinin` ta`sirinen shıg`ıp Kushan saltanatının` quramına o`tedi.

B.e.sh.II-I a`sirlerde qu`dretli Davan ma`mleketi birlespesi bolg`an. Ferg`ana jerleri Iran axameniyleri ha`m makedoniyalı Iskenderge de bag`ınbag`an. Ol a`yyemgi waqıtlarda Parkan dep atalg`an. Onın` Davan` atı bolsa qıtaylar ta`repinen berilgen. Davan` ma`mleketinin` siyasiy du`zimi qala-ma`mleket yamasa konfederatsiya edi. Qıtay sayaxatshısı Chjan Tsyan`nın` (b.e.sh.II a`sir) so`zlerine qarag`anda bul ma`kanda 70 abad qala bolg`an. Davanda diyxanshılıq, jılqıshılıq rawajlang`an. Qıtaylılardı Ferg`ananın` arg`ımaq atları tan` qaldırg`an.

[1] Х.Зияев. Ўзбекистон мустақиллиги учун курашларнинг тарихи. ( милоддан олдинги асрлардан то 1991 йил 31 августигача). Тошкент, «Шарқ» 2001 йил, 22-бет

Orta Aziya aymaqlarında Eftalitler ma`mleketi ornag`annan keyin A`yyemgi Ferg`ana ma`mleketi o`z g`a`rezsizligin jog`alttı.

Orta Aziya territoriyası I-IV a`sirlerde o`z da`wirindegi iri imperiyalardın` biri bolg`an Kushan ma`mleketi qol astında boldı. Bul ma`mlekettin` tiykarın salg`an yue-chjilerdin` bes qa`wiminin` biri bolg`an Guyshuan hu`kimdarı Kudzula Kadfiz boldı. Kushan ma`mleketi Parfiya, Awg`anstan ha`m Kashmirdi basıp aladı. Vima Kadfiz tusında Pakistan menen Hindstannın` oraylıq wa`layatları qosıp alınadı. Kanishkannın` da`wirinde Hindstannın` qubla rayonları, Orta Aziyanın` Sogdiana, Xorezm ha`m Choch wa`layatları Kushanlar qolına o`tedi. Ma`mlekettin` paytaxtın Baktriyadan Peshevarg`a ko`shiredi. Kanishka budda dinin ra`smiy ma`mleketlik din dep dag`azalaydı. III a`sirdin` ortalarında Hindstanda Kushanlardan biyg`a`rez ma`mleket du`zilgen. Tap usı jıllarda Xorezmde Kushanlardan bo`linip shıqtı. III a`sir ortalarınan baslap Kushanlar saltanatı dag`darısqa bet burdı. Kushan da`wirinin` esteliklerinen Ayrıtam, Surxandar`ya wa`liyatlarında Dal`varzinto`be, Zerto`be, Xorezmde Topıraq qala ha`m basqalar bolıp esaplanadı. Ayırtam Termizge jaqın jerde A`miwda`r`ya jag`asında boy tiklegen. Bul jerden a`yyemgi muzıka a`spabı arfanı shertip otırg`an muzıkantlardın` su`wreti berilgen ko`rkem o`ner estelikleri tabıldı. Ullı Jipek jolı arqalı sawda baylanısları alıp barıldı.

X.Ziyaev orta a`sirler dawiri tariyxi’ mashqalalari’ boyi’nsha o`zinin` pikrlerin ortag`a saldi’ ha`m 1970-ji’llari’ O`zbekistan tariyx ha`m ja`miyetlik tarawdag`i’ ilimpazlar qatnasi’wi’nda o`tkerilgen A`mir Temur xi’zmetlerin baqlawda aktiv turde qatnasti’ ha`m A`mir Temurdi’n` Orayli’q Aziyada tutqan roline joqari’ baha berdi. Bul maselede ol sol waki’ttagi’ ulli’ ilimpazlar bolg`an I.Muminovti’n A`mir Temurdi’n` roline bergen bahalari’n qollap quwatladi’ ha`m bul tuwrali’ shi’gi’p so`ylewlerinde ha`m jazg`an maqalalari’nda A`mir Temurdi’n` rolin ashi’qtan-ashi’q ko`rsetip berdi. Bul sol waki’ttagi’ u`lken bati’rli’k isleri edi. Sebebi Moskvada shi’g`atug`i’n «Istoriya SSSR» ha`m basqada jurnallari’nda I.Muminovti’n` A`.Temurg`a bag`i’shlang`an kitabi’na qarsi’ jazi’lg`an arnawli’ maqalalar ko`plep basi’lg`an edi. Ol maqalalarda

I.Muminovti’n` «qa`teliklerin» ko`rsetip, oni’ milletshilkte ayi’plawlar ko`p boli’p I. Muminovti’ milletshilikti ayi’plap jazi’lg`an maqalalarg`a qarsi’ X.Ziyaev «Soqibqiron hoqihoti equd I.Muminovti’n` tariyxi’y josirati» atli’ maqalasi’nda (Uzbekstan ovozi 1995-ji’l 30-noyabr`) bayan etiledi. Bul maqalasi’nda A`mir Temurdi’n Turan jerinde islegen siyasiy-sotsialli’q ha`m ma`deniy tarawdag`i’ islerine joqari’ baha berilgen.

X.Ziyaev islam dininin` tariyxi’ boyi’nsha ko`plegen maqalalar jazi’p baspa so`z betlerinde dagazaladi’. Ol «Quranı karimnin`» tariyxi’ boyi’nsha da arnawli’ maqala jazg`an ha`m oni’n` Rossiya imperiyasi’ni’n` paytaxti’na bari’p qali’w jo`ninde mag`li’wmatlar keltirilgen.[1]

X.Ziyaev o`zinin` izertlewlerinde Qazaqstan ha`m Orta Aziya jerlerin Rossiya imperiyasi’ ta`repinen basi’p ali’wın arxivlik materiallar negizinde ko`rsetip bergen ilimpaz. Tu`rkistan ha`m Rossiya ma`selesi boyi’nsha ol birneshe monografiyalar do`retti. Yag`ni’y «Wrta Osie va Sibir», «Wrta Osie va Ural byylari», «Wrta Osie va Volga bwylari», «Uzbeki v Sibiri», «Ekonomicheskie svyazi Sredney Azii s Sibir`yu» atamadagi’ maqalalari’ jari’q ko`rdi.

Ko`rnekli ilimpaz tari’yxi’y hu`jjetler ha`m bar bolg`an a`debiyatlar negizinde birinshi nawbette rus tilindegi tari’yxi’y derekler, arxiv hu`jjetlerine negizlenip Rossiya ta`repinen qon`si’ ma`mleketlerdi basi’p ali’ni’wi’ tari’yxi’na u`lken itibar berdi. Rossiya XVI a`sirge kelip ekonomikali’q ha`m siyasiy jaqtan birqansha rawajlani’w mu`mkinshiliklerine iye boli’p, qon`si’ ma`mleketlerdi basi’p ali’w siyasati’n aktivlik penen ju`rgize baslaydi’. Rossiya en` da`slep Volga boylari’n ,Ural da`r`yasi’ni’n` jag`alari’n, onnan keyin Sibir territoriyasi’ni’n` jerlerin o`zine qarati’wdi’ maqset etip qoyg`anli’gi’n, bul jerlerdi a`skeriy ha`reketler menen o`zine boysi’ndi’rg`anli’g`i’ ha`mmege ma`lim. Bul jag`daylardi’n` a`melge asi’ri’li’wi’nda Alti’n Orda ma`mleketinin` ku`l talqan boli’p parshalani’p ketiwinde tiykargi’ sebeplerdin` birinen bolg`anli’g`i’ ma`lim. Alti’n Orda ma`mleketinin` bo`lekleniwi ha`mde Shaybaniy o`zbeklerinin` Orta Aziyag`a keliwleri Kazan xanli’g`i’, Astraxan xanli’g`i’ni’n` basi’p ali’wi’ Orta

[1] «Sharq yulduzi» jurnali 1991 jil 1 can, «O’zbekiston ovozi» 1997 jil 7 mart

Aziya ha`m Qazaqstan jerlerine qaray ruslardi'n` kiriwine ken` mu`mkinshilikler ashi'p bergenlikleri tuwrali' professor Xamid Ziyaevti'n` miynetlerinde ju`da ko`plegen mag`i'uwmatlar keltirilgen. Buxara xanli'gi'ni'n` ha`m Xiywa xanli'gi'ni'n` du`ziliwi menen Sibir jerlerinde de ko`plegen o`zbek awi'llari' ha`mde qalalarında Buxaradan ha`m Xiywadan barg`an o`zbek sawdagerleri ushi'n bul jerlerde jasawshi' o`zbek sawdagerlerine qolayli' jag`daylar du`zilgenligi ko`rsetilip, Sibirdegi o`zbeklerdin` tari'yxi'y turmi'si' O`zbekistan tari'yxı iliminde birinshi boli'p bul ma`seleni tari'yxi'y hu`jjetler ha`m awi'zsha derekler negizinde izertlegen Xamid Ziyaev boli'p, bul ma`sele boyi'nsha jazg`an kitap ha`m maqalalari' ilimiy ja`miyetshilik ortasi'nda u`lken qi'zi'g`i'wshi'li'k tuwdi'rg`an. A`sirese, Buxarada ju`da abi'rayli' xan bolg`an Buxara xanli'g`i' dawirinde Buxara menen Sibir xali'qlari' ortasi'nda ekonomikali'q, ma`deniy ha`m sawda baylani'slari' ju`da ku`shli bolg`anli'gi' ko`rsetiledi. Sibir` jerlerinde islam dininin` ken` tu`rde tarqali'wi'nda Buxarani'n` tasiri bolg`anli'gi' tuwrali' Xamid Ziyaevti'n` miynetlerinde ken` tu`rde ko`rsetip bergen dep aysaq qa`telespeymiz.

IX-XIII a`sir baslarında Maverannaxr ha`m Xorasan aymag`ı jer ju`zilik ilim ha`m ma`deniyat oshaqlarının` birine aylandı. Merv, Buxara, Samarqand, Kyat, Urgench qalaları o`z da`wirinin` en` iri ma`deniyat orayları boldı.

Ma`mlekettin` ma`deniy turmısında ha`m ilimiy jumıslarda arab tili ken` tu`rde qollanıla basladı. Ilimiy miynetler arab tilinde jazıldı. Bunday jag`day X a`sirdin` ortalarına shekem dawam etti. X a`sirdin` ortalarınan baslap Maverannaxr xalqı parsı-ta`jik tilinde jaza basladı.[1]

Usı da`wirdegi ullı shayırlardan Abdulla Djafar Rudaki ha`m shıg`armaların ta`jik tilinde jazg`an Daqiqiy ha`m basqalar boldı. Daqiqiy «Shax name» shıg`armasına baslama saldı, biraq onı aqırına shekem jetkere almadı. «Shax name»nı tamamlag`an Ferdausi boldı. O`z da`wirinin` en` ullı filosoflarının` biri Abu-Nasr al Farabi (873-950) boldı. Ol kelip shıg`ısı boyınsha orta aziyalıq bolıp, shıg`ıs filosofiyasının` rawajlanıwında xızmeti u`lken. Farabi ta`repinen

[1] Зияев Х. Ўзбек хонликлари Чоризм асоратида (XIX асрнинг 50-70-йиллари). Т.,1994, 249-бет

Aristotel`din` metafizikasına kommentariy jazdı. Farabi da`slep Buxarada, son`ınan Bag`dadta oqıdı.

IX a`sir basındag`ı ullı alımlardın` biri Al Xorezmi boldı. Onın` o`miri ha`m xızmetleri shıg`ıstag`ı u`sh ma`deniy oray: Xorezm (Urgench), Xorasan (Merv) ha`m tiykarınan jasap, miynet etken Bag`dad penen baylanıslı boldı. Kelip shıg`ısı boyınsha Xarumlik bolg`an, ol Abbasiyler dinastiyasının` Xalifa Mamun sarayında Bag`dadta matematika, geografiya, astronomiya boyınsha ilimiy miynetler jazdı. Ol Xorezmnin` algebra ilimine tiykar saldı. Ol «Du`n`yanın` kartası» miyneti menen arab geografiya ilimine baslama salıp berdi. Onın` «Astronomiyalıq tabritsalar» ha`m «Quyash saatları xaqqında traktat» miynetleri latın tiline awdarılıp Shıg`ıs ha`m Evropa ellerinde orta a`sirlik iliminin` rawajlanıwına ku`shli ta`sir etti.

X-XI a`sirdegi Maverannaxrdan ullı alımları arasında Abu Ali Ibn Sino ha`m Beruniy ayrıqsha orındı iyeledi. Abu Ali Ibn Sinoda ilimge qızıg`ıushılıqtın` payda bolıwında a`kesi Abdulla ibn Xosannın` roli u`lken bolg`an. Abdulla ibn Xasan o`zi Balx qalasınan bolıp, o`z zamanının` sawatlı adamlarının` biri bolıp, finans salıq mekemesinde xızmet isledi. Ol ulının` ha`r ta`repleme teren` bilim alıwı ushın g`amxorlıq etti. 16 jasında filosofiya, meditsina ilimlerin teren` u`yrendi. Onın` ustazları filosof Ibrayim Notiley, ataqlı ta`wip ibn Al Kamariy boldı.

Ibn Sino 17 jasında, yag`nıy 997 jılı a`mir Nux II ibn Mansurdı (976-997) emlegeni ushın samaniylep kitapxanasınan paydalanıw xuqıqına iye boldı. Ol kitapxanada 10 jıl dawamında jumıs isledi. «Bul kitapxanada sonday kitaplardı ko`rdim,- dep jazg`an edi ol eske tusiriwlerinde,- ko`pshilik ha`tte ol kitaplardın` atın da bilmeydi. Men bunday kitaplardı burın ha`m keyin de ko`rgen emespen. Men usı kitaplardı oqıdım ha`m o`zim ushın ko`p payda aldım, ha`r bir alımnın` ilimdegi ornın an`ladım».

Biraq 1005 jılı Ibn Sino Xorezm paytaxtı Gurganjg`a ketiwge ma`jbur boladı. Onın` Buxaradan ketiwine Samaniyler ma`mleketindegi awır ekonomikalıq ha`m siyasiy qıyınshalıqlar sebep boldı. 999 jılı Maverannaxr Qaraxaniyler ma`mleketinin` qol astına tu`sip qalg`an edi.

Usı waqıtları Mamun (997-1017) qol astında bolg`an Gurgandj qalasında Ibn Sino jeti jılg`a jaqın o`mir su`rdi ha`m o`zinin` miynetlerin jazdı. Usı waqıtları ol o`z da`wirinin` ullı alımları Masixiy, Xammar ibn Iroq ha`m basqalar menen alımlar ma`jilislerinde qatnasqan, ta`wipshilik etken, ilimiy bilimlerin jetilistirgen.[1]

Usı da`wirde Maxmud G`aznaviy Ibn Sinonı qalasına sarayg`a aldırıwg`a ha`reket isleydi. Biraq ol G`aznag`a barıwdan bas tartıp, Xorezmnen ketip qaladı. Sultan Maxmud xudojnik Abu Nasr Arraqqa Ibn Sinonın` su`wretin saldıradı ha`m onı 40 dana etip ko`beytirip wa`layat hu`kimdarlarına jiberedi. Bunda usı su`wrettegi Ibn Sinonı tawıp, menin` aldıma jiberin dep bu`yıradı. Biraq ol bunnan son` da 25 jıl dawamında Gurganjda (1012-1014), Rayda (1014-1015), Xamayunda (1015-1023), Isfaxanda (1023-1037) miynet etti. Ibn Sina «Emlew kitabı», «Meditsina biliminin` tiykarları», «Donishnoma» ha`m basqa da kitapların jazdı. Onın` jumıs ku`n ta`rtibi xaqqında sha`kirti bılay dep jazgan edi: «Ol tan` atpastan oyanıp «Emlew kitabı» u`stinde jumıs isledi, tan` atqannan keyin sha`kirtlerin qabıl etti. Azanda sha`kirtleri menen ba`nt boldı. Usı payıtta awırıwlardı qabıl etti». Ibn Sino usıg`an qaramay ha`r ku`ni 50 betke shekem ilimiy miynetler jazg`an. Ibn Sino 1037 jılı 18 iyun`da 58 jasında qaytıs boldı. Ol o`z o`limi aldınan barlıq mal-mu`lklerin qambag`allarg`a, bala-shag`alarg`a bo`listirip bergen. Ibn Sino o`liminin` aldında «Biz o`lemiz, biraq o`zimiz benen bir na`rseni, hesh na`rse bilmeytug`ınımızdı alıp ketemiz» degen edi.

Beruniy (973-1048) ko`p tillerdi bilgen. A`yyemgi Xorezm tilin jaqsı bilgen. Xorezm tili parsı, tu`rk tillerine uqsamag`an. Beruniy shıg`armaların arab tilinde jazg`an. Ol ko`p ma`mleketlerde bolg`an (Iran, Awg`anıstan, Iraq, Hindstan). 995 jılı Urgench qalasının` ha`kimi Qıyat qalasın basıp alg`an keyin Beruniy Irang`a ketiwge ma`jbur bolg`an. Irannın` arqa ta`repindegi Gurgan qalasında turg`an ha`m usı jerde «A`yyemgi xalıqlardan qalg`an estelikler» miynetin jazg`an. Beruniy bul miynette arab basqınshılıg`ına shekemgi da`wirdegi Orta Aziya xalıqlarının` ma`deniyatı, Nawrız bayramı, arablardın` jawlap alıwı h.b. mag`lıwmatlar bergen.

[1] X. Zieev. Tarix –o’tmish va kelajak ko’zgusi. T.,2000. 22-bet

Shıg`armada 90 g`a jaqın xalıqlardın` atları 300 ge jaqın jer atamaları bayan etiledi. XI a`sirdin` basında Xorezmnin` paytaxtı Qıyat qalasınan Urgenchke ko`shkennen keyin Urgench u`lken ma`deniy orayg`a aylanadı. Ilimpazlardın` bas qosıp jumıs isleytug`ın ornı Mamun Akademiyası dep atalg`an. Beruniy Mamun Akademiyasında Ibn Sina, Masaxiy Xammar h.b. alımlar menen birge miynet etken. Birak 1017 jılı Maxmud G`aznaviy Xorezmdi basıp alg`annan keyin Beruniydi sarayına aldırg`an. Beruniy G`aznaviydin` Hindistang`a jasag`an atlanıslarına qatnasıp, «Hindistan» degen ataqlı miynetin jazdı. Beruniy du`n`ya xalıqlarının` kartasın islep shıqtı. Jerdin` quyash do`gereginde aylanıwın da`liylledi.

IX a`sirde jasap do`retiwshilik miynet penen shug`ıllang`an ullı alımlardın` biri Axmed Ferg`aniy bolıp esaplanadı. Onın` ilimiy miynetleri pu`tkil du`n`yag`a ma`lim. Onın` «Kitob Fi Usul ilman Nujum» (Astronomiya iliminin` usılları xaqqında kitap) miynetinin` qol jazbaları Angliya, Frantsiya, AQSh, Egipet ha`m Sankt-Peterburgta saqlanbaqta. Axmed Ferg`aniydin` 812 jılı quyash tutılıwın aldın-ala ma`lim etiwi, jerdin` domalaq shar formada ekenligin da`liyllewi alımg`a u`lken abıroy alıp keldi. Keyinirek Egipette jasag`an payıtta Nil da`r`yası suwın o`lsheytug`ın a`sbap islegen. Axmed Ferg`aniydin` astronomiyag`a tiyisli iri shıg`armalarınan biri «Aspandag`ı ha`reketler ha`m juldızlar iliminin` toplamı xaqqında kitap» bolıp esaplanadı. Bul shıg`arma «Astronomiya negizleri» dep te ataladı. XII a`sirde-aq alımnın` shıg`armaları latın tiline awdarılıp pu`tkil Evropag`a tarqaladı.

XI a`sirde jasap miynet etken Maxmud Qashg`ariy tu`rkiy xalıqlar tariyxı, tili, ma`deniyatı, u`rp-a`detlerin puxta u`yreniw maqsetinde pu`tkil Oraylıq Aziyanı aralap shıqtı. 1074-1075 jılları Maxmud Qashg`ariy ta`repinen «Devonu lug`atit tu`rk» (Tu`rk tilinin` lug`ati) shıg`arması jazıldı. Bul miynette tu`rkiy xalıqları awızeki do`retpesi ha`m jazba a`debiyatına tiyisli 300 den artıq qosıqtan u`zindiler, maqallar, hikmetli so`zler berilgen.

Qaraxaniyler saltanatı da`wirinin` ullı alımlarınan biri Yusuf Xos Xojib bolıp, ol o`zinin` ha`zirge shekem bizge ma`lim bolg`an ko`rkem-filosofiyalıq

«Kutadg`u bilig» (Baxıtqa baslawshı bilim) shıg`arması menen du`n`yaga ma`lim boldı. Yusuf Xos Xojibtin` o`mir jolı, xızmetinen mag`lıumat beriwshi bir de derek joq, tuwılg`an jılı ha`m o`limi ma`lim emes. Tek ullı alımlar «Katadg`u bilig» shıg`armasındag`ı mag`lıwmatlar tiykarında g`ana ol xaqqında ayırım juwmaqlar shıg`arıw mu`mkin. Yusuf Balasagunda xızmetker shanarag`ında tuwılg`an. Shıg`armanı Kashqarda tamamlap, Qaraxaniyler xanı Tavgash Bugroxang`a imam etken. Xan alımdı saylıklap, o`z sarayında Xos Xojiblik (Saraydın Xos Naziri) lawazımın bergen.

O`z da`wirinin` iri ag`artıwshılıq ha`m ma`deniyat oshag`ı bolg`an Balasugunda bolg`an alım, mektep ha`m medreselerde oqıp tıyanaqlı bilim alg`an, arab, parsı, ta`jik tillerin u`yrengen, filosofiya, matematika ha`m basqa ilimlerdi iyelegen.

Tu`rkiy tilde jazılg`an didaktik teoriyallıq-filosofiyalıq «Katadg`u bilig» shıg`arması kirisiw ha`m juwmaklawdan, ag`artıwshılıq, bala ta`rbiyası, ja`miyetlik orınlarda o`zin tutıw, so`zdin` a`hmiyeti ha`m qa`diri, insan ruwhıy du`n`yasının` ko`plegen ma`seleleri so`z etiledi.[1]

Tu`rkiy a`debiyattın` iri wa`killerinen biri Axmed Yugnakiy bolıp esaplanadı. Onın` bizge shekem jetip kelgen birden bir miyrası «Xabatul-Xakoyik» (Xaqıyqatlar armug`oni). «Xabatul Xaqoyiq»tın` 1480 jılı ko`shirilgen nusqası 235 bayt ha`m 11 baptan ibarat. Qosıq usılında jazılg`an bul shıg`arma tu`rkiy a`debiy miyrastın` ullı miyrası sıpatında rawajlanıwg`a u`lken ules qostı.

Abulqasım Maxmud az Zamaxshariy (1075-1144) Xorezm ilimi ha`m ma`deniyatın du`n`yag`a tanıtqan ullı oyshıllardan bolıp esaplanadı. Ol 18 martta Xorezmnin` Zamaxshar awılında du`n`yag`a kelgen. Baslang`ısh mag`lıwmattı ol o`z zamanının` oqımıslı imamı bolg`an atası Umar ibn Axmad qolında aladı. Jaslıg`ında baxıtsız ha`diyse na`tiyjesinde jaydan jıg`ılıp mayıp bolıp qalg`an Zamaxshariy ruwhıy tu`skinlikke tu`speydi.

Zamaxshariy Urgenishte medresede oqıw menen birge qol jazba shıg`armalardı ko`shiriw menen de shug`ıllanadı. Ol o`z bilimin jetilistiriw

---

[1] X. Zieev. Tarix –o’tmish va kelajak ko’zgusi. T.,2000. 31-bet

maqetinde Buxara, Xorasan ha`m Isfaxang`a baradı, o`z zamanının` iri alımlar ha`m oyshıllarınan sabaqlar ha`m ma`sla`xa`tler aladı. Onnan keyingi o`mirin ullı alım Bag`dad, Damask ha`m Mekke sıyaqlı ma`deniyat oshaqları menen baylanıstıradı. Zamaxshariy o`mirinin` song`ı jılların Urgenishte ilimiy isler jazıw menen o`tkeredi.

Az Zamaxshariyden ju`da` ko`p ilimiy miyras qalg`an. Onın` til, a`debiyat, islam tariyxı, filosofiya ha`m basqa ilimler boyınsha jazg`an eliwden artıq shıg`armaları bar.

Maxmud az-Zamaxshariydin` en` iri ha`m ataqlı shıg`arması «Al Kashshof an xaqoyiq it tanziyl va uyun il-akoviyl fi vujuk it-ta`viyil» («Qurandag`ı jasırın haqıyqatlardı ashıp beriwshi»). Ol qısqasha «Al Kashshor» dep ataladı. Bul kitaptı alım 1132-1135 jılları Mekkede bolg`an payıtında jazg`an. Zamaxshariy Mekkede uzaq waqıt jasag`anlıg`ı ushın Jarullox (Allanın` qonsısı) degen hu`rmetli laqaptı alg`an. Shıg`armada ullı alım, Quroni Karimdi til jag`ınan ta`riplep ha`r bir so`zdin` ma`nisin arab grammatikası tiykarında tu`sindiredi.

IX-XII a`sirlerde Oraylıq Aziya territoriyasında du`n`yalıq ilim ha`m ma`deniyat penen bir qatarda islam ma`deniyatı rawajlandı.

Islam ma`deniyatının` Quroni Karimnen keyin ekinshi orında turatug`ın qımbatlı dereklerden biri - ha`disler, yag`nıy Muxammad payg`ambardın` diniy ha`m a`dep-ikramlıq ko`rsetpeleri, hikmetli so`zleri.

«Ha`dis ilimindegi a`mir-ul Mumiyin» degen hu`pmetli ataqqa ılayıq bolg`an danıshpan alım Imam al-Buxariy 810 jılı 20 iyul`de Buxarada du`n`yag`a kelgen. On jasqa jetpesten ha`dis ilimin u`yreniwge kirisken Imam Buxariy 11 jasında ayırım ustazlarının` qa`telerin taba alg`an. On altı jasına jetkeninde 825-826 jılları Mekke ha`m Madinanı zıyarat etip, altı jıl Xijozda jasap ha`dis ilimin u`yrenedi. Bunnan son` ol Damask, Koxira, Basra, Bag`dad sıyaqlı qalalarda boladı.

Imam Buxariy 600 mın` ha`dislerdi toplag`an. Solardan 100 mın` «saxix ha`disleri ha`m 2000 mın` g`ayri saxiyx» ha`dislerin yadtan bilgen. Ha`dis iliminde Imam Buxariyge ten` keletug`ın birde-bir adam musılman a`leminde bolmag`an.

Islam du`n`yasındag`ı ullı alımlardan biri Abu Iso Muxammad At Termiziy bolıp esaplanadı. Ol Termez qalası janındag`ı Bug (ha`zirgi Surxanda`r`ya wa`layatının` Sherobod rayonı) awılında du`n`yag`a kelgen. At Termeziy Termez, Samarqand, Merv, Xijoz, Mekke ha`m Medina, Irak, Xorasanda bolıp shıg`armaların u`yrenedi, pikir-talaslarına qatnasadı. At Termiziydin` kamalatında Ismayıl Buxariydin` ornı ayrıqsha.

At Termeziydin` onnan artıq shıg`armaları bar: «Al Jomich as-saxiyix» (Isenimli toplam), «Ash Shamoyil an-nabaviya» (Payg`ambardın` ayrıqsha pazıyletleri) ha`m basqalar.

X a`sirden baslap Oraylıq Aziyada arxitektura ha`m qurılıs tarawında joqarı da`rejede rawajlanıw baslanadı. Samarqand, Buxara, Urgenish, Merv, Termez, Uzgen ha`m basqa qalalarda saraylar, meshitler, medreseler, minaralar, xanakolar, maqbaralar, qa`rwan-saraylar qurıladı. Buxarada Ismayil Samaniy Maqbarası (X a`sir), Samarqand janında Tim awılında Arab ata makbarası, XI a`sirde Mervte Sultan Sandjar, Uzgende Qaraxaniyler maqbarası, Buxarada Minorai Kalon maqbarası h.b. qurıldı.[1]

XIII a`sirde mong`ollar basqınshılıg`ı na`tiyjesinde materiallıq ha`m ruwhıy ma`deniyat tu`skinlikke ushıradı. A`sirler dawamında xalqımızdın` do`retiwshilik miyneti menen qurılg`an qalalar ha`m awıllar, tariyxıy qurılıs estelikleri, arxitektura ko`rkem-o`nerinin` na`zik ha`m qaytalanbas nusqaları jer menen jeksen etildi. A`sirese ruwhıy miyrasımızg`a ko`p zıyan keltiriledi. Jazba derekler, qımbat bahalı kitaplar otqa jag`ıldı, ma`deniyat iskerleri, ulama ha`m alımlar xalqımızdın` mın`lag`an sonday da`rejede soqqı berildi. Onı XIV a`sirdin` ortalarına shekem tikley almadı.

XIII a`sirdin ekinshi yarımı ha`m XVI a`sirdin` baslarınan baslap qala ha`m awıllarda xojalıq turmısının` ko`teriliwi menen ma`deniy tarawda da ayırım tarawlardın` ayaqqa tura baslag`anı ko`zge tu`sedi. Usı da`wirde Buxara qalasında Sayfiddin Baxorziy Bayankulixan maqbaraları, Samarqandtag`ı Shaxizinda

---

[1] X. Zieev. Tarix –o’tmish va kelajak ko’zgusi. T.,2000. 34-bet

ansamblinin` Xusam Ibn Abbos maqbarasının zıyaratxanası, Go`ne Urgenchte Najmiddin Kubro ha`m To`rebek xanım maqbarası qurıldı.

Mong`ol basqınshılıg`ı ma`deniy rawajlanıwg`a tosqınlıq etken menen onı toqtata almadı. A`mir Temur ha`m temuriyler da`wrinde Maverannaxr ha`m Xorasanda ma`deniyat o`zinin` rawajlanıwının` joqarı shoqqısına jetedi.

Temur da`wirinde Samarqand jan`a usılda qayta qurıldı. Ol Samarqandta Ko`ksaray, Bibixanım meshiti, Shaxizinda mavzoleyi, Samarqand a`tirapında Bog`i Chinor, Bog`i Shamol, Bog`i Dilkush, Bog`i Bexisht sıyaqlı bag` ha`m saraylardı qurdırdı. Qurılısqa jergilikli arxitektor ustalar-o`nermentshilerden tısqarı Temur basıp alg`an o`zge ma`mleketlerden ko`plep qurılısshılar, xudojnikler tartıldı.

Mırza Ulug`bek ilim ha`m ma`deniyattın` rawajlanıwına ayrıqsha u`les qostı. Ol Samarqandta observatoriya qurdıradı (1424-1428 jj). Ulug`bek Akademiyasında 1417 jılı du`n`yanın` ha`r qıylı ma`mleketlerinen kelgen alımlardın` sanı 100 den artıp ketedi. Olar arasında Ulug`bek, Qazıyzada Rumiy, Giyasiddin Jamshid, Ulug`bektin` sha`kirti Ali Qushchi, Mawlana Muxammad Xavofiyler en` ataqlı ha`m abıroyg`a iye alımlar boldı.

Mırza Ulug`bektin` ilimiy miyraslarının` ishinde en` tiykarg`ısı «Zaji Ulug`bek», «Rissolan Ulug`bek» tariyx ilimine bag`ıshlang`an «Tarixi arbach ulus» (To`rt ulus tariyxı) h.b kiredi.

Ulug`bek ta`repinen 1417 jılı Buxarada, 1417-1420 jıllar Samarqandta, 1433 jılı Gijduvanda medreseler qurıldı.

1449 jılı Ulug`bek o`liminen son` ol du`zgen akademiya tarqalıp ketedi. Temuriyler shaxzadalar ishindegi ilim, ma`deniyattın` rawajlanıwına g`amxorlıq etken ma`mleketlik sho`lkemlerden 1469 jılı Xorasandı tartıp iyelegen Xusayn Bayqara boldı.

Temuriyler ma`mleketi eki bo`limge bo`linedi: Xorasan iyeligi Sultan Xuseyin basqardı ha`m Maverannaxr Abusayidtin` balaları Sultan Axmed (14601494), sonın`an Sultan Maxmud basqardı. Maverannaxr bir birine g`a`rezsiz mayda iyeliklerge bo`linip ketti.

Sultan Xuseyin ma`mleketinde feodal, o`z-ara urıslar kusheydi. 1470 jılı Gerat xalqının` basqarıwshı baylarg`a qarsı ko`terilisi boldı. Alisher Nawayının` talap etiwi menen Sultan Xuseyn onı Geratka jiberdi. A.Nawayının` ta`sipinde Sultan Xuseyn pa`rman ja`riyaladı. Onda diyxanlapdı, o`nermentshilepdi Gerattın` 2 jılg`a ayrıqsha salıqlarınan ha`m a`skerlepdi uslag`anı ushın to`lemlepdi to`lewden azat etti.

A.Nawayı Gepatta ipi qupılıslap, sapay, medpese, meshit, sonday-aq monsha, emlewxana, ko`piplep ha`m t.b. salıwg`a o`z u`lesin qostı.

A.Nawayının` ullı o`zbek shayırı bolıp, parsı, arab tillepin jaqsı bildi ha`m ana tili o`zbek tilinde shıg`apmalap jazdı. Ol ta`repinen «Farxad ha`m Shiyrin», «Layli Majnun», «Jeti planeta» ha`m t.b. do`retpelepi bap.

A.Nawayı 1441 jılı tuwıldı, a`kesi ha`m balaları a`dewir da`pejede jepge ha`m baylıqqa iye boldı. Sultan Xuseyin ha`m Alisher mektepte birge joldas boldı. Alisher Meshxedte sonın`an Geratta oqıdı. Sonın`an Samarqandta ilim ha`m poeziya menen shug`ıllandı. 1469 jılı Sultan Xuseyn Geratta alıng`an keyin Nawayını sarayg`a shaqıpdı ha`m birinshi wa`zir wazıypasın atqardı.

Xorasanda iran-ta`jik a`debiyatının` ullı wa`kili Nuruddin Abduraxman Djami (1414-1492 jj) boldı. Ol tek g`ana shayır emes, o`zi jasag`an zamanına sa`ykes grammatika, logika, grek ha`m shıg`ıs filosofiyası, ta`biyat ilimleri, matematika, astronomiya h.b. bilimge iye boldı. Ayırım dereklepge qarag`anda ilim ha`m a`debiyattın` ha`r qıylı ma`selesine arnalg`an 99 kitabı bar.

Geratta xudojnik Kamoliddin Bexzod en` ataqlı adamlardan edi. Onı Shıg`ıs Rafaeli dep atadı. Bexzod Nawayı, Xuseyin Bayqara, Sheybaniyxan portretlerin su`wretledi. Bibiyxanum medresinin` qurılısın o`z miniatyuraları arqalı bezegen.[1]

XV aqırında Xuseyn Bayqara da`wirinde ma`mleket jerlerin bo`lip alıw baslandı, Nawayı Astrabad basqarıwına tayınlandı. Keyin o`z qa`lewi menen Geratqa qaytıp keldi, birak og`an usınılg`an lawazımnan bas tarttı. Ilim ha`m pa`n, a`debiyat penen shug`ıllandı. 1501 jılı 3 yanvar`da Nawayı du`n`yadan o`tti.

---

[1] X. Zieev. Tarix –o’tmish va kelajak ko’zgusi. T.,2000. 35-bet

Xu`kimdarlardın` o`z-ara ja`jelleri na`tiyjesinde Gerat 1507 jılı Sheybaniyxan qolına o`tti.

Feodallıq bo`lshekleniwi payıtında ko`shpeli o`zbeklerdin` Maverannaxrda iyelewi ushın sha`riyat jaratıp berdi.

Tu`rkistannın` ullı pepzenti A`mir Temurdın` ma`mleketi ha`m a`skeriy atlanıslarına bag`ıshlang`an a`debiyatlar juda` ko`p. XIV-XV a`sirlerdegi tariyxıy shıg`armalar arasında Sharafuddin Ali Yazdiyge tiyisli «Zafarnoma» ayrıqsha orın iyeledi. Yazdiy Temurdın` o`mirinin` son`g`ı jıllarında onın` bas devoninda xızmette bolıp, Temurdın` Kishi Aziya ellerine bolg`an atlanıslarına qatnasqan. Yazdiydin «Zafarnoma» shıg`arması 1437 jılı jazıp tamamlang`an.

Temur ha`m temuriyler da`wirine baylanıslı a`hmiyetli shıg`armalardın` biri Kastiliya (Ispaniya) koroli Genrix III nin` elshisi Rui Gonsales de Klavixonnın` 1403-1404 jılları A`mir Temur ma`mleketinde bolg`an da`wirindegi jazılg`an ku`ndelik da`pteri bolıp esaplanadı. Bunda A`mir Temur ko`p atındag`ı ma`mleketler ha`m qalalardın` ku`n kesheriwi, temuriyler tusında salıng`an qurılıslar, sawda ha`m elshiler baylanıslar xaqqında mag`lıwmatlar keltirilgen. Bunnan basqa da Shıg`ıs Evropa ellerinde Temur ha`m temuriyler tariyxına baylanıslı ko`plegen miynetler ja`piyalandı. Al sovet da`wirindegi tariyxıy miynetlerde Temurdı ha`m onın` tariyxta tutqan ornına unamsız baha berildi. Onı o`zinin` ulusı Maverannaxr haqqında g`amxorlıq etken, al basqa xalıqlardı tonag`an ha`m qıyratqan «ekinshi Shıngısxan» a`skeriy sa`rkarda ha`m diplomat dep esapladı. Usı da`wirde Temurdı ilimiy, ob`ektiv u`yreniw, onın` durıs baha beriw ma`selesin ko`terip shıqqan alımlardın` filosofiya ilimlerinin` doktorı Ibraxim Muminov boldı. 1968 jılı «Fan» baspasında I. Muminovtın` «Amir Temurning Wrta Osie tarixida tutgan wrni va roli» kitabı ja`riyalandı. Bul sol jag`dayda o`z da`wiri ushın u`lken ma`rtlik boldı.

A`mir Temur Tarag`ay ulının` (1336-1405) o`miri ha`m xızmetinde eki da`wir ko`zge tu`sedi.

Birinshi da`wir 1360-1386 jıllardı o`z ishine aladı. Temur bul da`wirde Maverannaxrda mong`ol g`a`rezsiz ku`shli oraylasqan ma`mleket du`ziw ushın

gu`resti. Temur xızmetinin` ekinshi da`wiri tiykarınan 1386 jıldan baslanıp, 1405 jılg`a shekem dawam etti. Bul da`wir Temurdın` u`sh jıllıq, bes jıllıq, jeti jıllıq dep atalıwshı a`skeriy ju`risleri menen xarakterlenedi.

A`mir Temurdın` ma`mleketlik islerge aralasıwı, to`mendegi siyasiy jag`dayda baslandı. Bir ta`repten eldin` mayda feodallıq iyeliklerine bo`liniwi ha`m olar arasında o`z-ara urıslardın` ku`sheyiwi bolsa, ekinshi ta`repten ha`r bir mong`ol xalqının` pu`tkil Maverannaxrdı tolıq iyelewge umtılıwı menen xarakterlenedi.

A`mir Temurdın` siyasiy maydanda payda bolıwı XIV a`sirdin` 60 jıllarınan baslandı. Usı da`wirde 1360-1361 jılları Mog`ulistan xanı Tog`lık Temur Maverannaxrg`a atlanıs sho`lkemlestiredi. Qashqada`r`ya wa`layatına basıp kiriwinen qorqıp Xorasang`a qashıp ketedi. Usı waqıtları Temur onın` menen birge boladı. Biraq ol Xoja Barlasqa wa`layattı qutqarıp qalıw ushın Shaxrisabzg`a qaytıp, mong`ol xanına xızmetke o`tkenim paydalı dep aytadı. Usı xızmeti ushın Temur 25 jasında Shaxrisabz ha`kimi bolıwg`a erisedi. Usı jılı onın` a`kesi a`mir Tarag`ay baxadır du`n`yadan o`tedi.

Temur mong`ol xanı ushın uzaq waqıt dawamında hızmet etpedi. Tog`lıq Temur o`zinin` balası Il`yas xojanı Maverannaxr hu`kimdarı etip jibergen payıtta Temur og`an xızmet etiwden bas tarttı. Ol o`z betinshe g`a`rezsiz hu`kimdar boldı. 1361 jıldan baslap Temur Chag`atay ulısının` o`ltirilgen a`miri Qazag`annın` aqlıg`ı a`mir Xuseyin menen awqam du`zedi. Ol Xuseynnin` qarındası Uljayg`a u`ylenedi. Temur Xuseyn menen birge Seysang`a atlanıslar sho`lkemlestiredi. Seysanda on` qolı ha`m on` ayag`ınan jaraqatlanadı.

Tog`lık Temurdın` Maverannaxrdan quwılg`an balası Il`yas xoja 1365 jılı ko`p mug`darda a`sker toplap Maverannaxrg`a atlanıs sho`lkemlestiredi. Xuseyin ha`m Temur Il`yas xoja a`skerlerinin` Chinoz ha`m Tashkent aralıg`ında ku`tip aladı. Tariyxta «ılaydag`ı sawash» dep atalg`an bul sawashta Temur ha`m Xuseyn a`skerleri jen`iledi. Olar qalg`an a`skerleri menen da`slep Samarqandqa, keyin Balxqa ketedi.

Samarqand xalqı sarbadarlar basqınshılıg`ında basqınshılarg`a qarsılıq ko`rsetiw ushın tayarlıq ko`redi. Sarbadarlarg`a Samarqand medresesinin` okıwshısı Mavlanzada, paxta tazalawshı bolıp islegen Abubakr Keleviy basshılıq etti. Mavlanazada juma meshitine jıynalg`an 10 mın`g`a jaqın xalıqqa islam ha`m xalıqtı mong`ollardın` qorg`awg`a shaqırdı. Xalıq sarbadarları qollap-quwatladı.

Sarbadarlar ha`reketi XIV a`sirdin` birinshi yarımında Xorasanda payda boldı. Olar mong`ol eziwshiliginen qutılıw ha`m feodallıq ta`rtipler, eziwge de qarsı qaratıldı. Sarbadarlar iri jer iyelerinen siyasiy ha`m ekonomikalıq qu`dretin ha`sliretiw ta`repdarları boldı.

Mong`ollar u`stinen jen`iske erisken sarbadarlar xalıqtın` turmısın jaqsılawg`a bag`darlang`an ayırım o`zgerislerdi iske asırdı, ayırım ha`meldarlardı jazaladı.[1]

Bul waqıyalardan xabardar bolg`an Xuseyin menen Temur Samarqandqa keledi. Keyin olardı o`zlerinin` ma`kan jayına shaqırıp u`lken zıyapat sho`lkemlestiredi, ertenine qırıp taslaydı. Biraq Xuseyin Mavlanzadanı o`ltirmekshi bolg`anda, Temur arag`a tu`sip onı aman alıp qaladı. Onın` sebebi Temur Mavlanzada menen burınnan baylanısta bolg`an degen pikirler bar. Maverannaxrda g`a`rezsiz ma`mleket du`ziw ushın alıp barılg`an ha`reketler sarbadarlardın` ayırım basshıların, birinshi gezekte olardın` rawajlandırıwshı ha`m ideologiya bolg`an Mavlanzada ha`m Temurdı bir-birine jaqınlastırg`an.

Sarbadarlardı ha`m olardın` basshıların joq etkennen keyin Xuseyin ha`m Temur 1366 jılı ba`ha`rde Samarqandtı iyeledi.

Xuseyin o`zine qaraslı Balx qalasın bekkemlep, jan`a qorg`anıs bekinislerin qura basladı. 1370 jılı jaksı qurallang`an a`sker talap, Temur Balx qalasına xu`jim etti ha`m qalanı iyeledi.

Temur o`z xızmetinin` birinshi da`wirinde barlıq dıqqattı Maverannaxrda birlesken, oraylasqan keyin, onın` da`slepki ilajlarınan biri turaqlı tu`rde quraltaylar o`tkeriwi boldı. Sharafuddin Ali Yazdiy o`zinin` miynetlerinde Temur ta`repinen Qarshide, Qarabaxta, Samarqandta ha`m basqa jerlerde o`tkergen

---

[1] Х.Зияев. Ўзбекистон мустақиллиги учун курашларнинг тарихи. ( милоддан олдинги асрлардан то 1991 йил 31 августигача). Тошкент, «Шарқ» 2001 йил 45-bet

quraltayları xaqqında mag`lıwmat berip, olarg`a barlıq shaxzadarlar, bas ha`meldarlar, a`skeriy baslıqlar qatnasqanlıg`ı xaqqında jazadı.

1370 jılı Temur Samarqand qalasına keledi ha`m qalanın` diywalların qayta qurdı, saraylar saldırdı. Samarqanda mong`ollar u`stemlik etken da`wirde, yag`nıy 1220-1360 jılları bir de iri kurılıs qurılmag`an edi.

Temur islam dini ruwxaniylerin ha`r ta`repleme qollap-quwatladı, onı ma`mleketinin` tirenishine aylandırdı.

Baslı wazıypa Maverannaxrdı birlestiriwden ibarat ekenligin tu`singen Temur jaqın adamlarınan biri a`mir Dovundi devonbegi yag`nıy wa`zir etip tayınlaydı.

Temurdın` tiykarg`ı tirenishi onın` a`skerleri edi. A`skeriy tariyx Temurdı orta a`sirlik Aziyada en` iri a`skeriy sarkarda dep esaplaydı. Onın` a`skeriy talantı eki bag`darda, a`skeriy bo`limlerdi qayta du`ziwde, a`sker basshı sıpatında ayqın ko`zge tu`sti. Temurdın` armiyası onlıq, ju`zlik, mın`lıq bo`limlerden ibarat bolıp, olardın` ha`r qaysısına tiyisli baslıqlar tayınlaydı.

Temur ma`mleketin du`ziw ushın alıp barılg`an u`lken sawashlarda Temurdın` ulları Jahangir, Umarsheyx, Mironshax, Shahruh, aqlıqları Muxammed Sultan Pirmuxammedler de a`mir a`skerlerine basshılıq etti. Jahangirdin` ulı Muxammed Sultan A`mir Temurdın` en` su`yikli aqlıg`ı bolıp, a`kesi Jahangirdin` o`liminen son` Temurdın` miyrasxorı etip belgilengen edi.

Temurdın` orta a`sirdin` ataqlı ma`mleket isker ha`m a`skeriy sa`rkarda bolg`anlıg`ın «Temur tu`zu`klarin» de ayqın ko`rinedi. Bul shıg`armada onın` ja`miyetke, ja`miyetlik-siyasiy turmısqa ko`z-qarası, birlesken qu`diretli feodallıq ma`mlekettin` siyasiy ha`m a`det-ikramlıq printsipleri sa`wlelengen. Bul shıg`armanın` barlıq bo`limlerinde Temur joqarı ma`rtebeli, a`dalatlı insan sıpatında maqtap ko`rsetiledi.

Temur ma`mleketlik xızmetin a`skeriy atlanıslarg`a qosıp alıp bardı. Ol A`miwda`r`ya ha`m Sırda`r`ya aralıg`ındag`ı jerlerdi, sonday-aq Ferg`ana ha`m Shash wa`layatların tez birlestiriwge eristi. Xorezm ma`selesi bir qansha mashaqatlı boldı. Arqa Xorezm Altın Orda quramına, al Qubla Xorezm Chag`atay

ulısına qaraslı edi. 1359 jılı Altın Ordadag`ı qozg`alanlardan paydalanıp Xorezm g`a`rezsizlikke erisedi ha`m onı Qonırat qa`wiminen Suwpılar dinastiyası basqaradı. Xuseyin Suwpı Xorezmdi birlestiriwge umıtılıp Qıyat penen Xiywanı basıp aldı. 1372 jılı Temur Xuseyn Suwpıdan Qubla Xorezm wa`layatın ha`m qalalardı qaytarıwdı talap etedi, keyin a`skerler menen kelip o`zi qaytarıp aladı. Usı jılı Xuseyin o`lgennen son` inisi Yusuf Suwpı Qıyattı basıp aldı.

1373-1374 jılları Temur Xorezmge ekinshi ma`rtebe juris qıladı. Usı eki atlanıs na`tiyjesinde Xorezm Temur ma`mleketinin` quramına o`tedi. Keyin Altın Orda xanı Toxtamıstın` Xorezmge da`wager bolıwına sebepli Temur Xorezmge ja`ne u`sh ma`rtebe atlanıs sho`lkemlestirdi. 1388 jılı Temur Urgenishti iyelep Suwpılar dinastiyasın joq etti.[1]

1390 jılı Orta Aziyanın` pu`tkil aymag`ı (Jetisuw ha`m Sırda`r`yadan tısqarı) Temurdın` qol astında birlestirildi. 1389-1391 ha`m 1394-1395 jılları Temur Toxtamısqa qarsı u`sh ma`rtebe ju`ris etti.[2]

1392 jılı Armeniya ha`m Gruziya, 1397 jılı Azerbayjan, 1398-1399 jılları Hindstan atlanısları na`tiyjeli tamamlanıp, Temur imperiyasına g`a`rezli boldı. 1400 jılı Temur Tu`rkiya sultanı Bayazid 1 ha`m Egipet sultanı Faraj menen gu`res alıp barıp, Kishi Aziya ha`m Siriyada ko`plegen qalalardı iyeledi. 1402 jılı Ankara qalası janında Bayazidtin` eki ju`z mın`lıq a`skerlerin qorshap alınıwı, qıyratılıwı ha`m qolg`a alınıwı Temur a`skerlerinin` en` u`lken jen`islerinin` biri boldı. Bul Temur a`skeriy doktrinasının` saltanatı bolıp, ullı sarkarda ekenligin da`liylleydi. Temurdın` Bayazid u`stinen erisken jen`isi onın` Batıs Evropa ma`mleketlerinde danqının` jaylınıwına sebep boldı. Samarqand penen Evropa ma`mleketleri arasında diplomatiyalıq ha`m sawda baylanıslarının` ku`sheywi, usı da`wirge tuwra keldi.

1404 jıldın` aqırında Temur Qıtayg`a ju`risin basladı, biraq 1405 jıldın` baslarında Temurdın` Otrar qalasında o`limine baylanıslı bul atlanıs juwmaqlanbay

---

[1] Х.Зияев. Амир Темур салтанати ва тақдири. Тошкент, 2008. 10 б.
[2] Х.Зияев. Ўзбекистон мустақиллиги учун курашларнинг тарихи. ( милоддан олдинги асрлардан то 1991 йил 31 августигача). Тошкент, «Шарқ» 2001 йил, 39-b

qaldı. Temurdın` maqseti tek a`skeriy atlanıslardın` o`zi emes edi, ol mong`ol basqınshılıg`ına shekemgi bolg`an eski sawda jollardı qayta tiklew a`rmanında edi.

«Temur tu`zu`klerinde» mınanday qatarlar jazılg`an: «Mag`an boysıng`an jan`a ma`mleketlerde hu`rmetke ılayık adamlarg`a hu`rmet ko`rsettim. Men payg`ambar wa`layatlarına, nızamdı na`siyatlawshılarg`a, alımlar menen jası u`lkenlerge ullı xu`rmet ha`m sıylasıqlı qatnasta boldım, olarg`a napaqa belgiledim. Bul ma`mleketlerdin` bay dawletli adamları mag`an ag`ayinimdey, jetim-jesir ha`m ka`mbag`allar bolsa balalarımday bolıp qaldı. Jen`ilgen ma`mlekettin` a`skerleri menin` a`skerlerime qosıldı. Men bul ma`mleketlerdi xalıq xu`rmetine erisiwge ha`reket ettim. Usıg`an qaramastan puqaralardı qorqınısh ha`m umit arasında usladım. Jaqsılarg`a, olar qaysı milletten bolıwına qapamastan men de jaqsılıq ettim, insapsız adamlar ha`m satqınlar menin` ma`mleketiinen kuwıldı. Qorqaq ha`m pa`s adamlarg`a ılayıq islep tapsırdım».

Temur da`wirinde Samarqand jan`a usılda qayta qurıldı. Ol Samarqandta Ko`k saray, Bibixanım meshiti, Shaxizinda mavzoleyi, Samarqand a`tirapına Bog`i Chinor, Bog`i Shamol, Bog`i Dilkush sıyaqlı bag` ha`m saraylardı qurdırdı. Qurılısqa jergilikli arxitektor ustalar-o`nermentlerden tısqarı Temur basıp alg`an o`zge ma`mleketlerden ko`plep qurılısshılar, xudojnikler tartıldı.

Temuriyler basqarg`an da`wirde Temur du`zgen imperiya onın` a`wladları arasında g`a`rezsiz ha`kimliklerge bo`lsheklene basladı. Temurdın` ullarının` biri Shaxrux (1409-1447) wzaq dawam etken tartıslardan son` temuriylerdin` bas hu`kimdarı dep ta`n alındı. Shaxrux ha`m onın` miyrasxorları da`wirinde Orta Shıg`ıstag`ı iri sha`ha`rge aylandı ha`m temuriyler xa`kimliginin` paytaxtı bolıp qaldı.

Usı da`wirde is ju`zinde Temur imperiyası eki ma`mleketten ibarat edi. Biri paytaxtı Gerat bolg`an Xorasan, ekinshisi paytaxtı Samarqand bolg`an - Maverannaxr. 1409 jılı Shaxrux o`z ulı Ulug`bekti Samarqand xu`kimdarı etip tastıyıqlaydı.

Ulug`bek Mırza 1394 jılı 22 mart ku`ni Iraqtın` Sultaniya qalasında du`n`yag`a kelgen. A`mir Temurdın` usınısı menen tuwılgan na`restege Muxammad Taragay dep at qoyıladı.

1409 jılı Ulug`bek Maverannaxr taxtına otırg`anda 15 jasında edi. Ulug`bek 1411 jıldan ma`mleketti g`a`rezsiz o`z betinshe basqara baslaydı.

1413 jılı Umarsheyxtın` ulı Iskender Mırza Ulug`bekke qarsı qozg`alan` ko`teredi. Bul qozg`alan`dı bastırıw ushın Shaxrux Mırzanın` o`zi a`skerleri menen baradı. Ferg`ana xa`kimi Umarsheyx Mırzanın` ja`ne bir ulı Axmed Mırza Ulug`bekke boysınbaytug`ınlıg`ın bildiredi. Ulug`bek Ferg`anag`a a`sker menen baradı. Axmed Mırza tawg`a qashıp ketedi ol jerden Qashg`arg`a o`tedi. Ulug`bek Andijan ha`m Axsti, 1416 jılı Kashg`ardı iyeledi. Ulug`bek a`skeriy sa`rkarda sıpatında tariyxtqa atın qaldırıwg`a umtılmag`an. Onın` a`skeriy ju`risleri tiykarınan qorg`anıw sıpatında bolg`an. Ulug`bek 1425 jılı Mog`ulistan jerlerine a`skeriy atlanıs sho`lkemlestirip, ko`p baylıqlar menen Qashqada`r`ya arqalı Samarqandqa qaytadı. 1426 jılı Altın Orda taxtın iyelep turg`an Barakxan Sırda`r`yanın` to`mengi ha`m orta ag`ısındag`ı jerlerge xu`jim etedi ha`m Sıg`naq qalasın iyeledi. Ulug`bek Mırza Barakxan a`skerleri menen alıp barg`an 1427 jılı sawashta (Sıg`naq janında) jen`iliske ushıraydı.

Usı da`wirden baslap Ulug`bek Mırza o`z o`mirin ilim-pa`nge bag`ıshlaydı, a`skeriy ju`rislerde qatnaspaydı. Tek g`ana ol XV a`sirdin` 30-40 jıllarında a`kesi Shaxrux Mırza menen Dashti Qıpshaqtın` shıg`ıs bo`liminde jasawshı ko`shpeli o`zbekler xanı Abılxayırxang`a qarsı urıslar alıp barıwg`a ma`jbur boladı.[1]

Shaxrux 1447 jılı 12 martta aqlıg`ı Sultan Muxammad ko`terilisin bastırıw payıtında Ray qalasında du`n`yadan o`tedi. Usınnan baslap temuriyler shaxzadaları arasında taxt ushın gu`res qaytadan ku`sheyip ketedi. 1448 jılı Ulug`bek ha`m onın balası Abdullatifler ta`repinen Gerat qalası basıp alınadı. Usı payıtta ko`shpeli o`zbekler xanı Abulxayırxan Maverannaxrg`a basıp kiredi ha`m Samarqandqa shekem jetip keledi. Bul xabardı esitken Ulug`bek Samarqandqa atlanadı. 1449

[1] Х.Зияев. Ўзбекистон мустақиллиги учун курашларнинг тарихи. ( милоддан олдинги асрлардан то 1991 йил 31 августигача). Тошкент, «Шарқ» 2001 йил 104-b

jıldın` ba`ha`rinde Abdullatif o`z a`kesi Ulug`bekke qarsı urıs ha`reketlerin baslap jiberedi. 1449 jılı oktyabr` ayında Samarqandqa jaqın Damashk janında bolg`an sawashta Ulug`bek Mırza a`skerleri jen`iledi. Ulug`bek Samarqandqa sheginedi. Samarqand xa`kimi Miranshax onı qalag`a kirgizbeydi. Usınday payıtta ol o`z qa`liwi menen xa`kimiyattı Abdulla Mırzag`a tapsırıwg`a ma`jbu`r boladı. Ulug`bek zıyaratqa baratırg`an payıtta jolda Abbas degen shahs ta`repinen 1449 jılı 25 oktyabr`de o`ltiriledi.

Mırza Ulug`bek ilim ha`m ma`deniyattın rawajlanıwına ayrıqsha u`les qostı. Ol Samarqandta observatoriya qurdıradı. 1449 jılı Ulug`bek o`liminen son` ol du`zgen akademiya tarqalıp ketedi.

## 2.2. X.Ziyaev miynetlerinde Tu`rkistan jerlerinin` Rossiya tarepinen basi'p ali'ni'w tariyxi'ni'n` sa`wleleniwi

Tari'yxtan malim sol narse Rossiya imperiyasi' Ozbek xanli'qlari'n askeriy kush penen basi'p aldi'. Tari'yxshi' X.Ziyaev o`zinin` ko`pshilik izertlewlerin, yagni'y O`zbekistan jerlerinin Rossiya imperiyasi' ta`repinen bul u`lkenin askeriy atlani'slar arqali' uri'slar menen basi'p ali'ni'w tari'yxi'n izertlewge bagi'shladi' ha`m bul tarawda ju`da ko`plegen tabi'sli' islerdi a`melge asi'rdi'.[1] Buri'ngi' Sovet ma`melketinin` tari'yx iliminde o`tken a`sirdin` jigirmalanshi' ji'llari'nan baslap Rossiyani'n` ko`plegen territoriyalardi' askeriy kushler menen, uri'slar arqali' basi'p ali'wi' ha`m jergilikli xali'qlarldi'n` azatli'q ha`m g`a`rezsizlik tari'yxi' maselerin tari'x iliminde ashi'qtan-ashi'q ayti'w ha`m izertlewler ju`rgiziw orni'na Rossiyani'n` progressivlik roli degen temalar birinshi ori'nga shi'kti'. Tari'yxshi'lari'mi'zdi'n ashi'qtan-ashi'q turde aktivlik korsetiwi natijesinde bir qansha respublikalardi'n` Rossiyag`a o`z erki menen qosi'li'wi' degen temalar birinshi ori'nga shi'gi'p ko`plegen respublikalarda saltanatqa ha`m siyasatqa aynali'p, ulken merekeler o`tkerildi. Usi' dawirlerdin tari'yxi'y hu`jjetlerin teren bilgen tari'yxshi' Xamid Ziyaev ta Tashkenttin` Rossiyag`a qosi'p ali'ni'wi' degen

[1] Х. Зиеев. Ўзбекистон мустақиллиги учун курашларнинг тарихи.Т. 2001

at penen kitap jazdi’. Biraqta ati’ qosi’p ali’ni’w degeni bolmasa, tari’yxshi’mi’z obektiv turde Tashkent xalqi’ni’n’ Rossiyag`a qosi’p ali’ni’wi’ sol jerde jasag`an jergilikli xali’qti’n` patsha generallari’na qarsi’ azatli’q ha`m g`a`rezsizlik ushi’n qatal tu`rde gu`resler ju`rgizgenligi ko`plegen daliller menen ko`rsetilip berildi. Pasha generalları ha`m ofitserleri, soni’n ishinde General Chernyaev a`skerlerine qarsi’ xali’q ha`reketlerin ken` tu`rde ko`rsetip bergen tari’xshi’ Xamid Ziyaev bolg`anli’gi’ bugingi kunde tan ali’wi’mi’z boldi’. Bulda sol zamandagi’ ilimiy byuati’rli’k ideyalar boldi’ dep aytsaq asi’ra siltegen bolmaspi’z dep oylaymi’z.

1980 ji’llarda da bul tema, yagni’y Tu’rkistanni’n’ Rossiya imperiyasi’na kiriwi ma’selesi tari’xshi’lari’mi’z ta’repinen qayta ko’rilip shi’gi’p bul temag’a ilimiy ja’miyetshiligimiz qayta oraldi’. Bul tema tek g’ana Ozbeksitanda g’ana emes, Qazaqstan, Qi’rg’i’zstan, Tu’rmenstan ha`m basqa respublikalarda da qi’zi’g’i’wshi’li’q payda etip, bul respublikalardi’n’ tari’yxshi’ ali’mlari’ni’n’ qatnasi’wi’nda u’lken ilimiy anjuman o’tkerildi. Bul anjumanda ju’da ko’p tari’yxshi’lar, filosoflar ha`m basqa tarawdagi’ ali’mlar qatnasti’. Bul anjumanda en’ basli’ maruzashi’ boli’p tari’yxshi’ X.Ziyaev boldi’. Onda X.Ziyaev Tu’rkistanni’n’ rus ma’melketi ta’repinen uri’si’p ali’ni’wi degen temada doklad isledi. Sol anjumanda Tu’rkistanni’n’ Rossiyag’a qosi’li’wi’ degen so’zdin’ haqi’yqatli’qqa sa’ykes kelmeytug’i’nli’gi’ da’lillenip ko’rsetilip, buni’n’ jalg’an ekenlgi turali’ anjuman qarar qabi’l etti. Avtordi’n, yagni’y X.Ziyaevti’n’ bul dokladi’ O’zbekistanni’n’ ko’plegen jurnal ha`m gazetalari’nda o’z aldi’na maqalalar turinde basi’li’p shi’qti’.

Rossiya menen Orta Aziya baylanısları XVI a`sirlep baslap elshilik qatnasta bolıp turdı. Biraq ra`smiy tu`rde baylanıslar ornatıwg`a erisilmedi.[1]

Rossiyanın` Orta Aziya menen baylanısı Petr I waqtında bir qansha rawajlandı. Sonlıqtanda 1717 jılı Xiywag`a Bekovich-Cherkasskiy basshılıg`ındag`ı ekspeditsiya jiberiledi. Ekspeditsiya bir jag`ınan tınıshlıq elshisi sıpatında bolsa, al ekinshi jag`ınan Xiywa xanlıg`ına dushpan sıpatında ha`reket etip, aqıbetine ekspeditsiya Xiywa xanlıg`ı ta`repinen qıyratıldı.

---

[1] X. Zieev. Tarix –o’tmish va kelajak ko’zgusi. T.,2000 23-бет

1839 jılı Orenburg general-gubernatorı Perovskiy ta`repinen Xiywanı basıp alıwg`a urınıwlar boldı. Biraq, bul ha`reketlerde bosqa ketti. Biraq Qazaqstan jerlerinin` Rossiya qol astına o`tiwi, ol jerlerde jan`a qalalardın` salınıwı, ruslardın` Orta Aziya sawda baylanısların rawajlandırıwdın` negizgi ilajları bolıp qaldı. Sonday-aq XIX a`sirdin` 30 jıllarında Rossiya Orta Aziya bazarları ushın Angliya menen qarama-qarsılıg`ı kelip shıqtı.

XIX a`sirdin` ortalarınan baslap Rossiyada kapitalizmnin` rawajlanıwı patsha hu`kimetinin` Orta Aziyag`a basıp kiriwine tu`rtki boldı. Kapitalistlik sanaatının` o`siwi, jan`a bazardın` sawdasına ha`m shiyki zat dereklerine bolg`an talaptın` ku`nnen-ku`nge asıwına imkaniyat tuwdırdı. Bunnan tısqarı, Rossiyanın` Orta Aziyanı basıp alıwının` sebeplerinin` biri Amerikanın` arqasında ha`m qublasında puqaralar urısı ha`m Amerika paxtasının` Evropag`a a`keliwinin` toqtap qalıwı boldı. Paxtanın` jetispewshiligi na`tiyjesinde toqımashılıq tarawında dag`darıs ju`z berdi, sonlıqtan shiyki zattın` dereklerin izlep tabıw za`ru`r edi. Sonday-aq Rossiyasının` Qırım urısında jen`iliske ushırawı ha`m Angliyanın` Orta Aziya jerlerin basıp alıwg`a ashıktan-ashıq tayarlanıwı, Patsha Rossiyasının` Orta Aziyag`a xu`jimin tezletti. Da`slepki a`skeriy ha`reketler Qoqan xanlıg`ına qaratıldı.

1847 jılı rus a`skerleri Sırda`r`yanın` to`mengi jag`ın iyelep aldı ha`m Aral qorg`anın` qurdı. 1853 jılı Aq meshitti (ha`zirgi Qızıl Orda) iyeleydi. 1854 jılı Alma-ata awılı janında Vernıy bekinis qorg`anı salınadı. 1861 jılı 21 iyun`de rus patshasının` qatnasıwındag`ı ken`es Qoqan xanlıg`ın bir jaqlı etiw xaqqında ja`ne bir ma`rtebe qararg`a keldi. Usı ko`rsetpenin` tiykarında qalalardı, wa`layatları ha`m qorg`anlardı izli-izinen toqtawsız basıp alıwg`a kirisildi.[1]

1864 jılı Shımkent, 1865 jılı u`lken qıyınshılıqlar menen Tashkent qalası jawlap alınadı. Tashkent basıp alıng`annan keyin Rossiya imperiyasının` Tu`rkistan ma`selesine tiyisli barlıq a`skeriy-siyasiy ma`selelerin sheshetug`ın, rus rezidentsiyasının` xızmetin orınlaytug`ın ma`kang`a aylandırıla basladı. Tashkent

---

[1] Зияев Х. Ўзбекистон мустамлака ва зулм исканжасида. (XIX асрнинг иккинчи ярми – XX аср бошлари). Тошкент, 2006. 18 б.

Orta Aziyanı koloniyalarg`a aylandırıw xaqqıdag`ı xu`kimlerdi orınlaytug`ın tayanısh a`skeriy-siyasiy administrativlik shtab xızmetin atqardı.

1866 jılı Xojent jawlap alınadı. Usı jılı Tashkent, Xojent Shırshıq a`tirapları, Jizzaq jawlap alınadı. Rus a`skerleri Buxara a`mirliginin` bir bo`legin iyelep, onı Qoqan xanlıg`ı shegaralarınan bo`lip tasladı.

1867 jılı 14 iyul`de Rossiya imperatorı Aleksandr II Tu`rkistan a`skeriy okrugin du`ziw ha`m Rossiyanın` quramı kirgizilgen aymaqlardan ibarat bolg`an Tu`rkistan general-gubernatorlıg`ı du`ziw haqqında pa`rman berdi. Okrugtın` komandiri ha`m general-gubernatorı bolıp general-ad`yutant K.P.Kaufman tayınlandı.

Tu`rkistan general-gubernatorlıg`ı du`zilgennen keyin Fon Kaufman o`zine berilgen u`lken wa`killikler tiykarında Buxarag`a qarsı urıs ha`reketleri ken` ko`lemde tag`ı baslap jiberdi.

1868 jılı 1 mayda 8300 adamlıq rus armiyası Samarqand qalasının` bosag`asındag`ı Shopanata to`beliginde a`mirdin` armiyasın jen`di. 1868 jılı 23 iyun`de a`mirdin` elshileri pitim jasaw ushın Samarqandta turg`an Fon Kaufmang`a keledi. Kaufman Samarqand, Qattakurg`an ha`m Zarafshan da`r`yasının` joqarı jag`ın Rossiyag`a beriwdi ha`m 500 mın som mug`darında kontributsiya to`lewdi sha`rt etip qoyadı. Sha`rtnama boyınsha Buxara a`miri shet ma`mleketler menen diplomatiyalıq baylanıslar ju`rgiziw xuqıqınan ayrıldı, rus sawdagerleri ushın irkinishsiz sawda-satıq islew minnetlemesi ju`klendi. A`mir Rossiyag`a siyasiy bag`ınıwnın` tolıq moyınladı.

Bul jag`daylar Rossiya menen Angliya arasındag`ı qarım-qatnaslardın` shiyelenesiwine alıp keldi. Sonlıqtan da Rossiya imperiyası Angliya menen qarım-qatnas bir jo`nli bolg`ang`a shekem Xiywa xanlıg`ına xu`jim jasawdı toqtatıp turıwg`a ma`jbur boldı.

Xiywa xanlıg`ına ju`ris ha`reketleri 1873 jılg`a kelip baslanadı. Xiywa bag`darındag`ı barlıq a`skeriy ku`shlerdin` bas komandir etip Fon Kaufman tayınlandı. 1873 jıldın` ba`ha`rinde onın` buyrıg`ı boyınsha barlıq a`skerler Xiywanın` shegarasınan o`tip, aldın-ala kelisilgen rejege muwapık basqınshılıq

urısın baslap jiberdi. 1873 jılı 18 may ku`ni Fon Kaufman otryadları A`miwda`r`yadan keyin o`tip, 23 may ku`ni Xazarasp qorg`anın basıp aldı. Sonday-aq usı waqıtta Qon`ırat, Xojeli, Mang`ıt qalaları da iyelendi.

1873 jıldın 12 avgustında Fon Kaufman ha`m Xiywa xanlı ortasında kelisimge qol qoyldı. Sha`rtnama boyınsha Xiywa xanı siyasiy xuqıqlardan, o`z betinshe sırtqı siyasiy ju`rgiziwden ayırıldı. A`miwda`r`yanın` to`mengi ag`ısının` on` jag`asındag`ı xanlıqqa tiyisli barlıq jerler Rossiyag`a berildi. Xanlıqqa 2 million 200 mın` som mug`darında kontributsiya salındı.[1]

XIX a`sirdin` aqırlarında Rossiyada kapitalistlik qatnaslar jedel rawajlanıp, onın` imperializm basqıshına o`tip atırg`anlıg`ı tu`rli tarawlarda ayqın ko`rindi. Da`slep bul ekonomikalık turmısta ko`zge taslandı. Bul ju`da` u`lken monopoliyalarg`a sheksiz shiyki zat jetkerip beretug`ın dereklep za`ru`r degen so`z edi. A`sirese toqımashılıq sanaatının` ha`wij alıp o`siwi Tu`rkistanda patshashılıqtın` monopoliyalılıg`ın ta`miyinlewge ken` jol ashıp berdi. Patsha administratsiyası Tu`rkistandı shiyki zat deregine ha`m onı rus tovarları satılatug`ın bazar maydanına aylandırıw ushın barlıq qurallardı tezlik penen iske saldı.

Tu`rkistan daramadtın` paydalanıw deregi sıpatında da patsha Rossiyasının` g`a`ziynesin bayıtıp barmaqta edi. Bul daramatlar 1867-1896 jıllarda 4 ese ko`beydi, al xalıqtan alınatug`ın salıqlar 1889-1893 jıllarda imperiyanın` g`a`ziynesine u`lkeden 158 million som sap daramad tu`sti.

Rossiya Tu`rkistan qarım-qatnasları tek Rossiya imperiyasının` ma`plerine boysındırıldı. Sonın ushın u`lkede qurılıp atırg`an barlıq zavodlar, a`sirese paxta zavodları rus sanaatının` iyelerine qaraslı edi. XX a`sirdin baslarında tek Ferg`ana wa`layatında 157 paxta basqınshılardın` qolında edi. Tek geyparaları g`ana rus-o`zbek burjua sawda-sanaat wa`killerine qaraslı edi. Tu`rkistannın` Samarqand, Sırda`r`ya ha`m Ferg`ana wa`layatlarında 1867-1900 jıllar dawamında 170 sanaat ka`rxanası ashılg`an bolsa, 10 jıl dawamında (1900-1910) tag`ı 220, al 4 jıl ishinde

[1] Зияев Х. Ўзбекистон мустамлака ва зулм исканжасида. (XIX асрнинг иккинчи ярми – XX аср бошлари). Тошкент, 2006. 24-б

(1910-1914) 180 ka`rxana iske qosıldı. Mine usı ko`rsetkishlerdin` o`zi-aq u`lkede sanaat qurılısı bir ta`repleme alıp barılg`anlıg`ın ko`rsetedi.

1880 jılı Tu`rkistan paxtası rus sanaatı talabının` 20 protsentin qurap, bul ku`rsetkish jıl sayın artıp bardı ha`m birinshi ja`xa`n urısı aldında 80 protsentke jetti. Sol sebepli Rossiya imperiyasının` toqımashılıq sanaatı basqa sanaatlarg`a qarag`anda jedelirek astı.

Rossiya imperiyasının` generalları da, siyasatshıları da sonı jaqsı biler edi, tek a`skeriy ku`sh, oraylık basqarıw apparatın en`giziw menen u`lkeni uzaq mu`ddette ha`m isenimli tu`rde qolg`a uslap turıwg`a bolmaydı. Sonın` ushın olarg`a o`z milletin, yag`nıy rus millettine tiyisli xalıqtın` jergilikli xalıq penen aralastırıp jiberiliwi, Tu`rkistanda turaqlı tu`rde jasaytug`ın rus ha`m slavyan xalqın payda etiw kerek edi. Olar bul mashqalanı Orta Aziyag`a rus xalqının` kolonizatorlar ha`kimiyatına ko`z-qarasın ha`m is-ha`reketlerin baqlap, za`rur bolg`an waqıtta awhaldan da`rhal xabardar etiw de lazım edi. Qullası rus milletine tiyisli bul adamlar patshalıq ushın sotsiallıq tayanısh qatlam bolıwı kerek edi.

Sonın` ushın ko`shiriw siyasatın iske asırıw Tu`rkistan general-gubernatorlıg`ı du`zilgen 1867 jılı aq baslap jiberildi.

Ruslar Orta Aziyanı basıp alg`annan keyin u`lkeni o`zlestiriw maqsetinde xalıqtın` sanın dizimge alıwg`a kiristi, u`lkeni izertlep shıqqan qupıya ma`sla`xa`tshi Girs Tu`rkistanda 2.406.000 adam jasaytug`ının` ha`m olardan 1.200.000 adam er adamlar ekenin jazg`an. Mine usı er adamlarg`a a`skeriy xızmet miynetinin` ju`klew ma`selesine toqtag`an patsha ha`meldarı bul og`ada qa`wipli siyasiy ilaj ekenin ko`rsetip, Tu`rkistan xalqın armiyag`a xasla shaqırmaw siyasatın jaqlap shıg`adı. Girstın` esaplawına qarag`anda u`lkede a`skeriy xızmetke er adamlar alınsa, 6 jıl ishinde zamanago`y a`skeriy texnikanı biletug`ın tu`rkistanlılardın` sanı Tu`rkistan a`skeriy okrugindegi a`skerlerdin` sanınan artıp ketedi. Olardın` arasında jawıngerlikti jetilistiriw imperiyasının` ma`plerine qarsı keledi. Bunın` ornına bul xalıqqa a`skeriy salıq salıw maqsetke muwapık. Patsha Rossiyası o`zbek xalıqların basıp alg`annan keyin bul jerde a`zelden dawam etip kiyatırg`an jerge iyelik etiw formasına dus keldi. Sol sebepli bul ma`seleni da`rha`l

o`zlerine qolaylı etip o`zgertiwge asıqpadı. Olar negizgi dıqqattı xanlıqlardın` tartıp alıng`an aymaqlarda koloniyalık ma`mleket basqarıwının` bekkem tırnag`ın salıwg`a qarattı, jer iyelewshilik ha`m suwdan paydalanıwg`a tikkeley aralaspadı. Patshashılıqtın` basqınshı administratsiyası a`weli salıq jıynaw menen shug`ıllandı.

Bunın` barısında olar jer-suw qatnasların teren` u`yreniwge kiristi. Na`tiyjesinde Tu`rkistan general-gubernatorı 1879 jılı otırıqshı ha`m ko`shpeli xalıqtan alınatug`ın salıqtı ko`beytti. Salıqlardın` mug`darı tek Sırda`r`ya wa`layatının` o`zinde 1869 jıldag`ı 288 mın` somnan 1882 jılı 505 mın` somg`a arttı, ko`plegen jerler ma`mleket esabına o`tkerildi. Menshik jerlerge ha`m ha`tte waqım jerlerge de salıq salındı.

Rossiya Tu`rkistan u`lkesin basıp alg`annan keyin milliy ma`mleketshilik sezimlerin sin`diriwdi negizgi wazıypa dep esapladı. Sonın` ushın Rossiyasının` a`skeriy toparları, ha`meldarları Tu`rkistanda ullı rus ma`mleketshilik ideyasın a`melge asırıwg`a kiristi.

Tu`rkistanda jan`asha usıl mektepleri, rus-tuzem mektepleri ashılıp, olar arqalı Tu`rkistan xalqın rus turmısı a`tirapında ta`rbiyalaw, son` ala ruslar menen jergilikli xalıqlardı aralastıpıp jiberip, bul jerde evropasha turmıs qa`lpinin` jen`iwi tolıq ta`miyinlewge umtıldı. Sonı da ayrıqsha atap o`tiw kerek, Tu`rkistan u`lkesindegi musılman bilimlendiriw shaqapshaların general-gubernatorlıq g`amxorlıqtan shıg`arıp taslandı. Sebebi olar kolonizatorlıq ta`rtiplerge qarsı, milliy ma`deniyat taratıwshı ilim orayları edi.[1]

Patsha xu`kimeti jergilikli xalıqlardın` milliy, siyasiy ekonomikalıq ha`m ma`deniy rawajlanıwına qayshı keletugın usılda «Tu`rkstan ruslar ushın» uranı astındag`ı reformanı a`melge asırıwg`a kiristi.

Usı da`wirdegi belgili ma`deniyat iskerlerinen Axmad Danısh bolıp ol a`weli Shıg`ıs ma`deniyatın jaqsı u`yrenip, son` Batıs madeniyatının` bag`darlanıw pozitsiyaları menen tanısadı. A`sirese onın` 1800-1870 jıllarda Rossiyag`a eki

---

[1] Зияев Х. Туркистонда Россия тажовузи ва ҳукмронлигига қарши кураш (XVIII-XX бошлари). Тошкент, 1998. 25 б.

ma`rtebe sayaxat jasawı og`an Evropa ma`deniyatı menen ken`irek tanısıwına imkaniyat berdi.

Axmad Danısh artta qalg`an Buxara a`mirligin rawajlanıwg`a qaray baslaytug`ın reforma o`tkeriw joybarın du`zedi. Onda bilimlendiriw siyasatı, ekonomikalıq turmıs, paydalı qazılmalar ha`m olardın` qalay paydalanıw ha`m ulıwmalıqtın` ma`pine boysındırıw a`rmanı anıq sa`wlelengen.

1867 jılı Tashkentte meteorologiyalıq stantsiya ashıldı. Ol u`lkenin` klimatın u`yreniwge kiristi. 1870 jılı Tashkentte Tu`rkistan xalıq kitapxanası sho`lkemlestirildi. Orta Aziya xalıqlarının` turmısına bag`ıshlang`an ilimiy ha`m u`lketanıw ma`selesine tiyisli tu`rli xabarlar ha`m maqalalar «Tu`rkistan wa`layatının` gazeti», «Tupkestanskie vedomosti» gazetaları ha`m baska jergilikli baspa so`zde turaqlı turde ja`riyalanıp turdı.

1870 jılı Orta Aziya alımlarının` ja`miyeti du`zildi. Bul ja`miyet o`zinin` aldına Orta Aziya tariyxı, geografiyası, etnografiyası, statistikası, ekonomikası ma`selelerine tiyisli mag`lıwmatlardı toplawdı maqset etip qoydı. Bul jumıslarg`a jergilikli adamlarda qatnasıp o`z gezeginde u`lkemizdin` ilimin, ma`deniy-ag`artıwshılıq islerinin` rawajlanıwına u`lken u`les qostı.

Joqari’da biz professor X.Ziyaevtin` koplegen miynetleri O`zbekistan xali’qlari’ni’n ko`p a`sirlik tari’yxi’na bagi’shlang`anli’g`i’n, onda Turkistan xali’qlari’ni’n` bay tari’yxi’ boyi’nsha ju`da ko`plegen miynetlerdi do`retkenligin ko`rip o`ttik. Haqi’yqati’nda da tari’yxshi’mi’z Watani’mi’zdi’n` bay tari’yxi’n ha`r ta`repleme ko`rsetip bergen, ol tari’yxshi’lari’mi’z arasi’nda en` a`yyemgi da`wirden baslap g`a`rezsizlikke shekemgi ha`m g`a`rezsizlik da`wirinin` ha`r ta`repleme ko`rsetken ali’m boli’p jetisti.

Ilimpazdi’n korsetiwi boyi’nsha «Bul teberik topi’raqqa erami’zdan aldi’ng`i’ VI a`sirde iranli’ Kayxusraw, erami’zdan aldi’ng`i’ IV a`sirde gretsiyali’q Iskender Zulqarnayn, erami’zdi’n` VII a`sirinde arablar, XIII a`sirde Shi’ng`i’sxan, XIX a`sirde bolsa Rus basqi’nshi’lari’ni’n` basqi’nshi’li’qlari’ ne-

ne ku`lpetler keltirmedi»[1],- dep jazi’p, «...Jawi’z basqi’nshi’larg`a qarsi’ azatli’q bayrag`i’n ko`tergen Shi’raq, Spitamen, Maxmud Tarabiy, Temur Xotun (Tumaris), Malika Kabaj Xotun si’yaqli’ ata-babalari’mi’z erligi a`wla`dlar ushi’n watanpa`rwarli’q ha`m shi’damli’li’q ti’msali’dur. (Islam Karimov). Hu`rmetli jurtbasi’mi’zdi’n` bul qatarlari’nda berilgen pikirleri tariyxi’y haqi’yqatli’qti’ sa`wlelendirip, u`lken siyasiy ha`m ilimiy a`hmiyetke iye boldi’. Belgili, Watan azatli’g`i’ ushi’n jani’n ayamaw, ma`rtlik, qaharmanli’qti’ ko`rsetiw ha`r bir adamni’n` ar-nami’si’ ha`m muqaddes wazi’ypasi’. Sol sebepli Watandi’su`yiw iymannandur, degen ga`p biykarg`a ayti’lmag`an» degen sozlerin keltirip o`tedi.

O`zbekistan «bir tamshi’ qansi’z» g`a`rezsizlik ha`m azatli’qqa eristi. Tariyxi’y jaqtan ali’p qarag`anda, ha`zirgi g`a`rezsizlik Rossiyani’n` qayta-qayta sho`lkemlestirgen basqi’nshi’li’qlari’na ha`m hu`kimranli’g`i’na qarsi’ xalqi’mi’zdi’n` ali’p barg`an gu`reslerinin` de na`tiyjesi. Sebebi, sol su`renli ji’llarda taplang`an azatli’q ideyalari’ ko`z aldi’mi’zda a`melge asti’. O`tmishte ata-babalari’mi’zdi’n` Watandi’ qorg`aw ushi’n to`kken esapsi’z qanlari’ ha`m misli ko`rilmegen azaplari’ zayag`a ketpey, o`z na`tiyjesin berdi. Sol sebepli, ana-jurt g`a`rezsizligi ushi’n gu`resken ata-babalari’mi’zdi’n` qa`dir-qi’mbati’n biliw ha`m qa`dirlew muqaddes wazi’ypami’z,-dep jazadi’ avtor. Soni’n menen birge g’a’rezsilik tari’yxi’ boyi’nsha ko’plegen tari’yxi’y mag`lswmatlardi’ ko’rsetip, tari’yxi’y ekskursiya jasap uzak tari’yxi’y waqi’yalardi’ koz aldi’mi’zga keltiredi.

Bul tarawda xalqi’mi’zdi’n` Rus ma`mleketinin` basqi’nshi’li’g`i’na qarsi’ ali’p barg`an gu`resleri ayri’qshi’ a`hmiyetke iye. Bul uzag`i’na 25 ji’l dawam etken qorqi’ni’shli’ da`wirde on mi’n`lap adamlar o`ltirildi, qala ha`m awi’llar wayranag`a aylandi’ri’ldi’ ha`mde bayli’qlar basqi’nshi’lar ta`repinen talandi’.

Biraq, bunday misli ko`rilmegen qi’yi’nshi’li’qlar ha`m tragediyalar xali’qti’n` qaharmanli’g`i’n ha`m erkinlikti su`yiwshiligin bu`ge almadi’. Biraq, nadan hu`kimdarlardi’n` ha`m bir topar Watan satqi’nshi’lari’ni’n` ayi’bi’ menen dushpan ku`shleri u`stem kelip, Tu`rkistan elinde o`z hu`kimranli’g`i’n ornati’wg`a muwapi’q boldi’.

[1] Зияев Х. Туркистонда Россия тажовузи ва ҳукмронлигига қарши кураш (XVIII-XX бошлари). Тошкент, 1998. 8 б

Tilekke qarsi', ata-babalari'mi'zdi'n` Watan g`a`rezsizligi ushi'n ali'p barg`an gu`reslerinin` tariyxi', o`tmish sharayati'na bola, elege shekem jarati'lmadi'. Endi bolsa, g`a`rezsizlik sharapati' menen azatli'q ha`reketlerin u`yreniw ha`m ken` xali'qqa tarati'w imkani' tuwi'ldi'[1],- dep jazadi'ol.

Bul a`hmiyetli ha`m quramali' ma`sele patsha hu`kimeti da`wirindegi avtorlardi'n` shi'g`armalari'nda ha`m maqalalari'nda belgili da`rejede o`z sa`wleleniwin tapti'. K.K.Abaza, M.M.Terent`ev, M.I.Venyukov, A.Shepelov ha`m basqalardi'n` miynetleri solar qatari'nan. Bular tiykari'nan rus generallari', ofitserleri ha`m uli'wma ra`smiy shaxslar ta`repinen jazi'li'p, tiykarg`i' maqset «Rus soldati'» ha`m «Rus qurali'»ni'n` dan`q-abroyi'n a`lemge tani'ti'wdan ibarat edi. Olarda qi'mbatli' mag`li'wmatlar uli'wmalasti'ri'lg`an boli'p, paydali' mag`li'wmatlar bar a`lbette. Biraq, olarda iri kemshilik ha`m qa`telikler bar.

Olar kolonializm siyasati' ruwxi' menen suwg`ari'lg`an boli'p, a`skeriy ju`risler jergilikli xali'qti' «jabayi'li'qtan», yag`ni'y «orta a`sir artta qali'wshi'li'g`i'»nan qutqari'p, rawajlani'wg`a sharlawg`a sharayat jaratar emish. Olar Rossiya ushi'n da, u`lke ushi'n da «tariyxi'y za`ruriyat» dep uqti'ri'ldi'. Sonday-aq, bul miynetlerde Rus ma`mleketi Tu`rkistan territoriyasi'nda o`z-ara uri'slardi' toqtati'p, ti'ni'shli'qti', ka`rwan jollari'ni'n` qa`wipsizligin, sawda baylani'slari'ni'n` o`nimdarli'g`i'n ta`miynlewshi ku`sh si'pati'nda sa`wlelendirildi. Sebebi, oni'n` bunday qi'li'wi'ni'n` tiykarg`i' rejesi u`lkenin` materialli'q ha`m ruwxi'y bayli'qlari'ni'n` iyesi boli'wg`a qarati'lg`an edi.

Avtorlar o`zlerinin` islerinde rus soldatlari'ni'n` erligi, qaharmanli'qlari' ha`m o`z watani'na, «imperator wa`liyleri»ne ju`da` sadi'qli'g`i'n ko`rsetiwge ha`reket qi'ldi'. Biraq, olar o`zbeklerdin` ha`m basqada jergilikli xali'qlardi'n` qaharmanli'q sawashlari'n ken` jari'ti'wdi' an`li' tu`rde lazi'm tappadi'. Bul miynetlerde jergilikli dereklerdegi mag`li'wmatlar o`z sa`wleleniwin tappadi'. A`yne payi'tti'n` o`zinde watan qorg`awshi'lari'na qarsi' qollani'lg`an jawi'zli'q jazalar, talan-tarajlar ha`m wayranagershilikler ko`rsetilmedi dep patshali'q

---

[1] Зияев Х. Туркистонда Россия тажовузи ва ҳукмронлигига қарши кураш (XVIII-XX бошлари). Тошкент, 1998. 11 б

dawirdegi tari’yxshi’lardi’n’ miynetlerindegi bir jaqlamali’qlardi’ sin asti’na ali’p g’a’rezsizlik tari’yxi’n u’yreniwdin’ a’hmiyetine toqtap.

Uli’wma, ruslardi’n` miynetleri Rus ma`mleketinin` ulli’ milletshilik ha`m kolonialli’q siyasati’ ko`z-qarasi’nan jazi’li’p, tariyxi’y waqi’yalardi’n` shi’n ko`rinisi jarati’lmadi’. Bul jerde soni’ ayri’qsha uqti’ri’p o`tiw lazi’m, miynetlerde u`lkenin` jawlap ali’ng`anli’g`i’ ashi’qtan-ashi’q ta`n ali’ndi’. Rasi’nda da geypara tari’yxshi’lar Turkistan u’lkesinin’ jawlap ali’ng’anli’gi’n ashi’q ayti’wg’a majbu’r bolg’an edi.

Sovet da`wirinin` 1920-1930 ji’llari’nda da Rossiya ta`repinen Tu`rkistanni’n` jawlap ali’ni’wi’ ha`m oni’n` kolonializm siyasati’na bag`i’shlang`an qatar miynetleri basi’p shi’g`ari’lg`anli’g`i’ ma`lim. Olardi’n` ko`pshiligin maqalalar quraydi’. Ayri’qsha iri shi’g`armalar jazi’lmadi’. Belgili, tariyx, birinshi na`wbette, azatli’q ushi’n ali’p bari’lg`an gu`resler xali’qti’n` siyasiy sanasi’ ha`m iskerligin oyati’p, Watang`a muhabatti’ oyati’wi’ hesh kimge si’r emes. Bul haqqi’nda Evropa dani’shpanlari’nan biri Avgustin: «Uyqi’da jatqan xali’qti’ oyati’w ushi’n oni’n` tariyxi’n u`git-na`siyatlaw kerek», dep quri’dan-quri’ aytpag`an edi.

Imperiyani’ basqarg`an kommunistlik partiya basshi’lari’ buni’ jaqsi’ an`lag`ani’ ushi’n Tu`rkistan xali’qlari’ni’n` bay o`tmish tariyxi’n ha`r ta`repleme u`yreniwge, haqi’yqat analiz etip, u`git-na`siyatlawg`a jol qoymadi’. Olar a`sirese rus basqi’nshi’li’g`i’na qarsi’ ali’p bari’lg`an gu`resler a`hmiyetin kemsitiwge yamasa jasi’ri’wg`a uri’ndi’. Bul jag`day, a`sirese XX-a`sirdin` 50-ji’llari’nda ani’q ko`zge taslanadi’.[1]

U`lkenin` «jawlap ali’ni’wi’» so`zinin` orni’na «qosi’p ali’ni’wi’» degen so`zler isletildi. Olarda tek g`ana Rossiya sebepli Tu`rkistanda ti’ni’shli’q ornati’lg`an ha`m u`lkede jaqsi’ o`zgerisler ju`z bergenligi, bolmasa qatti’ krizis ha`m artta qali’wshi’li’q boli’wi’ mu`mkinligi haqqi’nda jar sali’ndi’. Sol sebepli, Rus ma`mleketinin` ayawsi’z kolonializm siyasati’ ha`m milliy zuli’mli’g`i’n

[1] Зияев Х. Ўзбекистон мустамлака ва зулм исканжасида. (XIX асрнинг иккинчи ярми – XX аср бошлари). Тошкент, 2006. 22 б.

emes, ba`lki «jaqsi' o`zgerisler ha`m jetiskenlikler»di u`git-nasiyatlaw tiykarg`i' wazi'ypag`a aylandi'ri'ldi'.

Bunday ko`z-qaraslar O`zbekistan tariyxi'na bag`i'shlang`an barli'q u`lken-kishi miynetlerde ko`zge taslanadi'. 1965-ji'li' Moskvada N.A.Xalfinnin` «Prisoedinenie Sredney Azii k Rossii (60-80 godi' XIX v.)» kitabi' baspadan shi'qti'. Bul kitapta u`lkeni basi'p ali'w protsessi ha`m juwmag`i' ko`rsetiliwi menen bir qatarda oni'n` koloniallі'q xarakteri bayan etilgen bolsada, biraq jergilikli xali'qti'n` basqi'nshi'larg`a qarsi' sawashlari' jari'ti'lmadi'. Avtor u`lkenin` basi'p ali'ni'wi'n biykarlamasada, lekin oni'n` «ob`ektiv jaqsi' aqi'betleri»n esapqa alg`an halda ta`riplewge u`gitleydi. Ol XX a`sirdin` 20-30-ji'llari'ndag`i' tariyxshi'lardi'n` patsha hu`kimetinin` basqi'nshi'li'q ha`m kolonializm siyasati'n u`yreniw menen shegaralani'p, «qosi'p ali'ni'wi'»ni'n`, yag`ni'y basi'p ali'ni'wi'ni'n` jaqsi' aqi'betlerin jari'ti'wg`a derlik a`hmiyet bermegenliklerin kritikalaydi'. Sebebi, «ob`ektiv o`zgerisler» koloniallі'q siyasatti'n` o`nimi esaplani'p, olardan jergilikli xali'q emes, ba`lki Rus ma`mleketi ha`m rossiyali'lar ra`ha`tlengen edi. Basi'p ali'ng`an bolsa, joqshi'li'q ha`m jarli'li'qta ku`n keshirgen edi.

Basqi'nshi'li'q, zorli'q, mi'n`lap adamlardi'n` dasti'g`i'n quri'ti'w, talan-taraj ha`m wayranagershilikler esabi'na bolg`an «ob`ektiv o`zgerisler»din` bari'nan go`re jog`i' mi'n` ma`retebe abzal edi. U`lkenin` basi'p ali'ni'wi'ni'n` shi'n ma`nisindegi aqi'betleri sonnan ibarat boldi', tek g`ana g`a`rezsizlik ha`m azatli'q joq qi'li'ni'p, koloniallі'q du`zim ha`m milliy zuli'mshi'li'q ornati'ldi'. Soni' umi'tpaw kerek, tek g`ana g`a`rezsiz milliy ma`mleket shen`berinde g`ana shi'n ma`nisindegi progresske erisiw mu`mkin.[1]

Xamid Ziyaev Turkistanni'n` qosi'p ali'ni'wi' degen tezisti jaqlag`an ko'plegen tari'xshi'lardi'n miynetlerine analiz jasag'an. N.A.Xalfinnin` eger Tu`rkistan Rossiyag`a «qosi'p ali'nbag`anda», yag`ni'y basi'p ali'nbag`anda jergilikli xali'qlar «oktyabr` revolyutsiyasi'» ha`m «sotsialislik du`zimi»nen shette qali'p «orta a`sir artta qali'wshi'li'g`i'»nda jasar edi degen pikiri de natuwri'.

[1] Зияев Х. Ўзбекистон мустамлака ва зулм исканжасида. (XIX асрнинг иккинчи ярми – XX аср бошлари). Тошкент, 2006. 26 б.

Kerisinshe, jergilikli xali’q «oktyabr` revolyutsiyasi’»ni’n` miywelerinen-misli ko`rilmegen qorqi’ni’shli’ waqi’yalari’n baslari’nan keshirgenliginin` gu`wasi’mi’z. Soni’n` ushi’n «ob`ektiv o`zgerisler»di bet perde etip basi’p ali’wdi’ «aqlaw»g`a ha`reket qi’li’w tariyti’ soxtalasti’ri’wdan basqa hesh na`rse emes.

Kommunistlik partiya basshi’lari’ milliy-azatli’q ha`reketlerin de qaralawg`a ha`reket qi’ldi’. Olar islam dinin dushpan ku`sh orni’nda ko`rip, ja`miyettegi orni’na zi’yan keltiriw ushi’n hesh na`rseden tarti’nbadi’. Ha`tteki ruwhaniylardi’n` o`tmish zamanlardag`i’ iskerliginde jaqsi’ bahalaw qadag`an etildi. Bulda is sonday da`rejege bari’p jetken waqi’tlar boldi’, ma`selen 1922-ji’li’ O`zbekistan Kommunistlik partiyasi’ Orayli’q Komitetinin` X plenumi’nda Andijanda ko`terilgen 1898-ji’lg`i’ «Dukchi Iyshan qozg`alan`i’» talqi’lani’p, arnawli’ qarar qabi’l etildi. Bunday ilimiy ma`selenin` hu`kimettin` en` joqari’ shen`berinde ko`riliwi ku`lkili jag`day edi. Usi’ qararda milliy-azatli’q gu`resi din wa`kili Dukchi iyshan basshi’li’q qi’lg`ani’ ushi’n ja`miyetke zi’yan keltirgen, jaman ha`reket dep ayti’ldi’, azatli’q pidayi’lari’ ju`zine keyinde qara boyaw su`rtildi. Xali’q qozg`alan`i’n sol ko`z-qarastan ta`riplew haqqi’nda ko`rsetpe berildi. 60-ji’llardi’n` aqi’rlari’nda bul qa`te belgili da`rejede du`zetilip, qozg`alan` basqasha bahalang`an bolsada, lekin onda qatnasqan ruwhaniy ha`m joqari’ qatlam wa`killerinin` isleri qaralandi’. Din iyelerinin’ Tu’rkistan jerlerinde ko’p azap-aqi’retlerge joli’qani’n, olardi’n birqanshalari’ qamali’p, ati’li’p ketkenligin ko’rsetedi.

Tari’yxi’y dereklerdi teren’ izertlegen ham o’z minetlerinde paydalani’p, ol Tu’rkistanni’n’ en’ ayyemgi waki’tlardan baslap adamlar jasawi’ ushi’n qolayli’ jer ekenligin, bul jerdin’ xali’qlari’ni’n’ o’z elin si’rtqi’ basi’p ali’wshi’lardan qorgaw ushi’n ju’rgizgen gu’reslerine toqtag’an.

Belgili ali’m Mahmud ibn Vali o`zinin` «Bahr al-asrar» kitabi’nda bi’lay degen: Tu`rkistan ken` ha`m ha`westi keltiretug`i’n a`jayi’p ma`mlekttur. Ol o`z ishine ko`p qalalar, awi’llar, wa`layatlar, taw-taslar, sho`l ha`m tegislik jaylardi’ o`z ishine aladi’. Oni’n` xalqi’ o`zlerin turkiyler yaki o`zbekler dep ataydi’. Bul xali’q o`zinin` erligi ha`m jawi’ngerligi menen dan`qqa erisken. Xorezmlik ha`m

tashkentlikler de sonday qa`siyetlerdin` iyesudur. Oni'n` xalqi' o`z watani'n ha`r ta`repleme basqa ma`mleketlerden joqari' ori'ng`a qoyadi'. Ol ha`zirde islam dininin` tazali'g`i'n saqlaw, medrese, meshit, xanaka, talabalardi'n` ko`pligi, i'qli'mi'ni'n` jumsaqli'g`i', a`jayi'p bag` ha`m daraqzarlari', taw ha`m da`r`yalari'ni'n` go`zalli'g`i' ha`m azi'q-awqatlari'ni'n` molli'g`i' jag`i'nan basqa ma`mleketlerden u`stin turadi'. Tu`rkistanda ali'm ha`m shayi'rlar sonshelli da`rejede ko`p, esabi'na jetiw a`mri ma`ha`l. Oni'n` bayli'g`i' «ilim ha`m dani'shpanli'q»tadur».[1]

Haqi'yqattanda da, Tu`rkistan ja`nnatma`kan ma`mleket si'pati'nda a`lemge ma`lim ha`m ataqli'. O`zbekistan bolsa bul aymaqti'n` ju`regi ha`m ga`whari'dur. Bul jerden insan o`miri ha`m rawajlani'wi' ushi'n ne na`rse za`ru`r bolsa barli'g`i' bar. Materialli'q ha`m ruwhi'y bayli'qlar tawsi'lmas g`a`ziynedur.

O`zbekstanni'n` bunshelli a`jayi'p ma`mleket boli'wi' hu`kimdarlardi'n` di'qqati'n o`zine tartpastan qoymas edi, a`lbette. Sebebi, Axamaniyler, Aleksandr Makedonskiy, Arab xalifatli'g`i', Shi'n`g`i'sxan, Patsha Rossiyasi' ha`m Sovet hu`kimeti u`lkege basti'ri'p kirdi. Olar misli ko`rilmegen qi'rg`i'nlardi', talan-taraj ha`m wayranagershiliklerdi qi'li'p, hu`kimranli'g`i' bir neshe ju`z ji'llar dawam etti.

Soni'n` ishinde, Axamaniyler – 200 ji'l, Grek makedoniyali'qlar – 180 ji'l, Arab xalifalg`i' sa`l kem - 200 ji'l, Shi'n`g`i'sxan basqi'nshi'lari' - 150 ji'l, Patsha Rossiyasi' ha`m Sovet ma`mleketi - 130 ji'l u`lkeni o`z pa`njelerinde uslap turdi'. Uli'wmalasti'rg`anda bul sanlar 800 ji'ldan asadi'. O`zbekstan o`zinin` sa`l kem u`sh mi'n` ji'lli'q tariyxi'nan orta esapta 800 ji'li'n basqi'nshi'lardi'n` qol asti'nda o`tkeriwge ma`jbu`r boldi'. Bul ju`da` qorqi'ni'shli' ha`m tragediyali' da`wirlerde ju`z mi'n`lap adamlar o`ltirildi yaki jaraqatlandi'. Ko`p bayli'qlar talandi', qala ha`m awi'llar qarabaxanag`a aylandi'ri'ldi'. Biraq hesh qanday qi'rg`i'nlar ha`m wayranagershilikler qanshelli jawi'zlarsha a`melge asi'ri'lmasi'n, o`zbek xalqi'ni'n` jer ju`zinen si'pi'ri'p taslay almadi'. Sebebi bul xali'q Allani'n` ma`rha`mati' menen «otta janbaytug`i'n ha`m suwda sho`kpeytug`i'n» etip

[1] Зияев Х. Ўзбекистон мустамлака ва зулм исканжасида. (XIX асрнинг иккинчи ярми – XX аср бошлари). Тошкент, 2006. 29 б.

jarati’lg`an, misli ko`rilmegen apatshi’li’qlar ha`m azaplardi’n pu`tin shi’g`a berdi. Ha`mde basqi’nshi’larg`a qarsi’ gu`resin dawam ettire berdi dep jazi’p O’zbekistan xali’qlari’ni’n’ ayyemgi dawirden baslap g’a’rezsiz jasap kelgenligin oni’n si’rt el basqi’nshi’lari’na qarsi’ gu’reslerin ko’rsetip bergen.

Xosh, solay eken, ne ushi’n azatli’q gu`resleri jen`iliske ushi’rap basqi’nshi’lardi’n` hu`kimranli’g`i’ ornati’lg`an waqi’tlari’ bolg`an ?

Bug`an birinshi na`wbette taxtti’n` miyrasxorli’g`i’ ha`m oni’n` ushi’n ali’p bari’lg`an o`z-ara qanli’ uri’slar sebep bolg`an. Belgili, hu`kimranli’q qi’li’p ati’rg`an shejirede (dinastiyada) ha`mme waqi’t a`kesi yaki atasi’na uqsag`an aqi’lli’ ha`m talantli’ perzent tuwi’la bermegen. Sog`an qaramastan miyrasxorli’q ni’zami’ boyi’nsha qa`bilyatsi’z perzentte taxtti’ iyeley bergen. Bul tiptegi hu`kimdarlar o`zlerinin` a`zziligi sebepli jeke ma`p ha`m ti’ni’shli’g`i’n uli’wma ma`mleket ma`plerinen u`stin qoyi’p is ju`rgizgen. Na`tiyjede ma`mlekette krizis ha`m artta qali’wshi’li’q ju`zege kelgen. Hu`kimdarlardi’n` ko`p qati’ng`a iye boli’wi’ ha`m perzentlerinin` ko`p boli’wi’da u`lken zi’yan tiygizgen. Olardi’n` arasi’nda on ha`m onnan arti’q qati’ni’ bar 10-20 perzenti bar hu`kimdarlardi’ ushi’rati’w mu`mkin. Bunday atasi’ bir ha`m anasi’ basqa perzentlerdin` ha`r biri «taxt mag`an tiyisli» degen pikir menen jasap, oni’ iyelew ushi’n ag`a-inilerin o`ltiriwden taymag`an. Bunday taxt talasi’w sonday tragediyali’q aqi’betlerge ali’p kelgen, oni’ su`wretlep te bolmaydi’. En` a`welden ol ma`mlekette paraxorli’q ha`m bereketsizlikti, qa`weterlik ha`m ti’ni’shsi’zli’qti’ ju`zege keltirip, ha`kimyat basqari’wi’ ha`m rawajlani’wi’na u`lken zi’yan tiygizdi. A`skerler arasi’nda bolsa ta`replerge bo`liniw ha`m o`z basi’mshali’q hu`kim su`rip, ma`mleket qorg`ani’wi’ ju`da` a`zzilegen. Ha`tteki taxt ushi’n gu`resler qu`diretli temuriylar ma`mleketin qulati’wg`a ali’p kelgenligin kim bilmeydi deysiz.

Diniy fanatizm de g`a`rezsizlikti qoldan beriwge ali’p kelgen edi.

Bizge belgili talantli’ adamlar ha`r qa`demde ushi’ramay azshi’li’qti’ quraydi’. Sog`an uqsas aqi’l-parasatli’, erlikli, watanparwar ha`m sheber sho`lkemlestiriwshi hu`kimdarlar ju`z ji’llarda bir du`n`yag`a kelgen. Og`an isenim payda etiw ushi’n keyingi mi’n` ji’lli’q tariyxqa na`zer salsan`i’z bolg`ani’. Bul

ko`p a`sirlik da`wir dawami'nda joqari'da ko`rsetilgen joqari' pa`ziyletlerdi o`zinde ja`mlegen, shi'n ma`nisindegi ma`mleketlik g`ayratkerlerdin` xi'zmetleri sebepli 900, 1380 ha`m 1991-ji'llarda u`sh ma`rtebe watan g`a`rezsizligin tiklewge erisildi. Oni'n` birinshisi Ismail Samaniy, ekinshisi Amir Temur ha`m u`shinshisi Islam Karimov ati' menen ti'g`i'z baylani'sli'. Bul teberik zatlar g`a`rezsizlikti tiklew menen bir qatarda ma`mlekettin` ku`sh-qu`direti ha`m rawajlani'wi'n ta`miynledi, dep jazi'p tari'yxtagi' ulli' insanlar qatari'na g'a'rezsizliktin' negizin sali'wshi'lardi'n' biri Islam Karimovti' ko'rsetedi.

A'mir Temurdan keyin 600 ji'l dawami'nda azatli'q gu`reslerine basshi'li'q qi'li'p jen`isti ta`miynlewge erisken ma`mlektlik g`ayratker ko`zge taslanbadı. 1991 ji'lg`a kelip xali'q arzi'g`i'p ku`tken ulli' ma`mleketlik g`ayratker Islam Karimov ko`z aldi'mi'zda payda boldi'. Oni'n` dana basshi'li'g`i' sebepli O`zbekistan g`a`rezsizligi tiklendi. Ol sonday da`rejede o`tkir siyasat ju`rgizdi, misli g`a`rezsizlik ha`m aztli'q sherdin` awzi'nan «bir tamshi' qansi'z», yag`ni'y sawashsi'z ha`m qurbanlarsi'z tarti'p ali'ndi'.

Prezident Islam Karimovti'n` ideyasi' ha`m tikkeley basshi'li'g`i'nda g`a`rezsizlik ha`m rawajlani'w ushi'n ali'p bari'lg`an gu`restin` o`zine ta`n qa`siyetleri bar. Jurtbasshi'mi'z aytqani'nday O`zbekistan g`a`rezsizliginin` tikleniwi tosattan bolg`an ha`diyse bolmay, oni'n` gu`resinin` tami'rlari' uzaq o`tmishke bari'p taqaladi'. Bul miynet o`zbek xalqi'ni'n` erami'zdan aldi'ng`i' a`sirlerinen 1991 ji'l 31 avgusti'na shekem ali'p barg`an qaharmanli'q gu`reslerin jari'ti'wg`a bag`i'shlang`an. Onda bul gu`reslerdin` sebepleri, a`hmiyeti ha`m bag`darlari'n ko`rsetiwge ha`reket qi'li'ndi'.

Rossiya menen Orta Aziya baylanısları XVI a`sirden baslap elshilik qatnasta bolıp turdı. Biraq ra`smiy tu`rde baylanıslar ornatıwg`a erisilmedi.

Rossiyanın` Orta Aziya menen baylanısı Petr 1 waqtında bir qansha rawajlandı. Sonlıqtanda 1717 jılı Xiyuag`a Bekovich Cherkasskiy basshılıg`ındag`ı a`kspeditsiya jiberiledi. a`kspeditsiya bir jag`ınan tanıshlıq elshisi sıpatında bolsa, al ekinshi jag`ınan Xiywa xanlıg`ına dushpan sıpatında ha`reket etip, aqıbetine a`kspeditsiya Xiywa xanlıg`ı ta`repinen qıyratıldı.

1839 jılı Orenburg general-gubernatorı Perovskiy ta`repinen Xiywanı basıp alıwg`a urınıwlar boldı. Biraq, bul ha`reketlerde bosqa ketti.

Biraq Qazaqstan jerlerinin` Rossiya qol astına o`tiwi, ol jerlerde jan`a qalalardın` salınıwı, ruslardın` Orta Aziya sawda baylanısların rawajlandırıwdın` negizgi ilajları bolıp qaldı. Sonday-aq XIX a`sirdin` 30 jıllarında Rossiya Orta Aziya bazarları ushın Angliya menen qarama-qarsılıg`ı kelip shıqtı.[1]

XIX a`sirdin` ortalarınan baslap Rossiyada kapitalizmnin` rawajlanıwı patsha hu`kimetinin` Orta Aziyag`a basıp kiriwine tu`rtki boldı. Kapitalistlik sanaatının` o`siwi, jan`a bazardın` sawdasına ha`m shiyki zat dereklerine bolg`an talaptın` ku`nnen-ku`nge asıwına imkaniyat tuwdırdı. Bunnan tısqarı, Rossiyanın` Orta Aziyanı basıp alıwının` sebeplerinin` biri - Amerikanın` arqasında ha`m qublasında puxaralar urısı ha`m Amerika paxtasının` Evropag`a a`keliwinin` toqtap qalıwı boldı. Paxtanın` jetispewshiligi na`tiyjesinde toqımashılıq tarawında dag`darıs ju`z berdi, sonlıqtan shiyki zattın` dereklerin izlep tabıw za`rwr edi. Sonday-aq Rossiyasının` Qırım urısında jen`iliske ushırawı ha`m Angliyanın` Orta Aziya jerlerin basıp alıwg`a ashıktan-ashıq tayarlanıwı, Patsha Rossiyasının` Orta Aziyag`a xu`jimin tezletti. Da`slepki a`skeriy ha`reketler Qoqan xanlıg`ına qaratıldı.

1847 jılı orıs a`skerleri Sırda`r`yanın` to`mengi jag`ın iyelep aldı ha`m Aral qorg`anın` qurdı. a`ho`q jılı Aq meshitti (ha`zirgi Qızıl-Orda) iyeleydi. a`ho`n` jılı Alma-ata awılı janında Vernıy bekinis qorg`anı salınadı.

1861 jılı 21 iyun`de orıs patshasının` qatnasıwındag`ı ken`es Qoqan xanlıg`ın bir jaqlı etiw xaqqında ja`ne bir ma`rtebe qararg`a keldi. Usı ko`rsetpenin` tiykarında qalalar dı, wa`layatları ha`m qorg`anlardı izli-izinen toqtawsız basıp alıwg`a kirisildi.

1865 jılı Chimkent, a`hu`o` jılı u`lken qıyınshılıqlar menen Tashkent qalası jawlap alınadı. Tashkent basıp alıng`annan keyin Rossiya imperiyasının` Tu`rkistan ma`selesine tiysli barlıq a`skeriy-siyasiy ma`selelerin sheshetug`ın, orıs rezidentsiyasının` xızmetin orınlaytug`ın ma`kang`a aylandırıla basladı. Tashkent

---

[1] Зияев Х. Ўзбекистон мустамлака ва зулм исканжасида. (XIX асрнинг иккинчи ярми – XX аср бошлари). Тошкент, 2006. 32 б.

Orta Aziyanı koloniyalarg`a aylandırıw xaqqıdag`ı xu`kimlerdi orınlaytug`ın tayanısh a`skeriy-siyasiy administrativlik shtab xızmetin atqardı.

1866 jılı Xojent jawlap alınadı. Usı jılı Tashkent, Xojent Chirchik a`tirapları, Jizzak jawlap alınadı. Orıs a`skerleri Buxara a`mirliginin` bir bo`legin iyelep, onı Qoqan xanlıg`ı shegaralarınan bo`lip tasladı.

1867 jılı 14 iyul`de Rossiya imperatorı Aleksandr II Tu`rkistan a`skeriy okrugin du`ziw ha`m Rossiyanın` quramı kirgizilgen aymaqlardan ibarat bolg`an Tu`rkistan general-gubernatorlıg`ı du`ziw haqqında pa`rman berdi. Okrugtın` komandiri ha`m general-gubernator bolıp general-ad`yutant K.P.Kaufman tayınlandı.

Tu`rkistan general-gubernatorlıg`ı du`zilgennen keyin Fon Kaufman o`zine berilgen u`lken wa`killekler tiykarında Buxarag`a qarsı urıs ha`reketleri ken` ko`lemde tag`ı baslap jiberdi.

1868 jılı 1 mayda 8300 adamlıq orıs armiyası Samarqand qalasının` bosag`asındag`ı Shopanata to`beliginde a`mirdin` armiyasın jen`di.

1868 jılı 23 iyun`de a`iirdin` elshileri pitim jasaw ushın Samarqandta turg`an Fon Kaufmang`a keledi. Kaufman Samarqand, Qattakurg`an ha`m Zarafshan da`r`yasının` joqarı jag`ın Rossiyag`a beriwdi ha`m 500 mın som mug`darında kontributsiya to`lewdi sha`rt etip qoyadı. Sha`rtnama boyınsha Buxara a`miri shet ma`mleketler menen diplomatiyalıq baylanıslar ju`rgiziw xuqıqınan ayrıldı, orıs sawdagerleri ushın irkinishsiz sawda-satıq islew minnetlemese ju`klendi. A`mir Rossiyag`a siyasiy bag`ınıwnın` tolıq moyınladı.

Bul jag`daylar Rossiya menen Angliya arasındag`ı qarım-qatnaslardın` shiyelenesiwine alıp keldi. Sonlıqtan da Rossiya imperiyası Angliya menen qarım-qatnas bir jo`nli bolg`ang`a shekem Xiywa xanlıg`ına xu`jim jasawdı toqtatıp turıwg`a ma`jbur boldı.

Xiywa xanlıg`ına ju`ris ha`reketleri 1873 jılg`a kelip baslanadı. Xiywa bag`darındag`ı barlıq a`skeriy ku`shlerdin` bas komandir etip Fon Kaufman tayınlandı. 1873 jıldın` ba`ha`rinde onın` buyrıg`ı boyınsha barlıq a`skerler Xiywanın` shegarasınan o`tip, aldın-ala kelisilgen rejege muwapık basqınshılıq

urısın baslap jiberdi. 1873 jılı 18 may ku`ni Fon Kaufman otryadları A`muda`r`yadan keyin o`tip, 23 may ku`ni Xazarasp qorg`anın basıp aldı. Sonday-aq usı waqıtta Qon`ırat, Xojeli, Mang`ıt qalaları da iyelendi.

1873 jıldın 12 avgustında Fon Kaufman ha`m Xiywa xanlı ortasında kelisimge qol qoyldı. Sha`rtnama boyınsha Xiywa xanı siyasiy xuquqlardan, o`z betinshe sırtqı siyasiy ju`rgiziwden ayırıldı. A`miwda`r`yanın` to`mengi ag`ısının` on` jag`asındag`ı xanlıqqa tiyisli barlıq jerler Rossiyag`a berildi. Xanlıqqa 2 million 200 mın` som mug`darında kontributsiya salındı.[1]

XIX a`sirdin` aqırlarında Rossiyada kapitalistlik qatnaslar jedel rawajlanıp, onın` imperializm basqıshına o`tip atırg`anlıg`ı tu`rli tarawlarda ayqın ko`rindi. Da`slep bul ekonomikalık turmısta ko`zge taslandı. Bul ju`da` u`lken monopoliyalarg`a sheksiz shiyki zat jetkerip beretug`ın dereklep za`ru`r degen so`z edi. A`sirese toqımashılıq sanaatının` ha`wij alıp o`siwi Tu`rkistanda patshashılıqtın` monopoliyalılıg`ın ta`miyinlewge ken` jol ashıp berdi. Patsha administratsiyası Tu`rkistandı shiyki zat deregine ha`m onı orıs tovarları satılatug`ın bazar maydanına aylandırıw ushın barlıq qurallardı tezlik penen iske saldı.

Tu`rkistan daramadtın`, paydalanıw deregi sıpatında da patsha Rossiyasının` g`a`ziynesin bayıtıp barmaqta edi. Bul daramatlar 1867-1896 jıllarda 4 ese ko`beydi, al xalıqtan alınatug`ın salıqlar 1889-1893 imperiyasının` g`a`ziynesine u`lkeden a`o`h million som sap daramad tu`sti.

Rossiya Tu`rkistan qarım-qatnasları tek Rossiya imperiyasının` ma`plerine boysındırıldı. Sonın ushın u`lkede qurılıp atırg`an barlıq zavodlar, a`sirese paxta zavodları orıs sanaatının` iyelerine qaraslı edi. XX a`sirdin baslarında tek Ferg`ana wa`layatında 157 paxta basqınshılardın` qolında edi. Tek geyparaları g`ana orıs-o`zbek burjua sawda-sanaat wa`killerine qaraslı edi. Tu`rkistannın` Samarqand, Sırda`r`ya ha`m Ferg`ana wa`layatlarında 1867-1900 jıllar dawamında 170 sanaat ka`rxanası ashılg`an bolsa, 10 jıl dawamında (1900-1910) tag`ı 220, al 4 jıl ishinde

[1] Зияев Х. Ўзбекистон мустамлака ва зулм исканжасида. (XIX асрнинг иккинчи ярми – XX аср бошлари). Тошкент, 2006. 36 б.

(1910-1914) 180 ka`rxana iske qosıldı. Mine usı ko`rsetkishlerdin` o`zi-aq u`lkede sanaat qurılısı bir ta`repleme alıp barılg`anlıg`ın ko`rsetedi.

1880 jılı Tu`rkistan paxtası orıs sanaatı talabının` 20 protsentin qurap, bul ku`rsetkish jıl sayın artıp bardı ha`m birinshi ja`xa`n urısı aldında 80 protsentke jetti. Sol sebepli imperiyasın toqımashılıq sanaatı basqa sanaatlarg`a qarag`anda jedelirek astı.

Rossiya imperiyasının` generalları da, siyasatshıları da sonı jaqsı biler edi, tek a`skeriy ku`sh, oraylık basqarıw apparatın en`giziw menen u`lkeni uzaq mu`ddette ha`m isenimli tu`rde qolg`a uslap turıwg`a bolmaydı. Sonın` ushın olarg`a o`z milletin, yag`nıy orıs millettine tiyisli xalıqtın jergilikli penen aralastırıp jiberiw, Tu`rkistanda turaqlı tu`rde jasaytug`ın orıs ha`m slavyan xalqın payda etiw kerek edi. Olar bul mashqalanı Orta Aziyag`a orıs xalqının` kolonizatorlar ha`kimiyatına ko`z-qarasın ha`m is-ha`reketlerin baqlap, za`rur bolg`an waqıtta auhaldan da`rhal xabardar etiw de lazım edi. Qullası orıs milletine tiyisli bul adamlar patshalıq ushın sotsiallıq tayanısh qatlam bolıwı kerek edi.

Sonın` ushın ko`shiriw siyasatın iske asırıw Tu`rkistan general-gubernatorlıg`ı du`zilgen 1867 jılı aq baslap jiberildi.

Orıslar Orta Aziyanı basıp alg`annan keyin u`lkeni o`zlestiriw ma`qsetinde xalıqtın sanın dizimge alıwg`a kiristi, u`lkeni izertlep shıqqan qupıya ma`sla`xa`tshi Girs Tu`rkistanda 2.406.000 adam jasaytug`ının` ha`m olardan a`.g`00.000 adam er adamlar ekenin jazg`an. Mine usı er adamlarg`a a`skeriy xızmet miynetinin` ju`klew ma`selesine toqtag`an patsha ha`meldarı bul og`ada qa`wipli siyasiy ilaj ekenin ko`rsetip, Tu`rkistan xalqın armiyag`a xasla shaqırmaw siyasatın jaqlap shıg`adı. Girstın` esaplawına qarag`anda u`lkede a`skeriy xızmetke er adamlar alınsa, 6 jıl ishinde zamanago`y a`skeriy texnikanı biletug`ın tu`rkistanlılardın` sanı Tu`rkistan a`skeriy okrugindegi a`skerlerdin` sanınan artıp ketedi. Olardın` arasında jawıngerlikti jetilistiriw imperiyasının` ma`plerine qarsı keledi. Bunın` ornına bul xalıqqa a`skeriy salıq salıw ma`qsetke muwapık Patsha Rossiyası o`zbek xalıqların basıp alg`annan keyin bul jerde a`zelden dawam etip kiyatırg`an jerge iyelik etiw formasına dus keldi. Sol sebepli bul ma`seleni da`rha`l

o`zlerine qolaylı etip o`zgertiwge asıqpadı. Olar negizgi dıqqattı xanlıqlardın` tartıp alıng`an aymaqlarda koloniyalık ma`mleket basqarıwının` bekkem tırnag`ın salıwg`a qarattı, jer iyelewshilik ha`m suwdan paydalanıwg`a tikkeley aralaspadı. Patshashılıqtın` basqınshı administratsiyası a`weli salıq jıynaw menen shug`ıllandı.

Bunın` barısında olar jer-suw qatnasların teren` u`yreniwge kiristi. Na`tiyjesinde Tu`rkistan general-gubernatorı a`hw9 jılı otırıqshı ha`m ko`shpeli xalıqtan alınatug`ın salıqtı ko`beytti. Salıqlardın` mug`darı tek Sırda`r`ya wa`layatının` o`zinde a`hu`9 jıldag`ı g`hh mın` somnan 1882 jılı 505 mın` somg`a arttı, ko`plegen jerler ma`mleket esabına o`tkerildi. Menshik jerlerge ha`m ha`tte waqım jerlerge de salıq salındı.

Rossiya Tu`rkistan u`lkesin basıp alg`annan keyin milliy ma`mleketshilik sezimlerin sin`diriwdi negizgi wazıypa dep esapladı. Sonın` ushın Rossiyasının` a`skeriy toparları, ha`meldarları Tu`rkistanda ullı orıs ma`mleketshilik ideyasın a`melge asırıwg`a kiristi.

Tu`rkistanda jan’asha usıl mektepleri, rus-tuzem mektepleri ashılıp, olar arqalı Tu`rkistan xalqın orıs turmısı a`tirapında ta`rbiyalaw, son` ala orıslar menen jergilikli xalıqlardı aralastıpıp jiberip, bul jerde evropasha turmıs qa`lpinin` jen`iwi tolıq ta`miyinlewge umtıldı. Sonı da ayrıqsha atap o`tiw kerek Tu`rkistan u`lkesindegi musılman bilimlendiriw shaqapshaların general-gubernatorlıq g`amxorlıqtan shıg`arıp taslandı. Sebebi olar kolonizatorlıq ta`rtiplerge qarsı, milliy ma`deniyat taratıwshı ilim orayları edi.

Patsha xu`kimeti jergilikli xalıqlardın` milliy, siyasiy ekonomikalıq ha`m ma`deniy rawajlanıwına qayshı keletugın usılda ″Tu`rkstan orıslar ushın″ uranı astındag`ı reformanı a`melge asırıwg`a kiristi.

Usı da`uirdegi belgili ma`deniyat iskerlerinen Axmad Danısh bolıp ol a`weli Shıg`ıs ma`deniyatın jaqsı u`yrenip, son` Batıs madeniyatının` bag`darlanıw pozitsiyaları menen tanısadı. A`sirese onın 1800-1870 jıllarda Rossiyag`a eki ma`rtebe sayaxat jasawı og`an Evropa ma`deniyatı menen ken`irek tanısıwına imkaniyat berdi.

Axmad Danısh artta qalg`an Buxara a`mirligin rawajlanıwg`a qaray baslaytugın reforma o`tkeriu joybarın du`zedi. Onda bilimlendiriw siyasatı, ekonomikalıq turmıs, paydalı qazılmalar ha`m olardın` qalay paydalanıw ha`m ulıwmalıqtın` ma`pine boysındırıw a`rmanı anıq sa`wlelengen.

1867 jılı Tashkentte meteorologiyalıq stantsiya ashıldı. Ol u`lkenin` klimatın u`yreniwge kiristi. 1870 jılı Tashkentte Tu`rkistan xalıq kitapxanası sho`lkemlestirildi. Orta Aziya xalıqlarının` turmısına bag`ıshlang`an ilimiy ha`m u`lketanıw ma`selesine tiyisli tu`rli xabarlar ha`m maqalalar ″Tu`rkistan wa`layatının` gazeti″, ″Tupkestanskie vedomosti″ gazetaları ha`m baska jergilikli baspa so`zde turaqlı turde ja`riyalanıp turdı.

1870 jılı Orta Aziya alımlarının` ja`miyeti du`zildi. Bul ja`miyet o`zinin` aldına Orta Aziya tariyxı, geografiyası, etnografiyası, statistikası, ekonomikası ma`selelerine tiyisli mag`lıwmatlardı toplawdı maqset etip qoydı. Bul jumıslarg`a jergilikli adamlarda qatnasıp o`z gezeginde u`lkemizdin` ilimin, ma`deniy-ag`artıwshılıq islerinin` rawajlanıwına u`lken u`les qostı.

## III BAP. G`A`REZSIZLIK DA`WIRINDE X.ZIYAEVTIN` ILIMIY XIZMETLERI HA`M MIYNETLERI

Xamid Ziyaev o`zinin` sanalı o`mirin O`zbekistan Ilimler Akademiyasının` tariyx institutında o`tkerip, sonın` ishinde otız bes jıldan aslam waqıt XIX a`sir ha`m XX a`sir basındag`ı Tu`rkistan tariyxı bo`limine basshılıq etti. O`zbekistan Respublikasındag`ı barlıq tariyxshılar usı da`wir menen shug`ıllanıwshılar usı da`wir bo`limi menen tıg`ız baylanısta boldı. Onın` ko`megine ha`m ma`sla`ha`tlarına miyasar boldı. Onın` basshılıg`ında bir neshe kandidatlıq ha`m doktorlıq dissertatsiyalar jazıldı. Lekin bul da`wirdegi payda bolg`an tariyxıy shıg`armalarda patshalıqtın` Tu`rkistan jerlerin a`skeriy ku`sh penen basıp alıwshılıg`ı ma`seleleri ashıqtan-ashıq ko`rsetilmedi. Bul da`wirdegi payda bolg`an jumıslarda Orta Aziyanın` Rossiyag`a qosılıwının` ob`ektiv progressiv a`hmiyeti ma`selesi birinshi orında turar edi. U`lke xalıqlarının` kolonializmge qarsı alıp barg`an gu`resleri tolıq ma`nide ashıp ko`rsetilmes edi. O`tken a`sirdin` alpısınshı jıllarında O`zbekistan tariyxının` jan`a baspasın shıg`arıw ku`n ta`rtibine qoyılg`an edi. Usıg`an baylanıslı O`zbekistan tariyxındag`ı geypara ma`seleler qayta qaralıp shıg`ılıwı ku`n ta`rtibine qoyılıp, solardın` arasının Andijandag`ı ko`terilis ma`selesine berilgen bahanı ko`rip shıg`ıw kerek bolg`an edi. Sebebi, bul ko`terilis tuwralı eliwinshi jıllardın` basında O`zbekistan Oraylıq komiteti arnawlı qarar qabıl etken edi. Onda bul ko`teriliske unamsız baha berilgen edi. Tazadan tayarlanıwı kerek bolg`an bul kitapta bul ma`seleni qayta ko`rip shıg`ıw talap etildi. Sonın` menen birge, tariyx iliminde jadidlerge bolg`an ko`z-qaraslardı da qayta ko`rip shıg`ıw ma`seleleri ku`n tartibine qoyıldı. O`zbekistan Respublikasının` vitse-Prezidenti Ibrayım Muminov bul ma`seleler boyınsha arnawlı shug`ıllanıwdı ha`mde izertlewler, ilimiy konferentsiyalar sho`lkemlestiriwdi tapsırıp, bul wazıypalardı a`melge asırıwdı Xamid Ziyaevke tapsırg`an. Bul ma`selelerdi a`melge asırıwdı qollap-quwatlag`an ko`plegen alımlar o`zlerinin` basın alıp qashıp, olar bizlerdi milletshilikte ayıplaydı dep qorqıp basın alıp qashqanlıg`ı da belgili bolg`an. Usınday qıyınshılıqlarına qaramastan Andijandag`ı ko`terilis tuwralı ilimiy konferentsiya o`tkerilip, Andijan

ko`terilisi tuwralı ilimiy dokladlar islenip, onın` tariyxıy a`hmiyeti tuwralı unamlı karar qabıl etgen. Andijandag`ı bolıp o`tken qozgalan` azatlıq ushın ju`rgizilgen qozgalan` ekenligi da`liyllenip ko`rsetilgen. Sonın` menen birge, jadidler ha`reketi tuwralı da ilimiy anjumanlar o`tkerilip, jadidler ha`reketlerine de unamlı bahalar berilgen.

Mine usı ma`selelerdi teren` ilimiy ha`m haqıyqatlıq penen ko`rsetiwde Xamid Ziyaevtın` xızmeteleri u`lken boldı ha`m keyingi da`wirlerde basıp shıg`arılg`an O`zbekistan tariyxı sabaqlıqlarına da arnawlı tomlarg`a Anjijan ko`terilisi ha`m jadidler tuwralı jan`a mag`lıwmatlar qosıldı.

Xamid Ziyaevtın` qa`lemine tiyisli 1974-jılı jarıq ko`rgen O`zbekistan tariyxında kolonializm da`wirinin` siyasiy, ekonomikalıq ha`m azatlıq ha`reketleri tariyxı boyınsha baplarda O`zbekistannın` tariyxının` kolonializm da`wiri tariyxı tuwralı ju`da ko`plegen mag`lıwmatlar keltirilgen. Bul ma`selelerdi jazıwda ha`m baspag`a tayarlawda Xamid Ziyaevtın` xızmetleri og`ada u`lken boldı.[1]

Kolonializm da`wiri boyınsha usı da`wirlerde payda bolg`an iri ilimiy miynetlerdin`, toplamlardın` payla bolıwında X.Ziyaevtın` xızmetleri bar. Usı da`wirde payda bolg`an miynetlerinen «Sotsial`no-ekonomicheskie otnosheniya i klassovaya bor`ba v dorevolyutsionnom Uzbekistane», «Istoriya i istoriografiya natsional`no osvovoditel`nogo dvijeniya v Sredney Azii i Kazaxstane» ha`m baska da miynetlerinin` payda bolıwında onın` basshılıq roli joqarı da`rejede bolg`an.

Kolonializm da`wiri O`zbekistan xalıqlarının` turmısında ko`plegen jan`alıklardı engizgen. Bul o`zgerisler siyasiy, ha`kimshilik, xojalıq ha`m ma`deniy, ruwxıy tarawlarda ko`p bolg`an. Xamid Ziyaevtın` basshılıg`ında bul o`zgerisler tariyxıy derekler negizinde teren` izertlew ob`ektine ne bolg`an. Solardın` arasında awıl-xojalıq ha`m diyxanshılıq tarawındag`ı, sonın` ishinde paxtashılıq tarawındag`ı o`zgerisler temaları boyınsha da jan`a materiallar jıynalıp,

---

[1] Зияев X. O`zbekistonda 1916 yilgi xalq qo`zg`olonining katnashchilari. Toshkent, 1976, 4 b.t.; Turkistonda ozodlik harakatlari tarixidan. Toshkent, 1977, 4 b.t.; O`zbekiston paxtachiligi tarixidan. Toshkent, 1980, 3 b.t.; Turkistonda Rossiya tajovuzi va hukmronligiga qarshi kurash (XVIII-XX asrning boshlari). Toshkent, 1998, 25 b.t.; Istiqlol - ma`naviyat negizi. Toshkent, 1999, 10 b.t.; Tarix o`tmish va kelajak ko`zgusi (tarixning dolzarb masalalari). Toshkent, 2000, 16 b.t.; O`zbekiston mustaqilligi uchun kurashlar tarixi (miloddan avvalgi asrlardan to 1991 yil 31 avgustgacha). Toshkent, 2001, 24 b.t.; O`zbek xonliklari chorizm asoratida (XIX asrning 50-70 yillari). Toshkent, 1943, b.t.

maqala ha`m izertlewler payda bola basladı. Paxtashılıq Orta Aziya territoriyasında a`yyemnen egilip kiyatırg`an egin ekenligi tariyxshılarımızdın`, a`sirese Orta Aziya tariyxın teren` izertlegen ilimpaz Bartol`dtın` miynetleri ha`m maqalalarında anıq ko`rsetilip berilgen.

Xamid Ziyaev Tu`rkistanda paxtashılıq tariyxı ma`selelerin u`yreniwde u`lken jumıslar atqardı. Bul taraw tariyxın O`zbekistan tariyxshıları arasında birinshilerden bolıp u`yrenip ko`plegen maqala  ha`m miynetler jazgan avtorlardın` birinen esaplandı. Xamid Ziyaevtın` izeritlewlerinde Tu`rkistan u`lkesin Patsha Rossiyasının` basıp alıwı menen Tu`rkistan general-gubernatorlıg`ının` du`ziliwi menen paxtashılıqtın` ken` tu`rde rawajlanıwına mu`mkinshilikler ashılg`anlıg`ı, Sırda`r`ya, Ferg`ana ha`m basqa da wa`layatlarda paxtashılıqtın` ken` tu`rde en` jayg`anlıg`ın o`zi izlep tapqan arxivlik mag`lıwmatlarg`a su`yenip, ko`plegen izertlewler ju`rgizdi. Onın` bul izertlewleri ha`zirgi waqıtta da a`hmiyetin joyıtqan emes. Qaraqalpaqstan tariyxshıları da A`miwda`r`ya bo`liminde, yag`nıy Qaraqalpaqstan jag`dayında da kolonializm da`wirindegi paxtashılıq tariyxına bag`ıshlang`an kandidatlıq dissertatsiyalar tayarladı ha`m ha`zirgi waqıtta da usı tematikada izertlewler alıp barılmaqta. Xamid Ziyaevtın` paxtashılıq tariyxına bag`ıshlang`an miynetlerinde rus kapitalistlerinin` Tu`rkistan jerlerinde paxtashılıktın` jan`a sortların o`siriwge islegen ha`reketleri, paxtanın` jan`a sortların engiziwge bolg`an ha`reketleri, jergilikli sortlardın` ornına Amerikadan alıp kelingen paxta sortların alıp kelip egilgenligi ha`m paxtashılıq u`lkesine aynalıp Tu`rkistan u`lkesinin` shiyki zat bazasına aynalıp barg`anlıg`ı tuwralı ju`da ko`p sanlı faktler keltirilgen maqalalar ha`m miynetler do`retti.

Ilimpaz o`ziniin` miynetlerinde Tu`rkistan u`lkesinde azatlıq gu`resi tariyxı boyınsha da ko`plegen jumıslardı a`melge asırdı. Ol o`zinin`  da`slepki ilimiy jumıslarında-aq Tu`rkistan milliy azatlıq gu`resi tariyxı boyınsha izertlew jumısları baslag`anlıg`ı belgili. Ol «Shıg`ıs Tu`rkistanda 1826-jılı xalıq qozg`alan`ı» shıg`armasında uyg`ır ha`m o`zbek xalıqlarının` Qashqarda Sin imperiyasının`

u`stemligine qarsı ha`reketleri ko`rsetilgen edi. Bul qozg`alan` azatlıq ushın alıp barılg`an gu`restin` ayqın ko`rinislerinen biri ekenligi bahalangan edi.

X.Ziyaev 1960-jılı Moskvada basıp shıg`arılg`an «Orta Aziya ha`m Qazaqstanda 1916-jılg`ı kozg`alan`ı hu`jjetler toplamı» shıg`armasının` avtorlarının` biri bolg`an.

1956-jılı Ferg`ana oypatlıg`ındag`ı 1916-jılg`ı qozg`alan`shılar menen ushırasıp, qozg`alan` sebebleri, rawajlanıwı ha`m bastırılıwına baylanısı qımbatlı mag`lıwmatlardı o`zinde sa`wlelengen yadqa tu`siriwler ha`m su`wretler topladı ha`m olarg`a su`yenip, 1977-jılı «1916-jılg`ı qozg`alan` qatnasıwshıları» atı menen ritsola bastırıp shıg`ardı.[1]

1977-jılı bolsa, onın` ja`ne bir «Tu`rkistanda azatlıq ha`reketleri» degen shıg`arması dag`azalandı. Onda O`zbekistan xalıqlarının` en` a`yyemgi da`wirlerden baslap 1917-jılg`a shekemgi shet eller basıp alıwshılarg`a qarsı gu`resleri bayan etilgen bolıp, Spitamen, Maxmud Turabiy, sarvadarlar, 1892-1998 ha`m 1816 jıllardag`ı qozg`alan`lar ken` tu`rde jaratılıp berildi. Ayırım tariyxshılar 1980-jılları milliy azatlıq gu`resleri tariyxına baylanıslı olardı qaralag`an makalaları «Pravda Vostoka» gazetası betlerinde Andijan qozg`alan`ın qaralag`an M.T.Baxabov maqalası dag`azaladı. X.Ziyaev «Pravda Vostoka» gazetasına bul maqalag`a qarsı maqala jawladı. Biraqta onın` bul maqalası gazeta betlerinde dag`azalanbadı. Onnan keyin X.Ziyaev 1898-jılg`ı Andijan ko`terisi tuwralı Tashkentte ilimiy anjuman sho`lkemlestirip, og`an Qazaqstan ha`m Qırg`ızstan wa`killeri qatnastı ha`m X.Ziyavtın` «XIX a`sirdin` 80-90 jıllarda milliy azatlıq ha`reketleri» teması boyınsha islegen teması alımlar ta`repinen qollap-quwatlandı. Anjuman qatnasıwshılarının` bayanatları 1989-jılı X.Ziyaev avtorlıg`ında «XIX a`sirdin` ekinshi yarımı XX a`sir baslarında Orta Aziya ha`m Qazaqstanda milliy azatlıq ha`reketleri tariyxı ha`m tariyxnaması» atı menen basıp shıg`arıldı ha`m og`an bul ko`teriliske unamlı baha berildi.

Sovet da`wirindegi tariyxıy shıg`armalarında X.Zıyaev ta sol da`wirdegi basqa tariyxshılarg`a uqsap azatlıq ha`reketleri tariyxın klasslıq gu`res ko`z-

[1] Зиёев Х. 1916 йилги қўзғолон қатнашчилари. Т., 1977

qarasınan ta`riyplegeni belgili. Sonday-aq qozg`alan`larg`a qosılg`an ayırım jergilikli joqarı qatlam wa`killerinin` xızmetleri qaralanıp, bir ta`repleme bahalanıp xalıq qozg`alan`ı ulıwma Rossiya revolyutsiyalıq is-ha`reketleri ajıralmas bo`legi sıpatında patshalıqqa qarsı qaratılg`anlıg`ı haqqındag`ı ideya aldın`g`ı qatarg`a shıqtı. Sol da`wirde bul ma`seleleni Rossiyadan ajıralıp, g`a`rezsizlikke ha`m azatlıqqa shıg`ıw ushın alıp barılg`an gu`resler sıpatında ko`rsetiw mu`mkin emes edi. Haqıyqatında da qozg`alan`lardın` tiykarg`ı mazmunı a`ne usı bag`darg`a iye edi.

G`a`rezsizlik jıllarında X.Ziyaev sovetler da`wirinde jol qoyg`an qa`telerin duzetiwge eristi. «G`alayon» (O’zbekiston adabiyoti va san`ti» gazetasi. 1991 yil 6 sentyabr`), «1916 yilgi milliy-ozodlik harakati» («O’zbekston ijtimoiy fanlari» jurnali. 1991 yil 7 son), «Quzg`olon» («Sharq yulduzi» jurnali. 1992 yil 3-son), «Ozodlik uchun to’kilgan qonlar» (Toshkent 2007 yil) ha`m basqa da kitaplarında Tu`rkistanda milliy azatlıq gu`res tariyxına baha berildi. 1996-jılda Tu`rkistandag`ı milliy azatlıq gu`resinin` seksen jıllıg`ı Xamid Ziyaevtın` usınısı boyınsha belgilew a`melge asırıldı. Usıg`an baylanıslı ilimiy ilajlar o`tkerilip ilimiy maqalalar basıp shıg`arıldı, ilimiy anjumanlar, konferentsiya ha`m seminarlar o`tkerildi. Onın` basshılıg`ında 1916-jılg`ı ko`terilis tuwralı tariyxshı O.Suyunovanın` atqarıwında kandidatlıq dissertatsiya tayarlandı. O.Suyunova «Sırda`r`ya wa`layatında 1916-jılg`ı qozg`alan`» degen temada kandidatlıq dissertatsiya jaqlap shıqtı. Sonın` menen birge onın` basshılıg`ında A.Xudayqulov «Jadidlerdin` bilimlendiriw tarawındag`ı xızmetler haqqında» kandidatlıq dissertatsiya jaqladı.

G`a`rezsizlikke eriskennen keyin X.Ziyaev o`zinin` ilimiy izertlew ha`m tariyx ilimin ken` tarqatıw tarawındag`ı u`lken ku`sh penen, g`ayrat penen g`a`rezsizlik, erkinlik ha`m ku`sh-quwat penen tariyx ilimin rawajlandırıwg`a u`lken u`les qostı. Ol g`a`rezsizlikti ha`m g`a`rezsizlik jılların o`zinin` baxıtlı jılları dep esaplap, O`zbekistannın` o`tmish tariyxı ha`m ha`zirgi zamanının` a`hmiyetli ma`seleleri boyınsha qımbatlı ha`m teren` miynetler jazdı. «O’zbekiston adabiyoti va san`ati» gazetasında 1991-jılı 22-noyabr`, 5-dekabr` sanlarında «Istiqlol uchun kurash» degen maqalası jariyalandı. Bul maqalalarda Oktyabr` revolyutsiyası

negizinde ma`mleket awdarıspag`ı bolg`anlıg`ı, bol`shevikler jawızlıg`ı ha`m talan-tarajları, baspashılıq ha`reketi negizinde milliy azatlıq gu`resi ekenligine baylanıslı teren` pikirlerdi bayan etti. Sonday-aq maqalada sovet ma`mleketinin` ko`p jıllar boyı xalıqtın` mal-mu`lkin talap wayrangershilik etkenligi, qısım ha`m qatag`anlar arasında mın`lap adamlardın` jastıg`ı qurg`anlıg`ı, sovet du`zimi ju`rgizgen kolloniyalıq ha`m ullı milletshilik siyasatının` jawızlıqları tiykarlap berildi.

Sonın` menen birge g`arezsizliktin` qa`dir-kımbatına jetiw ha`m bekkemlew ushın guresiwge shaqırdı. X.Ziyaev g`a`rezsizliktin` tikleniwine Prezident I.A.Karimovtın` xızmetlerine joqarı baha berdi. «Men Islam Karimov penen jeke tanıs emespen. Lekin ol adamnın` xızmetlerin tariyxshı sıpatında baqlap kelemen»,- dep keyingi waqıtlarda O`zbekistang`a basshılıq etken eki basshının` islegen isleri menen salıstırıp, I. Karimovtın` islerine ju`da joqarı baha bergen edi. O`zinin` jazg`an maqalasında Islam Karimov a`tirapına ja`ne de bekkemirek ja`mlesiw ideyasın alg`a su`rgen edi. «Wzbekiston ovozi» ha`m basqada gazetalarındag`ı maqalalarında sovet da`wirinin` qa`teleri, a`sirese tariyx ilimndegi ju`z bergen ka`te-kemshiliklerine o`z pikir ha`m mu`na`sibetlerin bildirdi. Xamid Ziyaev o`zinin` ko`plegen maqalalarında Tu`rkistan xalıqlarının` arasındag`ı baylanıslarg`a u`lken itibar berdi. 1993-jılı Perzident Islam Karimovtın` usınısı menen Tashkent qalasında Oraylıq Aziya ma`mleketlerinin` o`z-ara doslıq, birge islesiw ha`m awqamlıqtı ja`ne de bekkemlew ma`selesi boyınsha ushırasıw o`tkizilgen edi. X.Ziyaev mine usı ushırasıwda qoyılg`an ma`seleler tariyx sınawdan o`tkenligin tastıyıqlawshı «Turkiston istiqboli» maqalasında («O'zbekiston adabiyoti va san`ati» gazetasi T. 1993 yil 3 mart) ma`mleketimiz birdemligi ha`m xamqorligi u`lken natiyje bergenligi ha`m onı dawam ettiriw ushın tariyxıy qa`liplesken zamin negiz barlıg`ı tuwralı mag`lıwmatlar keltirgen edi.[1] 1994-jılda O`zbekistan, Qazaqstan ha`m Qırg`ızstan Prezidentleri birden-bir ekonomikalıq du`zimdi jaratıw haqqındag`ı pitimge qol qoyg`anlarında X.Ziyaev

[1] Зиёев Х. Туркистон истиқболи. // «Ўзбекистон адабиёти ва санъати» 1993 йил 3-март

regionnın` tariyxıy birligi temasına qaytıp, «Tariyx sınawınan o`tken birden-bir ekonomikalıq du`zim» maqalasın jazdı ha`m dag`azaladı.[1]

Tariyxshı ilimpaz Xamid Ziyaev sovet da`wirindegi tariyx ilimindegi qa`te-kemshiliklerge toqtap o`tip, xalqımızdın` tariyxındag`ı qa`teliklerdi ashıp taslap, tariyxımızdı tu`p tamırınan qayta jazıw kerek dep o`z dawısın qosqan ha`m tariyxımızdı azatlıq ha`m g`a`rezsizlik ruwxında qayta jazıwdın` ta`repdarı bolg`anlardın` birinen esaplanadı. Ol o`zinin` «Watan tariyxın qanday etip oqıw kerek» degen maqalasında O`zbekistan tariıyxının` ayırım mashqalalarının` teren` u`yrenilmey atırg`anlıg`ın teren` tu`rde sın astına alıp o`z pikirlerin bergen. X.Ziyaev o`zinin` jazg`an maqalalarında tariyx pa`ni ja`miyettin` ruwxıy ku`shi ekeligin ko`rsetiwge u`lken itibar bergen. Ol orta a`siregi jasap o`tken Shaxabiddin Muxammad Nasaviydin` to`mendegi so`zlerin o`z shıg`armalarında keltirgen:

Kimde-kim tutpasa qa`libinde tariyxtı,
Ol insan ha`m emes alım ha`m emes,
Biraq kim oqısa o`tmishini,
Kup bayıtar o`z turmısın.[2]

Sonday-aq alım X.Ziyaev g`a`rezsizliktin` a`hmiyetine joqarı baha berip bizlerdey bolıp qansız to`gilmesten g`arezsizlikke eriskende edi ata-babalarımız bir qasıq suw menen de nan menen jasawg`a razı bolar edi dep o`tkinshi qıyınshılıqlarg`a shıdam beriwge watanlasların shaqırqan.

Ol o`zinin` jazg`an maqalalarında ha`m shıg`ıp so`ylegen so`zlerinde burıng`ı sovet da`wirinin` mazmunı ha`m ma`nisi tuwralı da ko`plegen pikirlerdi ortag`a saldı. Ol o`z makalalarında sovet da`wirinde jeke mu`lktin` bolmag`anlıg`ı, totalitar du`zimnin` ha`m qatag`anlıqtın` u`stemlik etkenligin, barlıq janlı ha`m jansız zatlardı ma`mleketlik mu`lkke aynaldırg`anlıg`ı, erkin sawda-satıqtı joq etip, egin maydanların, jaylawlardı, taw ha`m taslardı, sho`listanlardı, suw ha`m tabiyattag`ı barlıq baylıqlardı ma`mleketlik mu`lkke aynaldırg`anlıg`ın ayrıqsha atap o`tken.

---

[1] Тарих синовларидан ўткан бирдан бир иқтисодий тузум.// «Ўзбекистон авози» газетаси 1994 йил 12-май
[2] «Курашларга чиниқган халқ»// «O'zbekiston ovozi» gazetası 1993 yil 31 iyul

Sonın` menen birge barlıq mekemeler, ka`rxanalar, orta ha`m joqarı oqıw orınları da ma`mleketlik mu`lk bolg`anlıg`ın ayta otırıp, a`sirese dinge qarsı shıgıp, dinsiz ja`miyetti payda etiwi bul barıp turg`an qayg`ı boldı dep ko`rsetedi. Xalıqtın` sana-sezimine zorlıq penen xalıqqa jat bolg`an kommunistlik ideologiya sin`dirildi. Puqaralar siyasiy ha`m insanıy huqıqlarınan ayrılıp, ju`da juwas, ne aytsa labbay dewshilerge, orınlawshılarg`a aynaldırıldı. Xalıq massası barlıq waqıtta tekseriwler ha`m qadag`alawlar astında jasadı. Sırtqı du`n`ya menen tikkeley baylanıs jasaw mu`mkinshiliginen ayrıldı Adamlar ortasında «Biz partiyanın` soldatlarımız ha`mde ma`mleket adamları degen so`zler qa`liplesip qaldı. Partiyanı ko`klerge ko`terip maqtawlar a`detke aynalıp, olarg`a qarsı pikirler bildiriw mu`mkinshilikten shette qaldı. Erkin sawda-satıqtın` joq etiliwi, jerge bolg`an iyeliktin` saplastırılıwı, dinnin` kuwdalanıwı, din iyelerinin` su`rginge ushırawı X.Ziyaevtın` ko`rsetiwinshe sotsializm du`zimi emes, al quldarlıq ja`miyeti ju`zege keldi» dep jazadı.

Xamid Ziyaev o`zinin` maqalalarında O`zbekistanda o`tmish zamanlarda ullı ma`mleketlerdin` payda bolıwı, olar ortasındag`ı taxt ha`m baylıq ushın ba`rha`ma bolıp turg`an gu`resler natiyjesinde qulag`anlıg`ı tuwralı ko`plegen tariyxıy faktlerdi keltiredi. Xamid Ziyaev sovet zamanında bolg`an ha`r tu`rli qıyınshılıqlardı o`z ko`zi menen ko`rgenlerin jazg`an maqalalarında ko`rsetip berdi. «Tariyx artqa qaytpaydı» maqalası[1] «Wzbekiston ovozi» gazetasında basılıp, sovet da`wirinde on millionlag`an adamlar qırılg`anlıg`ın, ko`plegen biyguna adamlar qamaqxanalarda ha`m su`rginlerde azap shekkenlikleri tuwralı jazadı. Ol o`z maqalarında sovet da`wrinin` ideologiyasının` push ekeligi, g`arezsizlik ha`m azatlıq da`wirinde insan erkin turmıs keshiriw mu`mkinligin ko`rsetip bergen. Ol «Wzbekiston ovozi» gazetası betlerinde g`a`rezsizlik tariyxın u`yreniwge kirisip, ko`plegen maqalalar jazıp, onda «Tariyx ha`m haqıyqat» atlı maqalasında g`a`rezsizlik da`wirinin` o`zgerisleri menen birge sovet da`wirindegi o`zgerislerge de toqtap o`tken. Onda sovet da`wirinde ilim ha`m ma`deniyat tarawındag`ı o`zgerislergede toqtap, ol waqıtta bul tarawlarda u`lken o`zgerisler

[1] «Тарих ортга қайтмайди»// «Ўзбекистон адабиёти ва санъати» газетаси 1993 йил, 24 апрель

a`melge asırılg`anlıg`ın, ko`plegen sanaat karxanaları qurılg`anlıg`ın ayta kelip, olardı biykarlaw a`dalatlı is emes. Ol bul o`zgerislerdi keyingi bir ju`z otız jıl ishinde O`zbekstannan alıp ketilgen ha`r tu`rli baylıqlar menen salıstırsaq ten`izden bir tamshıdır,- dep jazadı.

Xamid Ziyaev g`a`rezsizlik tariyxına arnap jazg`an u`lken shıg`armalarınan 1998-jıl baspadan shıqqan «Tu`rkistanda Rossiya koloniyası u`stemligine qarsı gu`res» degen u`lken monografiyası ilimpazdın` ko`p jıllar boyına Tu`rkistan xalıqlarının` tariyxı boyınsha ju`rgizgen tabıslı jumıslarının` na`tiyjesi dep esaplawg`a boladı. Bul shıg`armanı jazıw ushın avtordın` ulıwma kolonializm da`wirinin` tariyxın teren` biliwi, du`n`ya istoriografiyasına tiyisli ko`p ha`m u`lken a`hmiyetke iye mag`lıwmatlarg`a iye bolg`an dep oylaymız. Bul shıg`armada Rossiya imperiyasının` ko`p jıllar boyı bul u`lken geografiyalıq territoriyada alıp barg`an siyasatı, Rossiyanın` bul jerlerde bir neshshe a`sirler dawamında ju`rgizgen basıp alıwshılıq urısları ha`m og`an qarsı jergilikli xalıqlardın` u`zliksiz alıp barg`an batırlıq gu`resleri ha`mde koloniallık siyasattın` barlıq ta`repleri O`zbekistan istoriografiyasında birinshi ma`rtebe ken` ko`lemde ko`rsetilip berilgen.

Tariyxshı alım joqarıda bir neshe ma`rtebe ko`rsetilip o`tilgenindey ol O`zbekistan ha`m Tu`rkistan jerlerinde bolıp o`tken jergilkli xalıqlardın` basıp alıwshılarg`a qarsı ju`rgizgen azatlıq gu`reslerinin` tariyxı boyınsha ko`plegen mag`lıwmatlar jıynap, ko`plegen ilimiy maqalalar ha`m izertlewler ju`rgizgenligin ko`rsetken edik. Ol g`a`rezsizlik jıllarında O`zbekistan xalıqlarının` en` a`yyemgi waqıtlardan baslap g`a`rezsizlikti qolg`a kirgizgenge shekem uzaq da`wirdi o`z ishine alatug`ın u`lken monografiya tayarlap baspadan shıg`ardı. Bul u`lken shıg`armada en` a`yyemgi da`wirlerden baslap watanımız xalıqlarının` a`sirler dawamında u`zliksiz alıp barg`an gu`resleri ken` tu`rde sa`wlelenip u`lken siyasiy ha`m ruwxıy mag`lıwmatlar keltiriliwi kitaptın` u`lken a`hmiyetinen derek beredi.

G`a`rezsizlik jıllarında ilimpazdın` 30 dan aslam maqalaları ha`mde ko`p sanlı ko`rkem a`debiy shıg`armaları baspadan shıg`ıp ken` tariyxshılar ja`miyetshiligine ma`lim boldı. Bul monografiya ha`m kitaplardı oqıw arqalı

oqıwshılarda ulıwma ja`miyetshiligimizde tariyxımızdın` burınları u`yrenilmegen betleri ken` tu`rde ko`rsetilip berildi. Olardın` arasınan «Istihlol - ma`naviyat negizi», «Tarix o'tmish va kelajak negizi», «Wzbekistonda paxta yakka hokimligi va kelajak ko'zgusi», «Sibir ha`m Volga boylarındag`ı o`zbekler», «Tariyxtın` ashılmag`an sırları» ha`m basqada miynetleri, olardın` bir qanshaların jumıstın` bibliografiyalık ko`rsetkishinde ko`rsetiwge xa`reket etemiz.

Xamid Ziyaev o`zinin` barlıq jazg`an miynetlerinde tek g`ana O`zbekistan xalıqlarının` tariyxı menen sheklenip qalmastan pu`tkil Oraylık Aziya xalıqlarının` tariyxı menen de teren` tu`rde shug`ıllandı. Onın` ilimiy qızıg`ıwshılıg`ı ko`p da`wirlerdi ha`m ko`p a`sirlerdi o`z ishine alıp, ol a`yyemgi da`wirdegi ata-babalarımızdın` azatlıq jolındag`ı gu`reslerin ko`rsetiwge xa`reket etti. Ol orta a`sir tariyxındag`ı azatlıq gu`reslerinin` tariyxın u`yrendi ha`m jazg`an maqala ha`m kitaplarında ko`rsetip berdi. Ol O`zbekistan jag`dayında birinshiler qatarında akademik Ibrayım Muminov penen birge sovet zamanında kommunistlik ideologiyanın` qılıshınan qan tamıp turg`an waqıtlarda da A`mir Temurdın` islegen islerin keleshek ushın islengenligin ko`rsetip bergen tariyxshılardan boldı. Al keyingi da`wirler, yag`nıy keyingi orta a`sirler da`wirinin` tariyxın u`yreniwde de aktivlik ko`rsetip Rossiyanın` Oraylıq Aziya jerlerinde alıp barg`an kolonializm siyasatın birinshilerden bolıp tu`singen ha`m izertlegen tariyxshılardan boldı. Rossiyanın` Qazaqstan territoriyasında alıp barg`an a`skeriy ha`reketleri, rus a`skerlerinin` Xiywa, Buxara ha`m Qoqand xanlıqları territoriyasındag`ı a`skeriy ha`reketleri tuwralı ko`p sanlı mag`lıwmatlar bergen ilimpaz esaplanadı.

Xamid Ziyaevtın` ilimiy izertlewlerinde joqarıda atap o`tilgenindey tek g`ana O`zbekistan Respublikasının` tariyxı menen sheklenip qalmastan, onın` miynetlerinde Qazaqstan ha`m Qırg`ızstan ha`mde Orta Aziyanın` basqa respublikalarının` tariyxı boyınsha da ko`plegen mag`lıwmatlar ushırasadı. Ol bul respublikalardın` tariyxıshıları menen burıng`ı awqam ko`leminde de do`retiwshilik baylanıslar ornattı. Sonın` menen birge g`arezsizlik jıllarında da bul baylanısların toqtatqan emes. A`sirese, qon`sı Qazaqstan tariyxshıları menen birlikte Rossiyanın` Qazaqstan jerinde alıp barg`an koloniallıq siyasatı tuwralı,

Rossiyanın` bul eller menen siyasiy, ekonomikalıq ha`m ma`deniy baylanısları tuwralı ilimiy jumıslar ju`rgizgen jas ilimiy xızmetkerlerge jakınnan ja`rdem berdi. Sonday-aq, bul tarawda tariyxshı Qazaqstan Respublikasının` Qazaq-Tu`rk universitetinin` tariyxshı alımı Maduanovtın` izertlewlerinde, kitaplarının` baspadan shıg`ıwına, alım bolıp jetilisiwinde, sonın` menen birge Qazaqstan Respublikasının` Taraz institutının` tariyxshı alımı Abdualievtın` kandidatlıq ha`m doktorlıq dissertatsiyasının` jaqlanıwında da ja`rdem bergenligi ma`lim. Bunda mısallardı ko`plep keltiriwge boladı. O`zinin` jazg`an miynetlerinde biz Tu`rkistan xalıqlarının` tariyxı bir-birine aralasıp ketkenligi, olardın` siyasiy ha`m ma`deniy baylanısları a`yyemgi waqıtlardan baslang`anlıg`ı tuwralı tu`siniklerge iye bolamız. A`sirese bul xalıqlar o`z watanın sırtqı basıp alıwshılardın` timsikleniwlerine qarsı birge gu`resler alıp barg`anlıg`ı tuwralı tu`siniklerge iye bolamız.

Xamid Ziyaev miynetlerinde Qaraqalaqstan xalıqlarının` Xiywa xanlıg`ının` tariyxı boyınsha, olardın` azatlıq ha`m g`a`rezsizlik ushın a`sirler dawamında alıp barg`an gu`resleri tuwralı da ko`plegen tariyxıy mag`lıwmatlar, arnawlı maqalalar, a`sirese Xiywa xanlıg`ının` tariyxı, azatlıq ushın gu`res tariyxı, Rossiyanın` bul jerde ju`rgizgen koloniallıq siyasatı tariyxı boyınsha da ko`plegen mag`lıwmatlar tabıwg`a boladı.

Qaraqalpaqstan tariyxshıları Yangibay Dosumov, Sabır Kamalov, Rzambet Kosbergenov, Qıtaybek Sarıbaev, Alpısbay To`reev, Maqset Tleumuratov ha`m basqa da ilimpazlardın` Qaraqalpaqstan tariyxı boyınsha, a`sirese milliy azatlıq tariyxı boyınsha jazg`an miynetlerine baha beriwde, kadrlar tayarlawda onın` atqarg`an xızmetleri de u`lken ekenligi, ha`zirgi waqıtta X.Ziyaevtın` tayarlag`an sha`kirtleri Qaraqalpaqstan tariyxının` ayırım ma`seleleri boyınsha ju`rgizip atırg`an ilimiy jumıslarına basshılıq etpekte. Tariyxımızdı jan`a ko`z-qarastan u`yreniwde, a`sirese g`a`rezsizlik ko`z-qarasınan u`yreniwde onın` islegen isleri keleshekke O`zbekistan g`a`rezsizligine ken` tu`rde xızmet etedi.

## JUWMAQLAW

Tu`rkistan xalıqlarının` g`a`rezsizlik tariyxın izertlew ha`m onı orta ha`m orta arnawlı oqıw orınlarında jaslarg`a oqıtıw ha`zirgi waqıtları u`lken a`hmiyetke iye bolıp, ol xalqımızdın` g`a`rezsizlik ideologiyası ruwxında ta`rbiyalawda u`lken a`hmiyetke iye bolıp esaplanadı. Bul tarawda g`a`rezsizlik jıllarında O`zbekistan tariyxshıları, filosofları, a`debiyatshıları ta`repinen ju`da` ko`plegen jumıslar isledi.

Prezidentimiz Islam Karimov o`zinin` O`zbekistan alımları aldında shıg`ıp so`ylegen so`zlerinde O`zbekistannın` milliy g`a`rezsizligin du`ziw ma`selesin qoydı ha`m O`zbekistannın` tariyxshı alımları ha`m basqada tarawda islewshi gumanitar tarawı xızmetkerleri ju`da` ko`plegen izertlewlerdi a`melge asırdı. Kitaplar, monografiyalar, ilimiy konferentsiyalar, seminarlar tarıyxımızdı teren` u`yreniwge ha`m ilimiy, pedagogikalıq jumıslardı teren`lestiriw ge qaratılg`an keyingi waqıtlardag`ı a`melge asırılıp atırg`an bulardın` ayqın mısalı bolıp esaplanadı.

Usınday islerdin` qatarında tariyxshı alımlarımızda tariyxımız mısalında milliy g`arezsizlik ideologiya printsiplerin qa`liplestiriwge o`zlerinin` bay mu`mkinshiliklerinen ken` tu`rde paydalanbaqta. O`zbekistan ha`m Qaraqalpaqstan tariyxshıları da xalqımızdın` milliy tariyxın, olardın` g`a`rezsizlik ushın alıp barg`an tariyxıy izertlewge, kitaplar jazıwg`a, propogandistlik jumıslardı en jaydırıwda g`a`rezsizlik ideyasınan ruwxlanıp birqansha jumıslardı a`melge asırmaqta. Usınday jumıslardı atqarıp atırg`an alımlarımızdın` biri O`zbekistan Respublikasına miyneti singen ilim g`ayratkeri professor Xamid Ziyaev bolıp, ol O`zbekistan ha`m Orta Aziya tariyxı boyınsha qırıqtan aslam kitaplar bes juzge jaqın maqalalar jazdı. G`a`rezsizlik jılarında Orta Aziya xalıqlarının` azatlıq gu`res tarıyxı, g`a`rezsizlik ushın gu`res tariyxı boyınsha ju`da` ko`plegen jumıslardı a`melge asırdı. Onın` jazg`an kitapların, maqlaların uyreniw, olardı ken` xalıq massasının` sanasına sindiriw ha`zirgi waqıtta tariyxshılarımızdın` mektep oqıtıwshılarının` a`diwli wazıypalarının` birinen esaplansa jaqsı bolg`an bolar edi, dep oylaymız. Sebebi, bul u`lken tariyxshımız O`zbekistan ulıwma Orta Aziya xalıqlarının` tariyxın teren` bilgen alım bolıw menen birge, ol Rossiyanın` ha`m

dun`ya ju`zilik tariyxıy protsesslerdi teren` bilgen tariyxshı ekenligi ol do`retken ko`p sanlı miynetlerden-aq belgili bolıp otır.

X.Ziyaev islam dininin` tariyxı boyınsha ko`plegen maqalalar jazıp baspa so`z betlerinde dag`azaladı. Ol Quran ka`rimnin` tariyxı boyınsha arnawlı maqala jazg`an ha`m onın` Rossiya imperiyasının` paytaxtına barıp qalıwı tuwralı mag`lıwmatlar keltirilgen.

X.Ziyaev o`zinin` izertlewlerinde Qazaqstan ha`m Orta Aziya jerlerin Rossiya imperiyası ta`repinen basıp alıwın arxivlik materiallar negizinde ko`rsetip bergen ilimpaz. Tu`rkistan ha`m Rossiya ma`selesi boyınsha ol bir neshe monografiyalar do`retti. Yag`nıy «Wrta Osiyo va Sibir», «Wrta Osie va Ural buylari», «Wrta Osie va Volga bwylari», «Uzbeki v Sibiri», «Ekonomicheskie svyazi Sredney Azii s Sibir`yu» atamadag`ı maqalaları jarıq ko`rdi.

Ko`rnekli ilimpaz tariyxıy materiallar ha`m bar bolg`an a`debiyatlar negizinde birinshi na`wbette rus tilindegi tariyxıy derekler arxiv hu`jjetlerine negizlenip, Rossiya ta`repinen qon`sı ma`mleketlerdin` basıp alınıwı tarıyxına u`lken itibar berdi. Rossiya XVI a`sirge kelip ekonomikalıq ha`m siyasiy jaqtan bir qansha rawajlanıw mu`mkinshiliklerine iye bolıp, kon`sı mamleketlerdi basıp alıw siyasatın aktivlik penen ju`rgize baslaydı. Rossiya en` da`slep Volga boyların, Ural dar`yasının` jag`aların, onnan keyin Sibir territoriyasının` jerlerin o`zine qaratıudı maqset etip qoyg`anlıg`ın, bul jerlerdi a`skeriy ha`reketler menen o`zine boysındırg`anlıg`ı ha`mmege ma`lim. Bul jag`daylardın` a`melge asırılıwında Altın Orda ma`mleketinin` ku`l talqan bolıp pa`rshelenip ketiwinde tiykarg`ı sebeplerdin` birinen bolg`anlıg`ı ma`lim. Altın Orda ma`mleketinin` bo`lekleniwi ha`m de Sheybaniy o`zbeklerinin` Orta Aziyag`a keliwleri Qazan xanlıg`ı, Astraxan xanlıg`ının` basıp alıwı Orta Aziya ha`m Qazaqstan jerlerine qaray ruslardın` kiriwine ken` mu`mkinshilikler ashıp bergenlikleri tuwralı professor Xamid Ziyaevtın` miynetlerinde ju`da` ko`plegen mag`ıwmatlar keltirilgen.

Tariyxtan ma`lim bolıwınsha XVIII a`sirdin` otızınshı jıllarınan baslap Rossiya imperiyası Qazaqstan dalalarının` bir qansha jerlerin iyelegen. Onın` aldında Jayıq boyların iyelep qalalar salg`an, ma`selen, XVII a`sirde Ural`sk

qalasının` salınıwı bunın` ayqın mısalı boladı. Sol da`wirlerden baslap Kazaqstan jerlerinde qalalar, awıllar, qorg`anlar salıp, keleshekte Orta Aziyadag`ı o`zbek xanlıqların basıp alıw maqsetinde ko`plegen izertlewler, ekspeditsiyalar, elshixanalar ha`m basqa da usınday ila`jlardı a`melge asırg`an. Tariyxtan ma`lim bolg`anınday Rossiya imperiyası o`zbek xanlıqların a`skeriy ku`sh penen basıp aldı. Tariyxshı X. Ziyaev o`zinin` izertlewlerin O`zbekistan jerlerinin` Rossiya imperiyası ta`repinen a`skeriy atlanıslar arqalı, urıslar menen basıp alınıw tarıyxın izertlewge bag`ıshladı ha`m bul tarawda ju`da` ko`plegen tabıslı islerdi a`melge asırdı.

X.Ziyaevtin` en` tiykarg`i’ izertlewi «O`zbekistan g`a`rezsizligi ushi’n gu`reslerinin` tariyxi’» dep atali’p, ol O`zbekistan mustaqillig`i’ni’i’n` 10 ji’lli’g`i’na bag`i’shlani’p, Tashkentten «Sharq» baspaxanasi’nan shi’qqan. Bul kitap kitapta erami’zdan aldi’ng`i’ a`sirlerden baslap O`zbekistan Respublikasi’ni’n` 1991-ji’l 31-avgusti’na shekemgi da`wirleri arali’g`i’nda o`zbek xalqi’ni’n` azatli’q ushi’n ali’p barg`an gu`resleri ha`m bu`gingi ku`ndegi g`a`rezsizlik bul tosattan qolg`a kirigizilgen na`rse emes, al ko`p a`sirlerden beri xalqi’mi’zdi’n` arzi’w-a`rmanlari’ ha`m og`an jetisiw joli’nda qanshelli qan to`gispelerdin` bolg`anli’g`i’n jergilikli ha`m Rossiya arxivlari’nan, rus g`alaba xabar qurallari’ ha`m a`debiyatlari’nan ali’ng`an tu`rli mag`li’wmatlardi’ sali’sti’ri’w ha`m uli’wmalasti’ri’w tiykari’nda jazg`an.

Ha`mmege belgili tariyx ilimin rawajlandıratug`ın onın` tariyxshı alımları boladı. Xamid Ziyaevtın` miynetlerin uyreniw keleshekte tariyxtanıwshı alımlardın` wazıypası bolıp esaplanıwı kerek. Sebebi tariyxtanıw tariyx iliminin` rawjlanıwında u`lken xızmetler atqarıwı kerek. Tariyx iliminin` tariyxın, onın` ayrım wakillerinin` xızmetlerin, ayırım mashqalalardın` izertleniw tarıyxında ko`rsetiwi kerek. Bul tarawda islenetug`ın islerimiz ele barshılıq.

## Paydalang`an a`debiyatlar dizimi

### O`zbekstan Respublikası Prezidenti İ.A.Karimovtın` miynetleri:


1 Karimov İ. Tarixiy xotirasiz kelajak yuq. 7-t. T., «Uzbekiston», 1999.
2 Karimov İ. Uzbekiston XXI asrga intilmoqda. T., «Uzbekiston», 1999.
3 Karimov İ. Qaraqalpaq u`lkesinin` mu`mkinshiligin ju`zege shıg`arıw, adamlar turmısın ja`ne de jaqsılaw - a`hmiyetli wazıypa. 10-t. T., «Uzbekiston», 2002.
4 Karimov İ. Yuksak ma`naviyat - engilmas kuch. 16-t. T., «Ma`naviyat», 2008.
5 Karimov İ. Uzbeksiton mustiqillikka erishish ostonasida. T., 2011.


### Tiykarg`ı a`debiyatlar:


1 Drevnie avtorı o Sredney Azii. Tashkent, 1940
2 Ziyaev X. O`rta Osiyo va Sibir` (XVI-XIX asrlar). Toshkent, 1962.
3 Ziyaev X. O`zbekistonda 1916 yilgi xalq qo`zg`olonining katnashchilari. Toshkent, 1976.
4 Ziyaev X. Turkistonda ozodlik harakatlari tarixidan. Toshkent, 1977
5 Ziyaev X. O`zbekiston paxtachiligi tarixidan. Toshkent, 1980
6 Turkistonda Rossiya tajovuzi va hukmronligiga qarshi kurash (XVIII-XX asrning boshlari). Toshkent, 1998
7 Ziyaev X. Istiqlol - ma`naviyat negizi. Toshkent, 1999
8 Ziyaev X. Tarix o`tmish va kelajak ko`zgusi (tarixning dolzarb masalalari). Toshkent, 2000
9 Ziyaev X. O`zbekiston mustaqilligi uchun kurashlar tarixi (miloddan avvalgi asrlardan to 1991 yil 31 avgustgacha). Toshkent, 2001
10 Ziyaev X. O`zbek xonliklari chorizm asoratida (XIX asrning 50-70 yillari). Toshkent, 1943
11 Ziyaev X. Tarixning ochilmagan sahifalari. Toshkent, 2003
12 Ziyaev X. Amir Temur saltanati va taqdiri. Toshkent, 2008
13 Saidkulov T. Ocherki istoriografii narodov Sredney Azii. T., 1992

14 Tlewmuratov M. Qaraqalpaq poeziyası-tariyxıy derek. N. 1994

15 Tleumuratov M. İstoricheskie i kul`turnıe svyazi karakalpakov s Rossiey i Bashkiriey v XVIII-nachale XX vv. N. 1993

**İlimiy jurnal ha`m gazeta materialları:**

1 «Istiqlol uchun kurash»// «O’zbekiston adabiyoti va san`ati» gazetasında 1991-jılı 22-noyabr`, 5-dekabr` №45 (12546)

2 Turkiston istiqboli. // «O’zbekiston adabiyoti va san`ati» 1993 yil 3-mart №11 (9445)

3 Tarix sinovlaridan wtkan birdan bir iqtisodiy tuzum.// « O’zbekiston avozi» gazetasi 1994 yil 12-may №21 (23143)

4 «Kurashlarga chiniqgan xalq»// «O’zbekiston ovozi» gazetası 1993 yil 31 iyul №32 (26451)

5 «Tarix ortga qaytmaydi»// « O’zbekiston adabiyoti va san`ati» gazetasi 1993 yil, 24 aprel` №17 (10221)

**İnternet saytları:**

1 http: // www.google.uz.

2 http: // www.dilib.uz.

3 http: // www.natlib.uz.

4 http: // www.saboq.uz.